देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

बुध
26 अगस्त, 2026
पटना

साओन, शुक्ल पक्ष, चतुर्दशी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

जं पुरुष कोनो देशक शान अछि, तं महिला ओकर नींव अछि।

- सरोजिनी नायडू

RNI No : BIHMAI/2010/33053 | वर्ष: 16, अंक : 344 | Website: mithilasamadiya.com | editorsamadiya.mithila@gmail.com | आमंत्रण मूल्य : 3:00

# पटना मे छात्र सभ पर लाठीचार्ज, पथराव मे डीएसपी घायल, वाटर कैनन चलल, सीआरपीएफ सं झड़प



**पटना, समदिया**

बीपीएससी टीआरई-4 मे प्रारंभिक परीक्षा आ मुख्य परीक्षा, नकारात्मक अंक समाप्त करबाक तथा शत-प्रतिशत स्थानीय निवासीक प्रावधानक मांग कें लए कए पटनाक गर्दनीबाग मे छात्र सभक आंदोलन मंगल कें उग्र भए उठल। मंगलदिन ऑल बिहार स्टूडेंट यूनियन (एबीएसयू) केर छात्र मुख्यमंत्री आवासक घेराव करबाक लेल निकललाह। छात्र सभ कें रोकबाक लेल जेपी गोलंबर पर पुलिसक संग सीआरपीएफ जवान सभ कें सेहो तैनात कयल गेल छल। मुदा छात्र बैरिकेड तोड़ैत डाकबंगला धरि पहुंचि गेलाह। एहि क्रम मे छात्र आ सीआरपीएफ जवानक बीच धक्का-मुक्की सेहो भेल। प्रदर्शनक दौरान एक छात्रक माथ फूटि गेल, जखन कि एक छात्रा बेहोश भए गेली। पुलिस छात्र सभ कें रोकबाक लेल वाटर कैनन सं पानि छोड़लक। पानिक बौछारक बीच प्रदर्शन करैत छात्र सभ शैंपू लगा कए नहाइत सेहो देखल गेलाह। किछु छात्र पुलिस दिस पथराव सेहो केलनि, जाहि मे टाउन डीएसपी कामाख्या नारायण सिंह घायल भए गेलाह। कतेको पुलिसकर्मी कें सेहो चोट लागल अछि। स्थिति बिगड़ैत देखि पुलिस लाठीचार्ज केलक। किछु छात्र कें दौड़ा-दौड़ा कए पीटबाक आरोप अछि। पुलिस किछु छात्र कें हिरासत मे सेहो लेने अछि। प्रदर्शनक बीच एकटा बख्तरबंद गाड़ी सेहो बजाओल गेल। एहि प्रकारक गाड़ी सामान्यतः नक्सल प्रभावित क्षेत्र मे उपयोग कयल जाइत अछि। पटनाक गर्दनीबाग मे छात्र सभ 18 अगस्त सं धरना पर बैसल छथि।

**टीआरई-4 परीक्षा मे बदलावक मांग लए कए सड़क पर उतरल छात्र सभ**

### सीजेपी नेता सौरभ दास कहलनि, पूरा सिस्टम चरमरा गेल अछि

पटना मे छात्र सभक आंदोलन पर सीजेपी नेता सौरभ दास कहलनि जे पूरा व्यवस्था चरमराइत देखाइत अछि। हुनकर अनुसार भारत मे एहन दृश्य देखला पर विश्वास करब कठिन अछि। ओ कहलनि जे आरंभ सं उदासीनता, अयोग्यता आ भ्रष्टाचार कें हिंदू-मुस्लिम तथा अल्पसंख्यक विरोधी राजनीतिक पर्दा पाछां नुकाओल जाइत रहल अछि, मुदा आब ओहि राजनीतिक समय सेहो समाप्त होमय पर अछि।

### 13 दिन सं धरना पर बैसल छथि छात्र सब

आंदोलनरत छात्र सभक कहब अछि जे ओ सभ 13 अगस्त सं धरना पर बैसल छथि। हुनका सभक कहब अछि जे नहेबाक-धोबाक ठेकान नहि अछि आ भोजनक सेहो समुचित व्यवस्था नहि अछि। छात्र सभक मांग अछि जे टीआरई-1, टीआरई-2 आ टीआरई-3 मे जाहि प्रकार एकल परीक्षा भेल छल आ नकारात्मक अंक नहि छल, तहिना टीआरई-4 केर परीक्षा सेहो एकल परीक्षाक रूप मे कराओल जाय। एक छात्र कहलनि जे शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी शिक्षा व्यवस्था सुधारक बात करैत छथि। छात्र सभ शिक्षकक चयनक बाद विद्यालय मे हुनकर कार्यप्रणाली पर सेहो प्रश्न उठौने छथि।

## नर्सिंग छात्र सभ पर सेहो चलल लाठी

पटनाक जक्कनपुर थाना क्षेत्र मे बिहार स्वास्थ्य विज्ञान विश्वविद्यालयक बाहर छात्र सभक प्रदर्शन मंगलदिन सेहो जारी रहल। परिणाम मे गड़बड़ीक आशंका कें लए कए पैघ संख्या मे छात्र विश्वविद्यालयक बाहर जुटलाह आ जोरदार हंगामा केलनि। प्रदर्शनक दौरान छात्र आ पुलिसकर्मी सभक बीच झड़प भेल, जाहि मे किछु छात्रक संग तीन पुलिसकर्मी घायल भए गेलाह। घायल पुलिसकर्मी मे थाना अध्यक्ष ऋतुराज सिंह, सिपाही जितेंद्र कुमार आ सिपाही सुमन कुमारी शामिल छथि। हंगामाक दौरान सड़क सं गुजरैत किछु यात्रीक गाड़ी सभक शीशा सेहो तोड़ि देल गेल। सूचना भेटलाक बाद पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि स्थिति नियंत्रण मे अनबाक प्रयास शुरू केलक। विश्वविद्यालयक बाहर तनावक स्थिति बनल रहल।

**एक नजरि**

### आब अंतरजातीय विवाह पर बिहार सरकार देत 2.5 लाख टाका

**पटना :** बिहार सरकार अंतरजातीय विवाह पर देल जायबला आर्थिक सहायता बढ़ेबाक निर्णय लेने अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मंगलदिन एकर जानकारी देलनि। हुनकर अनुसार, जं अनुसूचित जाति-अनुसूचित जनजाति वर्गक महिला अंतरजातीय विवाह करैत छथि तं राज्य सरकार दिस सं ढाई लाख टाका सहायता देल जायत। पहिने राज्य सरकार दिस सं एक लाख टाका आ केंद्र सरकार दिस सं सवा लाख टाका सहायता देबाक प्रावधान छल।

### सुपौल मे कटाव पीड़ित लोक सभ देलनि धरना

**सुपौल:** जिला मुख्यालयक घूरन पंचायतक वार्ड नंबर-6 मे कोसी नदीक कटाव तेज भए रहल अछि। नदीक कात बसल परिवार सभक सोझां घर आ जमीन बचेबाक संकट ठाढ़ भए गेल अछि। कतेको घर कटावक चपेट मे आबि नदी मे समा गेल अछि, जखन कि दर्जनो मकान पर खतरा मंडरा रहल अछि।

# समस्तीपुर मे डबल मर्डर : चक्कू घोपि कए पति-पत्नीक हत्या

**शरीर आ गर्दनि पर भेटल धारदार हथियारक निशान**

**समस्तीपुर, समदिया**

समस्तीपुर मे सोमदिन देर राति घर मे सुतल पति-पत्नीक हत्या कए देल गेल। दुनू पर चाकू सं प्रहार कयल गेल अछि। मंगलदिन भोरे बहुत देर धरि दुनू घर सं बाहर नहि निकललाह। तकर बाद लगपासक लोक झोपड़ी मे हुलकी दए कए देखलक तं दुनूक शव जमीन पर पड़ल छल। घटना सामने अबितहि पूरा इलाका मे सनसनी पसरि गेल। मृतकक पहिचान भरपुरा निवासी बंगाली दास (75) आ हुनकर पत्नी धानो देवी (70) केर रूप मे भेल अछि। दुनू सड़कक कात मे झोपड़ी बना कए एकाकी रहैत छलाह। हुनकर परिवारक अधिकांश सदस्य परदेश मे रहैत छथि। स्थानीय लोकक अनुसार पति-पत्नी बहुत दिन सं एहि झोपड़ी मे रहि कए कोनो तरहें अपन जीवन-यापन करैत छलाह। घटना



विभूतिपुर थाना क्षेत्रक अछि।

सूचना भेटितहि पुलिसक दल घटनास्थल पर पहुंचल। मामिलाक गंभीरता कें देखैत जांच लेल डीएसपी संजय सिन्हा सेहो घटनास्थल पर पहुंचलाह। पुलिसक अनुसार दुनूक हत्या तेज धारदार हथियार सं प्रहार कए कयल गेल अछि। शरीरक कतेको भाग पर चोट आ घावक निशान भेटल अछि। गर्दनि पर सेहो धारदार हथियार सं प्रहार कयल गेल होयबाक बात सोझां आयल अछि।

### ककरो सं कोनो दुश्मनी नहि छल

मृतकक पड़ोसी राम सिंगर दास कहलनि जे ओ भोरे करीब 7 बजे काज पर निकलि गेल छलाह। एहि बीच हुनका फोन आयल तं ओ वापस घर पर एलाह। हुनकर अनुसार बंगाली दास आ धानो देवी एहि ठाम रहैत छलाह। दुनूक लग दूटा पशु सेहो छल। भोरे दूध लेबाक लेल आबयवला लोक आवाज दए कए वापस चलि गेल। बाद मे लगपासक लोक कें बताओल गेल जे झोपड़ीक भीतर सं कोनो आवाज नहि आबि रहल अछि। तकर बाद पड़ोसी सभ भीतर हुलकी दए कए देखलनि तं दुनूक शव जमीन पर पड़ल छल।

### डीएसपी कहलनि - शीघ्र होयत गिरफ्तारी

डीएसपी संजय सिन्हा कहलनि जे दुनूक हत्या तेज धारदार हथियार सं प्रहार कए कयल गेल अछि। दुनू एकेटा घर मे रहैत छलाह। पुलिस घटनाक सभ पक्षक जांच-पड़ताल कए रहल अछि। हत्याकांड मे संलिप्त बदमाश सभ कें शीघ्र गिरफ्तार कए लेल जायत।

# 30 दिनक भीतर सभ समस्याक समाधान होयत : सीएम सम्राट

- छात्र सभ कें मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी देलनि भरोस

**वैशाली, समदिया**

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी वैशालीक बिदुपुर स्थित बिहार कॉलेज ऑफ इंजीनियरिंग मे सात निश्चय-3 अंतर्गत सभक सम्मान, जीवन आसान अभियानक अंतर्गत विद्यार्थी सहयोग शिविरक आयोजन केलनि। एहि दौरान मुख्यमंत्री छात्र-छात्रा सभ सं सीधा संवाद कए हुनकर समस्या, शिकायत आ सुझाव सुनलनि। ओ छात्र सभ कें भरोस देलनि जे हुनकर शिकायतक अधिकतम 30 दिनक भीतर अंतिम समाधान सुनिश्चित कयल जायत। एहि लेल अधिकारी सभ कें




आवश्यक निर्देश देल गेल।

### प्रत्येक मास होयत विद्यार्थी सहयोग शिविर

मुख्यमंत्री कहलनि जे प्रत्येक मासक चारिम मंगलदिन राज्यक शिक्षण संस्थान सभ मे विद्यार्थी सहयोग शिविर आयोजित कयल जायत। एहि शिविर मे शैक्षणिक व्यवस्था, परीक्षा, छात्रावास, पेयजल, शौचालय, भोजनालय सहित विद्यार्थी सभ सं जुड़ल समस्या आ सुविधा संबंधी शिकायत तथा सुझाव सुनल जायत। विद्यार्थी सभक सुविधा लेल विद्यार्थी सहयोग पोर्टल आ 1100 हेल्पलाइनक माध्यम सं ऑनलाइन शिकायत आ सुझाव दर्ज करबाक व्यवस्था कयल गेल अछि।




# वैभव सूर्यवंशी 4 गेंद मे 2 विकेट लेलनि: दलीप ट्रॉफी मे ईस्ट जोन दिस सं केलनि गेंदबाजी



**पटना, समदिया**

दलीप ट्रॉफी 2026 केर क्वार्टर फाइनल मे 15 वर्षीय वैभव सूर्यवंशी 4 गेंद मे 2 विकेट लेलनि। ईस्ट जोन दिस सं खेलैत वैभव नॉर्थ ईस्ट जोनक दोसर पारी मे एकेटा ओवर मे 2 विकेट झटकलनि। ओ अपन दोसर ओवरक दोसर गेंद पर किशन लिंगदोह आ पांचम गेंद पर इमलीवाती लेमटूर कें आउट केलनि। वैभव कुल 3 ओवर गेंदबाजी कए 11 रन दए 2 विकेट लेलनि। बल्लेबाजी मे ओ मात्र 8 रन बना सकलाह। एहि मोकाबला मे ईस्ट जोन नॉर्थ ईस्ट जोन कें पारी आ 210 रन सं हरा देलक। आब ईस्ट जोन 30 अगस्त कें सेमीफाइनल मे सेंट्रल जोन सं खेलत।

नॉर्थ ईस्ट जोनक दोसर पारीक 28म ओवर मे वैभव गेंदबाजी करबाक लेल एलाह। ओवरक दोसर गेंद पर किशन लिंगदोह पैघ शॉट खेलबाक प्रयास केलनि, मुदा गेंद बल्ला सं सही ढंग सं नहि लागल। क्षेत्ररक्षक दानिश दास कैच पकड़ि हुनकर पारी समाप्त कए देलनि। लिंगदोहक बाद इमलीवाती लेमटूर क्रीज पर एलाह। ओ पहिल गेंद पर चौका लगौलनि, मुदा वैभव पांचम गेंद पर हुनका सेहो आउट कए देलनि। हुनकर कैच विकेट कीपर ईशान किशन पकड़लनि। एहि तरहें वैभव मात्र 4 गेंद मे 2 विकेट लेलनि।

- वैभव तीन ओवरक गेंदबाजी मे देलनि मात्र 11 रन

### जर्सी पर टेप लगा कए देखौलनि नंबर-3

वैभव दलीप ट्रॉफी मे ईस्ट जोनक जर्सी पर टेप लगा कए अपन पसंदक नंबर-3 देखबैत नजरि एलाह। बल्लेबाजी मे ओ 8 रन बनौलनि। लगातार दूटा चौका लगेलाक बाद ओ ओवरक अंतिम गेंद पर गली मे कैच दए बैसलाह। ईस्ट जोन पहिल पारी मे 467 रनक पैघ स्कोर ठाढ़ केलक। शाहबाज अहमद 167 रन बनौलनि, जे हुनकर प्रथम श्रेणीक क्रिकेट जीवनक सर्वश्रेष्ठ स्कोर अछि। सुदीप कुमार घरामी 146 रन आ कुमार कुशाग्र 55 रनक योगदान देलनि।

जवाब मे नॉर्थ ईस्ट जोनक पहिल पारी मात्र 111 रन पर सिमटि गेल। ईस्ट जोनक अब्हिजित के. सरकार 5 विकेट, जखन कि शाहबाज अहमद 3 विकेट लेलनि। एहि सं ईस्ट जोन कें 356 रनक बढ़त भेटल आ नॉर्थ ईस्ट जोन कें फॉलोऑन देल गेल। फॉलोऑनक बाद नॉर्थ ईस्ट जोनक बल्लेबाज सभ फेर संघर्ष करैत रहलाह। टीम 102 रन पर 8 विकेट गमा चुकल छल आ पारीक हार सं बचबाक लेल 254 रनक आवश्यकता छल। मोहम्मद शमी, मुकेश कुमार, शाहबाज अहमद आ अनुकूल रॉय विकेट निकालि दबाव बनौने रहलाह। एहि बीच वैभव एकेटा ओवर मे 2 विकेट लए कए जीत कें आओर नजदीक कए देलनि।

# बिहार मे पेपरलेस रजिस्ट्री होयत आओर आसान

## डीड राइटरक सर्विस चार्ज आधा, ई-स्टांप लेल खुजत वॉलेट खाता

**पटना, समदिया**

बिहार मे पेपरलेस निबंधन कें सहज बनेबाक लेल दस्तावेजनवीस डिजिटल हस्ताक्षरक उपयोग करताह। सेवा शुल्क घटेबाक संग यूजर आईडी आ वॉलेट खाता जेहन कतेको नव व्यवस्था लागू कएल जाएत।



राज्य ब्यूरो, पटना। राज्य मे पेपरलेस निबंधन कें सहज बनेबाक आ निबंधनक गति तेज करबाक काज मे दस्तावेजनवीस (डीड राइटर वा कातिब) सहयोग करताह। पेपरलेस निबंधनक गतिरोध दूर करबाक लेल सोमदिन मद्य निषेध, उत्पाद आ निबंधन मंत्री मदन सहनी आ दस्तावेजनवीस संघक प्रतिनिधि सभक बीच विकास भवन स्थित कार्यालय मे बैठक भेल।

बैठक मे सहमति बनल जे पेपरलेस निबंधन प्रणाली मे सेवा प्रदाता कें दस्तावेज निबंधन मे डिजिटल हस्ताक्षरक व्यवस्था सुनिश्चित कएल जाएत। सेवा प्रदाता सभ कें विभाग दिस सं शीघ्र यूजर आईडी उपलब्ध कराओल जाएत। सॉफ्टवेयर मे एकपक्षीय निबंधनक व्यवस्था कएल जाएत। सेवा प्रदाता आ दस्तावेजनवीस कें प्रशिक्षण सेहो देल जाएत।

पेपरलेस निबंधन प्रणाली मे संपत्तिक नजरी नक्शा आ पक्षकारक हस्ताक्षर अपलोड करबाक व्यवस्था रहत। भूमि आ संपत्तिक विवरण हिंदी मे अंकित करबाक सुविधा सेहो देल जाएत। बैंक सभक दिस सं मॉर्गेज आ लीज डीड लेल प्रपत्र गठित अछि।

एकर अनुरूप सॉफ्टवेयर मे मॉर्गेज आ लीज डीड लेल व्यवस्था कएल जाएत। लाइसेंस जारी करबाक नियम आ शर्तक विभागीय स्तर पर समीक्षा सेहो कएल जाएत।

एकर अतिरिक्त बैठक मे सेवा प्रदाता सभक हित मे स्कोरक अंतर्गत लेल जाए बला सेवा शुल्कक राशि 1000 रुपैया सं घटा कए 500 रुपैया करबाक निर्णय लेल गेल।

सेवा प्रदाता सभ कें ई-स्टांपक क्रेडिट सीमा खरीदबाक आ राशि केर लेन-देन लेल वॉलेट खाता आ चालू खाता खुलवाओल जाएत। बैठक मे तय भेल जे सेवा प्रदाता सभ कें तकनीकी सहायता उपलब्ध करेबाक लेल संघ द्वारा अनुशंसित अभ्यर्थी कें सहायता रूप मे लाइसेंस देबाक व्यवस्था कएल जाएत।

सेवा प्रदाता सभक उत्तराधिकारी कें अनुकंपाक आधार पर लाइसेंस देबाक व्यवस्था सेहो होएत। सेवा प्रदाता सभक लेल कल्याणकारी योजनाक व्यवस्था करबाक संबंध मे सेहो विचार करबाक निर्णय लेल गेल।

बैठक मे उप निबंधन महानिरीक्षक सुशील कुमार सुमन, डॉ. संजय कुमार, दस्तावेज नवीस संघक प्रदेश अध्यक्ष उदय कुमार सिन्हा, महामंत्री मुरारी कुमार सिन्हा, उपाध्यक्ष राजेश्वर सिन्हा सहित अन्य पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# कंगन घाट पर 92.65 करोड़ सं बनि रहल बहुमंजिला पार्किंग

## 341 कार आ 10 बस ठाढ़ करबाक सुविधा



**पटना, समदिया**

पटना सिटी केर कंगन घाट पर अगिला वर्षक अंत धरि छह मंजिला बहुमंजिला पार्किंग बनि कए तैयार भए जाएत। एहि पार्किंग मे 341 कार आ 10 बस ठाढ़ करबाक सुविधा रहत, जाहि सं पर्यटक सभ कें बहुत सुविधा भेटत। जेपी गंगा पथ सं कंगन घाट मे उतरिते किछु दूरी पर कंगन घाट गुरुद्वाराक सामने खाली भूखंड पर छह मंजिला बहुमंजिला पार्किंगक निर्माण अगिला वर्षक अंत धरि पूरा भए जाएत।

एहि पार्किंग मे 341 कार आ 10 बस ठाढ़ करबाक सुविधा रहत। ई जानकारी सोमदिन निर्माण कंपनीक निदेशक सुमित सिंह कलशी देलनि।ओ बतौलनि जे बिहार राज्य पर्यटन विकास निगम लिमिटेड द्वारा कंगन घाट मे करीब दू एकड़ भूखंड पर छह मंजिला बहुमंजिला पार्किंगक निर्माण जारी अछि।341 कारि आ 10 बसक क्षमता बला एहि पार्किंग मे 16 डोरमेट्री, दू सामान घर, दू कार लिफ्ट आ चारि यात्री लिफ्ट लगाओल जाएत। पार्किंग मे हरियालीक संग बैसबाक स्थान, शौचालय आ स्नानगृहक व्यवस्था सेहो रहत। करीब दू एकड़ भूखंड पर छह मंजिला बहुमंजिला पार्किंगक नींव 17 मार्च कें तख्त श्री हरिमंदिरक जत्थेदार ज्ञानी बलदेव सिंह सिंह साहिबान आ संत सभक संग अरदास कए राखल छलनि। प्रबंधक समितिक अध्यक्ष सरदार जगजोत सिंह सोही कहलनि जे वर्ष 2025 मे तत्कालीन मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक परिकल्पना आब साकार होमय जा रहल अछि। कंगन घाट पर 92.65 करोड़ रुपैयाक लागत सं एकर निर्माण भए रहल अछि। बिहार राज्य पर्यटन विकास निगम लिमिटेड द्वारा पार्किंगक निर्माण भेला सं पर्यटक सभ कें बहुत सुविधा भेटत। तख्त श्री हरिमंदिर, बाललीला गुरुद्वारा, छोटी पटनदेवी सहित अन्य धार्मिक स्थल पर देश-विदेश सं घुमबाक लेल आबनिहार पर्यटक सभ कें वाहन पार्क करबा मे आब समस्या नहि होएत।

# स्वच्छ वायु सर्वेक्षण मे पटनाक वार्ड-9 कें भेटल पहिचान

## देशक 7500 वार्ड मे भेल चयन

### आब विशेषज्ञ टीम करत फील्ड सत्यापन

**पटना, समदिया**

वायु प्रदूषण नियंत्रण आ स्वच्छ हवा दिस पटना नगर निगमक प्रयास कें राष्ट्रीय स्तर पर पहचान भेटल अछि।



**आबादीक आधारपर वार्ड सभ कें 3 श्रेणी मे बांटल गेल अछि**

- **प्रथम श्रेणी: 30 हजार सं बेसी आबादी बला वार्ड**
- **दोसर श्रेणी: 10 हजार सं 30 हजार धरि आबादी बला वार्ड**
- **तेसर श्रेणी: 10 हजार धरि आबादी बला वार्ड**

स्वच्छ वायु सर्वेक्षण-2026 मे नगर निगमक वार्ड संख्या-9 देशभरि केर करीब 7500 वार्ड मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करैत शीर्ष चयनित वार्ड मे स्थान बनौलक अछि।

पर्यावरण, वन आ जलवायु परिवर्तन मंत्रालयक दिस सं देशक 130 शहरक वार्डक स्वच्छ वायु आ प्रदूषण नियंत्रण सं जुड़ल काजक आधार पर मूल्यांकन कएल जा रहल अछि।

### पटना सं तीन वार्डक अनुशंसा

सर्वेक्षणक अंतर्गत पटना नगर निगम पहिल श्रेणी मे वार्ड-43 आ दोसर श्रेणी मे वार्ड-9 तथा वार्ड-34 कें चयन कए प्रमाण सहित स्व-मूल्यांकन रिपोर्ट पोर्टल पर अपलोड केने छल। एहि मे वार्ड-9 राष्ट्रीय स्तर पर अपन श्रेणीक चयनित वार्ड मे स्थान बनौलक अछि।

### 27 वार्डक होयत क्षेत्रीय सत्यापन

सर्वेक्षणक अगिला चरण मे तीनू श्रेणी सं 9-9 शहरक चयन कएल गेल अछि। आब विशेषज्ञक तीन सदस्यीय टीम चयनित कुल 27 वार्ड मे पहुंचि कए स्थल पर सत्यापन करत। एहि दौरान ठोस कचरा प्रबंधन, निर्माण आ विध्वंस अपशिष्ट प्रबंधन, हरित क्षेत्र, वायु प्रदूषण नियंत्रण आ जन-जागरूकता अभियान सहित विभिन्न मानकपर प्रदर्शनक जांच कएल जाएत।

क्षेत्रीय सत्यापनक बाद प्रत्येक श्रेणी सं 3-3 नीक वार्डक चयन कएल जाएत। एहि आधारपर राष्ट्रीय स्तरक आखरी रैंकिंग जारी कएल जाएत।

नगर निगम स्वच्छ हवा लेल नागरिक सभ सं सेहो सहयोगक अपील केने अछि। लोक सभ सं कचरा नहि जरेबाक, छोट दूरी लेल अनावश्यक वाहनक उपयोग सं बचबाक, वाहनक नियमित प्रदूषण जांच करेबाक आ विशेष अवसरपर पौधारोपण करबाक अपील कएल गेल अछि।

# राज्यक 35 पुलिस जिला मे आईबी कार्यालय शुरू

## सभ 40 पुलिस जिला मे इंटेलिजेंस ब्यूरोक कार्यालयक विस्तार कएल जा रहल

**पटना।** खुफिया तंत्र मजबूत करबाक लेल राज्यक सभ 40 पुलिस जिला मे इंटेलिजेंस ब्यूरो कार्यालयक विस्तार कएल जा रहल अछि। एखन धरि 35 जिला मे सरकारी भवनक भीतर ई कार्यालय सक्रिय भए चुकल अछि। शेष 5 जिला मे अगिला 1 मासक भीतर कार्यालय शुरू होबाक उम्मीद अछि। पुलिस मुख्यालय 138 एसआई कें विशेष शाखा मे तैनात केने अछि। प्रत्येक जिला मे 3 सं 4 अधिकारी कें राखल गेल अछि। ई टीम सभ स्थानीय स्तर पर प्रत्येक गतिविधि पर नजरि रखत आ नियमित विराम पर विशेष शाखा कें रिपोर्ट पठाओत। एहि सं संवेदनशील सूचनाक रियल-टाइम निगरानी भए सकत। आईबीक मुख्य ध्यान नेपाल सं सटल 729 किलोमीटर लंबा अंतरराष्ट्रीय खुला सीमा पर रहत। ई सीमा बिहारक 7 जिला–पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, सीतामढ़ी, मधुबनी, सुपौल, अररिया आ किशनगंज सं जुड़ल अछि। एतय घुसपैठ, मानव तस्करी, मादक पदार्थ, जाली नोट आ तस्करी पर रोक लगयबाक लेल विशेष निगरानी राखल जाएत। एकर अतिरिक्त उत्तर प्रदेश, झारखंड आ पश्चिम बंगाल सं सटल अंतरराज्यीय सीमावर्ती जिला मे सेहो नेटवर्कक विस्तार कएल गेल अछि।

# पीएमसीएच मे इमरजेंसी लग खुजत अमृत फार्मा

## 500 वर्ग फीट मे रहत 6 काउंटर, दवाइ लेबाक लेल दूर नहि जेबाक पड़त

**पटना, समदिया**

पीएमसीएच मे रोगी आ हुनकर परिजन कें आब दवा आ मेडिकल सामान लेबाक लेल लंबी दूरी तय नहि करए पड़त। अस्पताल प्रशासन अमृत फार्मा कें मुख्य उपचार क्षेत्रक लग स्थानांतरित करबाक तैयारी पूरा कए लेने अछि। एहि सप्ताह इमरजेंसीक लग एकर नव व्यवस्था शुरू होबाक उम्मीद अछि।




पीएमसीएच अधीक्षक डॉक्टर राजीव कुमार सिंह बतौलनि जे अमृत फार्माक नव ढांचा दिल्ली सं अस्पताल पहुंचि गेल अछि। एहि लेल स्थान सेहो चिह्नित कए लेल गेल अछि। ओ पुष्टि कएलनि जे एहि सप्ताह इमरजेंसीक लग एकरा शुरू करबाक तैयारी अछि। नव स्थान पर दवाक संग रोगीक उपचार मे उपयोग होमय बला आवश्यक मेडिकल सामग्री सेहो उपलब्ध कराओल जाएत।

नव अमृत फार्मा पीएमसीएचक मुख्य भवनक सामने राजेंद्र सर्जिकल ब्लॉकक लग आ इमरजेंसीक ठीक नजदीक स्थापित कएल जाएत। ई स्थान अस्पतालक प्रमुख उपचार क्षेत्रक बीच मे अछि। एहि सं राजेंद्र सर्जिकल ब्लॉक मे उपचार करा रहल रोगी कें दवा लेबाक लेल मात्र करीब 50 मीटर चलए पड़त, आ इमरजेंसी सं सेहो ई दवा केंद्र बिल्कुल लग रहत।

करीब 500 वर्ग फीटक एहि नव व्यवस्था मे 6 काउंटर बनाओल गेल अछि। पैघ क्षेत्रफल रहबाक कारण दवा आ मेडिकल सामग्री कें व्यवस्थित ढंग सं राखबाक सुविधा रहत। रोगीक जरूरत अनुसार अलग-अलग काउंटर सं दवा आ अन्य जरूरी सामान उपलब्ध कराओल जाएत।

### एखन गेट नंबर-2क लग अछि अमृत फार्मा, रोगी कें तय करए पड़ैत अछि लंबा दूरी

फिलहाल पीएमसीएच मे अमृत फार्मा गेट नंबर-2क लग संचालित भए रहल अछि। मुख्य अस्पताल भवन, ओपीडी आ इमरजेंसी सं एकर दूरी बेसी अछि। एहि कारण रोगी आ हुनकर परिजन कें दवा लेबाक लेल करीब 1 सं 1.5 किलोमीटर धरि चलए पड़ैत अछि।

सब सं बेसी परेशानी इमरजेंसी मे भर्ती रोगीक परिजन कें होइत अछि। डॉक्टर द्वारा तत्काल कोनो दवा, इंजेक्शन वा मेडिकल सामग्री लिखल गेल तं परिजन कें अस्पतालक दोसर हिस्सा मे स्थित दवा केंद्र धरि जेबाक पड़ैत अछि। दवा लेलाक बाद फेर इमरजेंसी धरि लौटय मे सेहो समय लगैत अछि।

### इमरजेंसीक रोगी कें भेटत सब सं बेसी लाभ

अमृत फार्मा कें इमरजेंसीक लग स्थानांतरित कएला सं आपात स्थिति मे भर्ती रोगीक परिजन कें सब सं बेसी राहति भेटबाक उम्मीद अछि। डॉक्टर द्वारा तत्काल दवा वा जरूरी मेडिकल सामग्री लिखल गेल तं परिजन किछुए दूरी तय कए ओकरा खरीदि सकताह।

अस्पताल प्रशासनक माननाइ अछि जे एहि सं दवा अनय मे लगनिहार समय कम होयत आ रोगीक उपचार प्रक्रिया सेहो बेसी सुविधाजनक भए जाएत।

### ब्रांडेड दवा संग जरूरी मेडिकल सामग्री

नव अमृत फार्मा मे मात्र सामान्य दवा उपलब्ध नहि रहत। एतय रोगीक उपचार मे उपयोग होमय बला विभिन्न आवश्यक मेडिकल सामग्री राखबाक सेहो तैयारी अछि। इंप्लांट सहित अन्य जरूरी मेडिकल सामान उपलब्ध करेबाक योजना अछि।

ब्रांडेड दवा संग आवश्यक दवाक उपलब्धतापर सेहो जोर देल जा रहल अछि। नव स्थान पर दवा केंद्र शुरू भेलाक बाद पीएमसीएचक मुख्य भवन, राजेंद्र सर्जिकल ब्लॉक आ इमरजेंसी मे आबि रहल रोगी कें दवा लेल अस्पतालक दोसर हिस्सा मे जेबाक जरूरत बहुत कम भए जाएत।

# आईजीआईएमएस मे नर्सिंग स्टाफ सभ केलक प्रदर्शन

## बकाया वेतन आ मानदेय बढ़ेबाक मांग, कहलक- मांग नहि मानल गेल तं हड़ताल करब

**पटना, समदिया**

आईजीआईएमएस मे अनुबंध पर काज कए रहल सैकड़ो नर्सिंग स्टाफ, लैब टेक्नीशियन, क्लर्क, डाटा एंट्री ऑपरेटर आ अन्य तकनीकी तथा गैर-तकनीकी कर्मचारी सभ मंगलदिन प्रदर्शन कएलनि। कर्मचारी सभ बकाया वेतनक भुगतान आ मानदेय मे वृद्धि करबाक मांग कएलनि।



प्रदर्शनकारी कर्मचारी सभ आरोप लगौलनि जे पुरान एजेंसी साईं कम्युनिकेशंसक सेवा जुलाई मे समाप्त भए गेलाक बादो हुनका आखरी मासक पूरा वेतन नहि देल गेल अछि। ओतहि 1 अगस्त सं कार्यभार संभालने नव एजेंसी रजस एंटरप्राइजेज पर सरकार द्वारा निर्धारित न्यूनतम मानदेयक अनुरूप भुगतान नहि करबाक आरोप अछि।कर्मचारी सभक कहब अछि जे ओ सभ पछिला 10 वर्ष सं आईजीआईएमएस मे रोगीक सेवा सं जुड़ल महत्वपूर्ण काज कए रहल छथि। एहि बावजूद हुनकर वेतन, चिकित्सा सुविधा आ छुट्टी जेहन बुनियादी अधिकारक लगातार अनदेखी कएल जा रहल अछि। हुनका सभ बतौलनि जे एजेंसी बदललाक बादो हुनकर समस्या समाधान नहि भेल अछि। कर्मी सभक अनुसार, साईं कम्युनिकेशंसक कार्यकाल मे सेहो हुनका सभ कें कतेको सुविधा सं वंचित राखल गेल। हुनका चिकित्सा सुविधा उपलब्ध नहि कराओल गेल आ नियमानुसार छुट्टीक लाभ सेहो नहि भेटल। कर्मचारी सभ दावा कएलनि जे एहि पूरा मामिला मे अस्पताल प्रशासन कोनो हस्तक्षेप नहि कएलक, जाहि सं हुनकर कठिनाइ आओर बढ़ि गेल अछि।

### नव एजेंसी पर न्यूनतम मजदूरी सं कम भुगतानक आरोप

कर्मचारी सभक सब सं पैघ विरोध नव एजेंसी रजस एंटरप्राइजेज कें लए अछि। हुनकर आरोप अछि जे 1 अगस्त सं नव एजेंसी मात्र करीब 20 प्रतिशत वेतन बढ़ेबाक बात कहलक अछि। कर्मचारी सभक दावा अछि जे ई वृद्धि सरकार द्वारा निर्धारित न्यूनतम मजदूरी आ मानदेयक मानकक अनुरूप नहि अछि। कर्मी सभ कहलनि जे आईजीआईएमएस जेहन पैघ चिकित्सा संस्थान मे नर्सिंग, तकनीकी आ प्रशासनिक काजक जिम्मेदारी निभेनिहार कर्मचारी कें नियमानुसार भुगतान भेटबाक चाही। हुनकर आरोप अछि जे दिन-राति रोगीक सेवा करबाक बादो हुनका उचित मानदेय आ सुविधा नहि भेटि रहल अछि।

### चिकित्सा सुविधा आ सवेतन छुट्टीक सेहो मांग

धरना पर बैसल कर्मचारी सभ चिकित्सा सुविधा आ सवेतन छुट्टीक मांग सेहो उठौलनि। हुनकर कहब अछि जे नव व्यवस्था मे सेहो एहि सुविधा सभक स्पष्ट प्रावधान नहि कएल गेल अछि। कर्मचारी सभ कहलनि जे अस्पताल मे काज कएनिहार कर्मी लेल स्वास्थ्य सुरक्षा आ छुट्टीक व्यवस्था आवश्यक अछि, कारण ओ सभ लगातार रोगी आ अस्पतालक जिम्मेदारीक बीच काज करैत छथि। कर्मचारी सभ चेतावनी देलनि जे जं हुनकर मांगपर शीघ्र सम्मानजनक निर्णय नहि लेल गेल तं आंदोलन कें आओर तेज कएल जाएत। हुनका सभ कहलनि जे जरूरत पड़ल तं प्रदर्शन अनिश्चितकालीन हड़ताल मे बदलल जा सकैत अछि। कर्मचारी सभक कहब अछि जे ओ सभ रोगीक सेवा प्रभावित नहि करय चाहैत छथि, मुदा लगातार अनदेखी होइत रहल तं हुनका सभ आंदोलन कें आओर उग्र करबाक संग अनिश्चितकालीन कार्य बहिष्कारक घोषणा केने छथि।

# 3 किलोवाट सोलर पैनल पर भेटत 98,000 रुपैया धरि अनुदान

### पटना मे 50 ठाम पर लागत 'सोलर सहायता केंद्र'

**पटना, समदिया**

प्रधानमंत्री सूर्य घर, मुफ्त बिजली योजना कें बढ़ावा देबाक लेल पटना इलेक्ट्रिक सप्लाई यूनिट जागरूकता अभियान तेज कए देने अछि। राजधानीक करीब 50 प्रमुख स्थान पर सोलर सहायता केंद्र लगाओल जाएत। एहि केंद्र सभ पर लोक कें रूफटॉप सोलर लगयबाक, सरकारी अनुदान, आवेदन प्रक्रिया आ एकर लाभक संबंध मे जानकारी देल जाएत।

पेसूक जीएम दिलीप कुमार सिंह बतौलनि जे फ्यूज कॉल वाहनक माध्यम सं विभिन्न क्षेत्र मे माइकिंग कराओल जा रहल अछि। कार्यालय आ फ्यूज कॉल वाहनक माध्यम सं पंपलेट बांटि कए सेहो लोक कें योजनाक जानकारी देल जा रहल अछि।

आब अभियान कें व्यापक करैत एहन स्थान पर सहायता केंद्र लगाओल जाएत, जतय प्रतिदिन पैघ संख्या मे लोक पहुंचैत छथि। एहि मे भोरक भ्रमण आ दैनिक घुमबाक लेल आबि रहल लोक बला स्थान कें प्राथमिकता देल गेल अछि। प्रारंभिक चरण मे पार्क, गांधी मैदान, पटना जू, आईएसबीटी सहित अन्य प्रमुख सार्वजनिक स्थल पर सोलर सहायता केंद्र लगाओल जाएत।

एतय उपभोक्ता सभ कें रूफटॉप सोलरक उपयोगिता, अनुदान आ आवेदन सं जुड़ल जानकारी देल जाएत। ओतहि लोकक सवाल आ शंका केर समाधान सेहो कएल जाएत। खास कए एहन घरेलू उपभोक्ता धरि पहुंच बनयबाक लेल जोर देल जा रहल अछि, जकर घरक छत पर सोलर संयंत्र लगयबाक पर्याप्त जगह अछि। पीएम सूर्य घर योजना अंतर्गत केंद्र सरकारक सहायता संग बिहार सरकारक दिस सं सेहो अतिरिक्त वित्तीय सहायता देल जा रहल अछि। वर्तमान मे 1 किलोवाटक रूफटॉप सोलर पर कुल 40 हजार, 2 किलोवाट पर 70 हजार आ 3 किलोवाट पर 98 हजार रुपैया धरि अनुदान भेटि सकैत अछि।

# नगर निगमक जांच अंतिम चरण मे कतेको अधिकारी पर कारबाइक आशंका

## जांच रिपोर्ट अयलाक बाद खुजि सकैत अछि कतेको राज

• पूर्व अधिकारी पर सेहो खसि चुकल अछि गाज

**सहरसा, समदिया**

सहरसा नगर निगम मे सभ किछु ठीक-ठाक नहि चलि रहल अछि, एहि तरहक चर्चा इन्दिन शहर मे तेज भए गेल अछि। जानकारीक अनुसार, पछिला दिन मे दर्ज मामिलाक जांच प्रक्रिया आब लगभग आखरी चरण मे पहुंचि गेल अछि। जांच प्रतिवेदन उच्च अधिकारीक स्तर पर प्रस्तुत भेलाक बाद मामिला मे कतेको लोकक मुश्किल बढ़बाक संभावना व्यक्त कएल जा रहल अछि। हालांकि, एखन धरि कोनो व्यक्तिक नामक आधिकारिक रूप सं चर्चा सोझां नहि आयल अछि।




बताओल जा रहल अछि जे मामिला सं जुड़ल कतेको फाइल आ दस्तावेजक जांच कएल जा रहल अछि। एहि बीच चर्चा अछि जे जिनका फाइल पर पहिने कलम चलि चुकल अछि, तकर निशान मेटेनाइ सहज नहि अछि। सरकारी दस्तावेज मे दर्ज तथ्य जांचक दौरान महत्वपूर्ण साक्ष्य बनि सकैत अछि। गौरतलब अछि जे नगर निगम मे पूर्व मे पदस्थापित कतेको अधिकारी पर अलग-अलग मामिला मे कारबाइक गाज गिरि चुकल अछि। आब वर्तमान जांचक निष्कर्षक बाद एक बेर फेर किछु अधिकारी आ संबंधित लोक पर कारबाइक संभावना व्यक्त कएल जा रहल अछि। हालांकि, मामिलाक वास्तविक तस्वीर पुलिस जांच आ न्यायालयक निर्णयक बादे पूरा तरहे स्पष्ट भए सकत। फिलहाल नगर निगम सं जुड़ल एहि मामिलाक जांच आखरी चरण मे पहुंचलाक कारण संबंधित लोकक नजरि जांच प्रतिवेदन पर टिकल अछि। जांच प्रतिवेदन मे की तथ्य सोझां अबैत अछि आ प्रशासनक दिस सं कोन कदम उठाओल जाइत अछि, से आगू स्पष्ट होयत।

# छिनतई मामिला मे थानाक बंद कोठरी सं नाबालिग आरोपी फरार

**समस्तीपुर/रोसड़ा**

रोसड़ा थाना क्षेत्रक भूनहा गाम मे किछु दिन पहिने एकटा महिलाक गला सं मंगलसूत्र छिनतईक मामिलाक पुलिस सोमदिन सांझ खुलासा करैत दू आरोपी कें गिरफ्तार केने छल। गिरफ्तार आरोपी सभ मे थाना क्षेत्रक मिर्जापुर निवासी विनोद महतोक नाबालिग पुत्र आ लालपुर निवासी गोलो पासवानक पुत्र संजीव कुमार शामिल छल। पुलिस दुनू आरोपीक निशानदेही पर छिनतई कएल गेल करीब सात ग्राम वजनक सोनाक जेहन मंगलसूत्र बरामद केने छल। घटना मे प्रयुक्त कारी रंगक अपाचे मोटरसाइकिल सेहो जब्त कएल गेल छल। दुनू आरोपी कें थाना परिसर मे राखल गेल छल। एहि बीच सोमदिन देर राति मिर्जापुर निवासी नाबालिग आरोपी थाना परिसर मे राखल गेल कोठरीक खिड़कीक छड़ तोड़ि कए फरार




भए गेल। आरोपीक फरार होयबाक सूचना भेटिते पुलिस महकमा मे हड़कंप मचि गेल। पुलिस तत्काल ओकर खोजबीन आ संभावित ठिकाना सभ पर छापेमारी शुरू कए देलक। बताओल गेल अछि जे नाबालिग आरोपी कें हाजत मे नहि, बल्कि थाना परिसरक एकटा अलग कोठरी मे राखल गेल छल। देर राति ओ कोठरीक खिड़की मे लागल छड़ तोड़ि कए फरार भए गेल। घटना सामने अयलाक बाद थाना पुलिसक कार्यप्रणाली पर सेहो सवाल उठि रहल अछि। अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी संजय कुमार सिन्हा कहलनि जे फरार भेल आरोपी नाबालिग अछि। हुनका हाजतक बदला एकटा अलग कोठरी मे राखल गेल छल, जतय सं ओ देर राति खिड़कीक छड़ तोड़ि कए भागि गेल। ओ कहलनि जे फरार आरोपीक गिरफ्तारी लेल पुलिसक अलग-अलग दल लगातार संभावित ठिकाना सभ पर छापेमारी कए रहल अछि।

# एसएसबी जवान कोडीन युक्त कफ सिरप केलक जब्त, नेपाली नागरिक गिरफ्तार

**जयनगर, समदिया**

भारत-नेपाल सीमा पर प्रतिबंधित एवं मनोदैहिक पदार्थों की अवैध आवाजाही के विरुद्ध 48वीं वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगर की दिस सं लगातार कारबाइ की जा रहल अछि। एहि क्रम मे सीमा चौकी बेतौन्हाक विशेष नाका दल आसूचनाक आधार पर कारबाइ करैत कोडीनयुक्त कफ सिरपक 21 बोतल बरामद कएलक आ एक नेपाली नागरिक कें गिरफ्तार कएलक। विशेष नाका ड्यूटीक दौरान सीमा स्तंभ संख्या 268/10 सं करीब 300 मीटर भारतीय क्षेत्र मे कमलाबाड़ी गामक सड़क पर भारत सं नेपाल दिस जा रहल एक मोटरसाइकिल सवार कें संदेहक आधार पर रोकि जांच कएल गेल। तलाशीक क्रम मे ओकर बैग सं कोडीन फॉस्फेट आ ट्रिप्रोलिडिन हाइड्रोक्लोराइड युक्त ओनरेक्स कफ सिरपक 21 बोतल बरामद भेल। प्रत्येक बोतल 100 मिलीलीटरक अछि। एहि संग एक



मोबाइल फोन आ अपाचे 160 सीसी मोटरसाइकिल सेहो जब्त कएल गेल। गिरफ्तार व्यक्तिक पहचान नेपालक सिरहा जिलाक मिर्चैया थाना क्षेत्रक फुलबरिया गाम निवासी 40 वर्षीय राम महराक रूप मे भेल अछि। ओकर पिता नाम रघुनी महरा अछि। पूछताछ मे ओ बतौलक जे कफ सिरप जयनगर बाजार सं कीनने छल आ अपन घर फुलबरिया, नेपाल लए जा रहल छल। ओकर कहब अछि जे कफ सिरप निजी उपयोगक लेल लए जाइत छल। बरामद कफ सिरप, मोबाइल फोन, मोटरसाइकिल आ गिरफ्तार व्यक्तिक संबंध मे आवश्यक जब्ती एवं गिरफ्तारीक प्रक्रिया पूरा कए आगांक कानूनी कारबाइ लेल थाना जयनगर कें सुपुर्द करबाक प्रक्रिया कएल जा रहल अछि। कमांडेंट राजेंद्र कुमार कहलनि जे भारत-नेपाल सीमा पर प्रतिबंधित एवं नशीला पदार्थक अवैध आवाजाहीक विरुद्ध एसएसबी पूरी सतर्कता आ मुस्तैदीक संग कारबाइ कए रहल अछि। सीमा क्षेत्र मे अवैध गतिविधि पर प्रभावी नियंत्रण लेल आसूचना तंत्र कें मजबूत राखि लगातार निगरानी कएल जा रहल अछि।

# साइबर ठगी सं बचाव लेल छात्र-छात्रा सभ कें कएल गेल जागरूक

**शिवहर।** मंगलदिन उच्च माध्यमिक विद्यालय कमरौली, पिपराही प्रखंड मे छात्र-छात्रा सभक बीच साइबर सुरक्षा आ सूचना एवं संचार प्रौद्योगिकी कें लए कए जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रम मे विद्यालयक प्रधानाध्यापिका सुश्री नुसरत जहां विद्यार्थी सभ कें डिजिटल तकनीकक सुरक्षित आ जिम्मेवार उपयोगक संबंध मे महत्वपूर्ण जानकारी देलनि। प्रधानाध्यापिका कहलनि जे वर्तमान डिजिटल युग मे मोबाइल, इंटरनेट, सोशल मीडिया आ ऑनलाइन सेवा सभ हमर दैनिक जीवनक महत्वपूर्ण हिस्सा बनि गेल अछि। एहन स्थिति मे साइबर ठगी, फर्जी लिंक, ऑनलाइन धोखाधड़ी आ गलत सूचना सं बचबाक लेल सतर्क रहब बहुत जरूरी अछि। कार्यक्रमक दौरान छात्र-छात्रा सभ कें बताओल गेल जे कोनो अनजान व्यक्ति संग पासवर्ड, ओटीपी, बैंक खाता सं जुड़ल जानकारी अथवा निजी जानकारी साझा नहि करबाक चाही। संगहि कोनो संदिग्ध लिंक, संदेश अथवा ऑनलाइन प्रस्ताव पर प्रतिक्रिया देबाक पहिने ओकर विश्वसनीयताक जांच करब आवश्यक अछि।

# जनताक सम्माने हमर ताकत अछि : प्रो. विनय चौधरी

## सचेतक बनलाक बाद जदयू कार्यकर्ता सभ केलनि आभार-सह-सम्मान समारोह

**बेनीपुर, समदिया**

बिहार विधानसभा मे सत्तारूढ़ जनतांत्रिक गठबंधनक सचेतक बनाएल गेलाक बाद स्थानीय विधायक प्रो. विनय कुमार चौधरीक सम्मान मे मंगलदिन कपूरी सभा भवन मे जनता दल यूनाइटेडक कार्यकर्ता सभ द्वारा आभार-सह-सम्मान समारोह आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता प्रखंड अध्यक्ष कीर्ति मोहन झा केलनि, जखन कि संचालन प्रेम कुमार झा केलनि। कार्यकर्ता सभ विधायक सह सचेतक प्रो. चौधरी कें माला, पाग आ चादर पहिरा कए सम्मानित केलनि आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार तथा मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक प्रति आभार व्यक्त केलनि। सम्मान सं अभिभूत विधायक कहलनि, इआहां सभक सम्मान हमर ताकत आ संबल



अछि। जनताक भरोसा सं हम हुनकर प्रतिनिधि चुनल गेल छी, तें हुनकर सेवा हमर लेल सर्वोपरि अछि। जखन धरि अहां सभक प्रतिनिधि छी, बेनीपुरक जनताक माथ कहियो नहि झुकय देब आ क्षेत्रक सर्वांगीण विकास लेल पूरा क्षमता सं काज करैत रहब। ओ शिक्षा, सिंचाई आ स्वास्थ्य क्षेत्र मे भेल काज कें प्रमुख उपलब्धि बतबैत कहलनि जे बहेड़ी स्थित विलट महथा आदर्श महाविद्यालय मे विज्ञान आ वाणिज्य विषय मे स्नातक तथा स्नातकोत्तरक पढ़ाइ आ शिक्षकक पद स्वीकृत होयब पैघ उपलब्धि अछि। किसान सभक खेत धरि बिजली पहुंचाओल गेल अछि आ कोसी नहर परियोजनाक विस्तार सं सिंचाई व्यवस्था मजबूत भेल अछि। धेरुख स्थित पुरान कमला नदी पर ध्वस्त वीयरक पुनर्निर्माण सं किसान सभ मे नव आशा जागल अछि। स्वास्थ्य क्षेत्रक चर्चा करैत ओ कहलनि जे अनुमंडल अस्पताल मे 28 विशेषज्ञ चिकित्सकक पदस्थापना आ आवश्यक सुविधाक उपलब्धता सुनिश्चित कएल गेल अछि। बहेड़ी आ बहेड़ी प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र कें सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र मे उत्क्रमित कएल गेल अछि। सड़क, पुल-पुलिया सहित अन्य विकास काज सेहो निरंतर जारी रहत। समारोह मे राम कुमार झा, केदारनाथ झा अनाथ, बंधोल झा, डॉ. अविन कुमार राय, रामशंकर सिंह, पिंटू झा, रजनी सुंदरम, समसूल हुदा, लक्ष्मी सौदा, अभय कुमार झा, अरुण ठाकुर, राम उद्गार यादव सहित कतेको कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# लड़की अपहरण मामिला मे नामजद आरोपित गिरफ्तार

**कुशेश्वरस्थान, समदिया**

थाना क्षेत्रक झझरा गाम मे पुलिस सोमदिन देर सांझ छापेमारी कए लड़की अपहरण मामिला मे दर्ज प्राथमिकी केर नामजद आरोपित कें गिरफ्तार कए लेलनि। गिरफ्तार आरोपितक पहचान झझरा गाम निवासी विजय शेखर पासवानक पुत्र आदित्य रंजनक रूप मे भेल अछि। थानाध्यक्ष गौरव प्रसाद कहलनि जे लड़कीक अपहरण कें लए कए थाना मे दर्ज प्राथमिकी मे आदित्य रंजन कें नामजद आरोपित बनाओल गेल



छल। पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर कारबाइ करैत हुनका झझरा गाम सं गिरफ्तार केलनि। गिरफ्तारिक बाद पुलिस आरोपित कें मंगलदिन न्यायालय मे प्रस्तुत केलनि। न्यायालयक आदेश पर आरोपित कें न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल।

# डॉ. शबनम आरा समाजसेवा कें जीवनक संकल्प बनेलनि

**सीतामढ़ी, समदिया**

महिला समानता दिवस पर महिलाक भागीदारी, नेतृत्व आ सामाजिक जिम्मेदारीक चर्चा होइत अछि, तखन एसआरके सिटी हॉस्पिटलक निदेशक डॉ. सबनम आरा समाजसेवाक एकटा प्रेरणादायक उदाहरण बनि कए सोझां अबैत छथि। चिकित्सकीय जिम्मेदारीक संग जरूरतमंद लोकक मदद आ सामाजिक सरोकारक प्रति हुनकर समर्पण हुनका अलग पहचान दैत अछि। मुदुभाषी आ मिलनसार स्वभावक डॉ. सबनम लेल चिकित्सा मात्र पेशा नहि, बल्कि मानव सेवाक माध्यम अछि। गरीब आ असहाय मरीजक प्रति हुनकर संवेदनशील रवैया सेवाभाव कें दर्शबैत अछि। अस्पताल मे आबयवाली गर्भवती महिलाक स्वास्थ्यक प्रति सेहो ओ विशेष रूप सं संवेदनशील छथि। चिकित्सकीय रूप सं संभव भेलापर सामान्य प्रसव कें प्राथमिकता देबाक हुनकर प्रयास रहैत अछि, जाहि सं रोगी कें अनावश्यक ऑपरेशनक खर्च आ शारीरिक परेशानी सं बचाओल जा सकय। डॉ. सबनमक समाजसेवा धर्म आ समुदायक सीमा सं ऊपर अछि। छठ पूजाक दौरान जरूरतमंद छठ व्रती सभक बीच साड़ी, सिंदूर, बिंदी आ फल वितरण करबाक संग रमजानक पवित्र मास मे करीब एक सय निर्धन परिवारक मदद कए चुकल छथि। गरीब परिवारक बेटीक विवाह मे सहयोग करबाक संग जरूरतमंद बच्चा सभक पढ़ाइक खर्च मे सेहो योगदान दैत छथि। जरूरतमंद मरीजक निःशुल्क इलाज मे सहयोग करबाक अतिरिक्त अस्पताल मे रक्तक आवश्यकता पड़लापर कई बेर स्वयं रक्तदान सेहो केने छथि। जन्मदिन आ अन्य शुभ अवसरपर गरीब बस्ती, अनाथालय आ वृद्धाश्रम मे भोजन आ कपड़ा वितरण करब हुनकर सेवाकार्य मे शामिल अछि। अस्पतालक कर्मचारी सभक प्रति सेहो ओ संवेदनशील छथि आ समय-समय पर हुनका सभक बीच कपड़ा आदि वितरण करैत छथि। जन्मदिन जेहन विशेष अवसरपर पौधारोपण आ गाछ वितरणक माध्यम सं पर्यावरण संरक्षणक संदेश सेहो दैत छथि। डॉ. सबनम आरा कें व्यक्तित्व ई संदेश दैत अछि जे महिला सशक्तीकरण मात्र पद आ उपलब्धि धरि सीमित नहि अछि, बल्कि समाजक कमजोर आ जरूरतमंद लोकक जीवन मे सकारात्मक बदलाव अनबाक क्षमता सेहो अछि। महिला समानता दिवस पर हुनकर सेवाभाव आ सामाजिक सरोकार निश्चित रूप सं समाज लेल प्रेरणाक स्रोत अछि।

# 6 लीटर देसी महुआ शराबक संग 3 गिरफ्तार

**बेनीपट्टी, समदिया**

अरेर थाना पुलिस बिजलपुरा गाम मे कारबाइ करैत एकटा घर सं 6 लीटर देसी महुआ शराबक संग एक महिला तस्कर आ दू गोट शराबी कें गिरफ्तार कएलक। गिरफ्तार तस्करक पहचान ओहि गामक सुराई देवीक रूप मे भेल अछि। जखन कि पकड़ायल शराबी सभ मे मो. फिरोज आ मो. लाल शामिल छथि। बताओल गेल अछि जे शराब तस्करीक गुप्त सूचना भेटलाक बाद अरेर थानाध्यक्ष आनंद शंकर गौरवक नेतृत्व मे सोमदिन दुपहरिया पुलिस बल बिजलपुरा गाम पहुंचल। पुलिस आरोपी महिलाक घर मे छापेमारी कएलक, जतय सं 6 लीटर देसी महुआ शराब बरामद भेल। एहि दौरान घर मे शराब सेवन करैत मो. फिरोज आ मो. लाल कें सेहो पकड़ि लेल गेल। एहि संबंध मे थानाध्यक्ष कहलनि जे गिरफ्तार तीनू आरोपीक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कए लेल गेल अछि। कानूनी प्रक्रिया पूरा कएलाक बाद सभ कें न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल अछि।

# बेनीपट्टीक दू शैक्षणिक संस्थान मे पहिल विद्यार्थी सहयोग शिविरक आयोजन

## दुनू संस्थान सं पांच शिकायत प्राप्त, एडीएम, बीडीओ आ बीईओ सहित अधिकारी सभ केलनि निरीक्षण

**बेनीपट्टी, समदिया**

राज्य सरकारक निर्देश पर अगस्त मासक चारिम मंगलदिन विद्यार्थी सभक शैक्षणिक समस्या आ शिकायतक प्रभावी समाधान तथा शिक्षा व्यवस्था मे सुधारक उद्देश्य सं बेनीपट्टी मे पहिल विद्यार्थी सहयोग शिविरक आयोजन कएल गेल। उच्चैठ स्थित कालिदास विद्यापति साइंस कॉलेज आ मुख्यालयक कटैया रोड स्थित कस्तूरबा गांधी बालिका आवासीय विद्यालय परिसर मे आयोजित शिविर मे विद्यार्थी सभक समस्या सुनल गेल आ ओकर समाधानक दिशा मे आवश्यक कारबाइक आश्वासन देल गेल। कॉलेज मे आयोजित शिविर मे अपर समाहर्ता मुकेश रंजन झा आ



बीडीओ महेश्वर पंडित शामिल भेलाह। ओतहि कस्तूरबा गांधी बालिका आवासीय विद्यालय परिसर मे प्रभारी प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी मधुकर कुमार उपस्थित रहलाह। एडीएम मुकेश रंजन झा कहलनि जे सात निश्चय-3 अंतर्गत ह्यसभक सम्मान, जीवन आसानह्णक लक्ष्य कें ध्यान मे राखि विद्यार्थी सहयोग शिविर विद्यार्थी सभक समस्याक त्वरित आ प्रभावी समाधानक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल अछि। शिविरक माध्यम सं विद्यार्थी शैक्षणिक समस्या, संस्थान मे उपलब्ध सुविधा सं जुड़ल शिकायत आ शिक्षा व्यवस्था मे सुधार लेल सुझाव सेहो दए सकैत छथि। शिविर मे कक्षा समय पर नहि चलब, शिक्षकक समय पर कक्षा मे नहि पहुंचब अथवा अनुपस्थित रहब, परीक्षा समय पर नहि होयब, परीक्षाफलक समय पर प्रकाशन, अनधिकृत शुल्क वसूली, बिजली, बैसबाक व्यवस्था, प्रयोगशाला, पेयजल, शौचालय, साफ-सफाइ आ कोचिंग सहित विभिन्न समस्या संबंधी शिकायत दर्ज कराओल जा सकैत अछि। अधिकारी सभ कहलनि जे विद्यार्थी सभक शिकायत आ सुझाव संबंधित पोर्टलक माध्यम सं सेहो दर्ज कएल जाएत आ ओकर समाधान लेल आवश्यक कारबाइ कएल जाएत। पोर्टल पर संबंधित शैक्षणिक संस्थान आ छात्रावासक बोनाफाइड विद्यार्थी सभ कें मात्र निबंधन करबाक अनुमति होयत। पहिल विद्यार्थी सहयोग शिविर मे केवीएस कॉलेज सं दूटा आ कस्तूरबा गांधी बालिका आवासीय विद्यालय सं तीनटा शिकायत प्राप्त भेल। एहि मे आवासीय शिक्षकक पदस्थापना, साफ-सफाई, गैस उपलब्ध करेनाइ, बाउंड्री सहित अन्य समस्या प्रमुख छल। शिविर मे केवीएस कॉलेजक प्राचार्य डॉ. आलोक कुमार पाठक, नारायण जी झा, देवेंद्र कुमार झा, दुर्गेश कुमार दिनकर सहित अन्य उपस्थित छलाह।

# भाजपाक कतेको कार्यकर्ता कांग्रेसक संग जुड़ल

**बेनीपट्टी, समदिया**

बेनीपट्टी स्थित कांग्रेस कार्यालय मे मंगलदिन जिला कांग्रेस कमिटीक अध्यक्ष नलिनी रंजन झा उर्फ रूपनक उपस्थिति मे भाजपा के कतेको कार्यकर्ता भाजपा केर सदस्यता छोड़ि कांग्रेसक सदस्यता ग्रहण कएलनि। एहि दौरान नव सदस्य सभ कांग्रेसक नीति आ सिद्धांत मे विश्वास व्यक्त करैत संगठन कें मजबूत बनेबाक संकल्प लेलनि। कांग्रेसक सदस्यता ग्रहण करयवाला सभ मे भाजपा कार्यकर्ता पुरुषोत्तम झा, कृष्ण देव झा, संदीप झा, सुदीप ठाकुर, प्रशांत कुमार झा, राजीव कुमार झा सहित आन कार्यकर्ता शामिल छथि। एहि अवसर पर जिला अध्यक्ष नलिनी रंजन झा



नव सदस्य सभक स्वागत करैत कहलनि जे हुनका सभक कांग्रेस मे शामिल भेला सं संगठन कें आरो मजबूती भेटत। ओ सभ कार्यकर्ता सं पार्टीक नीति आ सिद्धांत कें जन-जन धरि पहुंचयबाक संगहि संगठन कें मजबूत बनेबाक लेल सक्रिय भूमिका निभेबाक आह्वान कएलनि। कार्यक्रम मे पूर्व जिला अध्यक्ष मनोज मिश्र, बेनीपट्टी प्रखंड कांग्रेस कमिटीक अध्यक्ष कन्हैया झा, युवा कांग्रेसक विजय कृष्ण झा, पप्पू झा सहित आन कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# अधिकारी स्वयं सोलर लगाबथि, तखने आम लोक कें प्रेरणा भेटत : डीएम

## सोलर अपनाउ, सब्सिडी पाउ : पीएम सूर्य घर योजनाक लेल डीएमक निर्देश

मधुबनी, समदिया



पीएम सूर्य घर योजनाक प्रभावी क्रियान्वयन आ बेसी सं बेसी लोक कें एहि योजनाक लाभ पहुंचाबयक उद्देश्य सं जिलाधिकारी आनंद शर्माक अध्यक्षता मे समाहरणालय सभागार मे सभ जिला स्तरीयपदाधिकारीक संग समीक्षा बैसार आयोजित कएल गेल। समीक्षक क्रम मे जिलाधिकारी पदाधिकारी सभ केंपीएम सूर्य घर योजनाक प्रति स्वयं आगू बढ़ि पहल करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे सभ जिला स्तरीय पदाधिकारी अपन-अपन घरक छत पर योजनाक अंतर्गत सोलर पैनल लगबथि आ अपन विभागक पदाधिकारी आ कर्मी सभ कें सेहो एहि लेल प्रेरित करथि। ओ कहलनि जे सौर ऊर्जाक उपयोग कें बढ़ावा देबाक लेल सरकारी पदाधिकारी आ कर्मी सभक सहभागिता महत्वपूर्ण अछि। जखन सरकारी कार्यालय सं जुड़ल पदाधिकारी आ कर्मी स्वयं एहि योजना सं जुड़ताह, तखन आम लोक मे सेहो एहि प्रति विश्वास आजागरूकता बढ़त। बैसार मे उपस्थित पदाधिकारी सभ कें निर्देश

» जन जन धरि पहुंचत पीएम सूर्य घर योजना, जागरूकता शिविरक होयत आयोजन

देल गेल जे अपन-अपन विभागक दिस सं पीएम सूर्य घर योजनाक संबंध मे आम लोक कें जागरूक करबाक लेल शिविर आयोजित करथि। एहि शिविरक माध्यम सं लोक कें सोलर पैनल लगयला सं होयवला लाभ आ योजनाक विभिन्न प्रावधानक जानकारी देल जायत। एहि क्रम मे ओ कहलनि जे जागरूकता शिविर मे आवश्यकतानुसार विद्युतविभागक अधिकारी आ कर्मी आम लोक कें योजनाक अंतर्गत भेटयवला सब्सिडी, सोलर पैनल आ अन्य आवश्यक विकल्पक चयन, आवेदनक प्रक्रिया आ योजना सं संबंधित अन्य महत्वपूर्ण जानकारी सं अवगतकराओताह। मौका पर ओ कहलनि जे पीएम सूर्य घर योजना लोक कें स्वच्छ आ हरित ऊर्जाक उपयोग लेल प्रोत्साहित करबाक संगहि विद्युत खर्च मे कमी अनबाक लेल सेहो सहायक होयत। सभ विभागक सक्रिय सहभागिता आ व्यापक जन-जागरूकताक माध्यम सं जिला मे योजनाक लाभ बेसी सं बेसी लोक धरि पहुंचयबाक प्रयास कएल जायत। एहि अवसर पर सिविल सर्जन, मधुबनी, जिला उत्पाद पदाधिकारी, जिला शिक्षा पदाधिकारी, जिलाक सभ विद्युत कार्यपालक अभियंता सहित विभिन्न विभागक जिला स्तरीय पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# कस्तूरबा गांधी बालिका विद्यालय मे लागल विद्यार्थी सहयोग शिविर



झंझारपुर, समदिया

प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी, झंझारपुरक अध्यक्षता मे मंगलदिन झंझारपुर प्रखंड अंतर्गत कस्तूरबा गांधी बालिका विद्यालय, झंझारपुर मे विद्यार्थी सहयोग शिविरक आयोजन कएल गेल। एहि कार्यक्रम मेझंझारपुर प्रखंडक प्रभारी प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी प्रवीण कुमार प्रभाकर झंझारपुर थाना मे कार्यरत एसआई बिहारी आलमक मौजूदगी मे शिविरक दौरान विद्यालय मे अध्ययनरत सभ छात्रा सभ सं हुनकर मूलभूत सुविधा सं जुड़ल शिकायत आ पठन-पाठन मे आबि रहल कठिनाइ सभक बारे मे विस्तार सं पुछलनि। एहि दौरान छात्रा सभ सेहो अपन-अपन समस्या खुलि कए पदाधिकारीक समक्ष रखलनि। प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी छात्रा सभ कें आश्वस्त करैत कहलनि जे हुनकर समस्या सभक शीघ्र समाधान कएल जायत आ विद्यालय मे नीक शैक्षणिक वातावरण उपलब्ध कराओल जायत, जाहि सं कोनो छात्राक पढ़ाइ बाधित नहि हो। एहि तरहक कार्यक्रमक आयोजन देखलाक बाद छात्रा सभ मे खुशी देखल गेल।

# झंझारपुर थानाक सामने मृत्यु कें आमंत्रित कए रहल ताड़क विशाल गाछ

## फल आ धारदार छज्जा खसला सं दुर्घटनाक बनल रहैत अछि डर

झंझारपुर, समदिया



झंझारपुर शहरक मुख्य सड़क (एनएच-27 सं रेलवे स्टेशन धरि जायवला सड़क) पर झंझारपुर थाना ठीक सामने सड़कक कात लागल ताड़क लंबा-लंबा गाछ एहि दिन खतरा बनल अछि। करीब 60 सं 70 फीट उंच एहि गाछ सभ सं फल आ ओकर धारदार छज्जा खसला सं कहियो पैघ हादसा भए सकैत अछि। एहि विशाल ताड़क गाछ सं खसैत छज्जा आ फल सड़क परे खसैत अछि। ई शहरक मुख्य सड़क अछि, जतय प्रतिदिन बस, ट्रक, ट्रैक्टर, मोटरसाइकिल आ पैदल हजारो राहगीर गुजरैत छथि। एहि सड़क पर माछक बाजार सहित कतेको व्यावसायिक प्रतिष्ठान, अस्पताल आ कतेको सरकारी कार्यालय सेहो अछि, जतय खरीद-बिक्री आ सरकारी काज लेल हर दिन हजारो लोकक आन-जाय लागल रहैत अछि। स्थानीय लोकक अनुसार ताड़क एकटा फल करीब 5 किलो वजनक होइत अछि आ ओकर छज्जा बहुत धारदार होइतअछि। जं ई कोनो राहगीर पर खसि जाय तं गंभीर रूप सं घायल होयब तय अछि, मृत्यु सेहो भए सकैतअछि। मंगलदिन भोर करीब 8 बजे थाना लग ताड़क गाछ सं एकटा पैघ छज्जा सड़क पर खसि पड़ल। संयोग नीक छल जे ओहि समय ओहि ठाम सं गुजरि रहल एकटा मोटरसाइकिल सवार युवक बाल-बाल बचि गेल, नहि तं पैघ हादसा भए सकैत छल। बताओल जाइत अछि जे एहि खतरा कें लए कए झंझारपुर थानाद्वारा कतेको बेर विभागीय स्तर पर सड़कक कात लागल खतरनाक ताड़क गाछ सभ हटेबाक लेलपत्राचार कएल जा चुकल अछि, मुदा एखन धरि एहि पर कोनो कारबाइ नहि भेल अछि। एहि मामिला कें लए कए स्थानीय लोक मे भारी आक्रोश अछि। लोक सभक कहब अछि जे शायद प्रशासन कें कोनो पैघ घटना होयबाक प्रतीक्षा अछि। जखन एतय ककरो मृत्यु होयत, तखने सरकार आप्रशासनक निन्न टूटत आ आनन-फानन मे गाछ सभ हटाओल जायत। स्थानीय लोक सभ जिला प्रशासनसं मांग केलनि अछि जे कोनो पैघ अनहोनी होयबाक पहिने मुख्य सड़क पर खतरा बनल एहि ताड़क गाछ सभ कें अविलंब हटाओल जाय।

# ग्रामीण सभ लेल सात दिवसीय मत्स्य पालन प्रशिक्षण कार्यक्रमक समापन

जयनगर, समदिया



48म वाहिनी, सशस्त्र सीमा बल, जयनगर द्वारा नागरिक कल्याण कार्यक्रमक अंतर्गत सीमावर्ती आ जीवंत ग्रामक ग्रामीण सभ कें स्वरोजगार आ आत्मनिर्भरताक दिशा मे आगू बढ़ेबाक उद्देश्य सं सीमा चौकीउसराही मे आयोजित सात दिवसीय मत्स्य पालन प्रशिक्षण कार्यक्रमक समापन समारोह आइ संपन्नभेल। प्रशिक्षण कार्यक्रम 17 अगस्त सं 23 अगस्त 2026 धरि आयोजित कएल गेल, जाहि मे 16प्रतिभागी सफलतापूर्वक प्रशिक्षण पूरा केलनि। प्रशिक्षण कार्यक्रमक आयोजन रमा फाउंडेशनक सहयोग सं कएल गेल। प्रशिक्षणक दौरान प्रतिभागी सभ कें मत्स्य पालन सं संबंधित बुनियादी जानकारी, वैज्ञानिक तकनीक आ व्यावसायिक पक्ष सं अवगतकराओल गेल। प्रतिभागी सभ कें मत्स्य पालनक प्रक्रिया व्यावहारिक रूप सं बुझयबाक लेल पोखरि पर लए जा कए माछ पालन, पोखरिक प्रबंधन आ मत्स्य पालन व्यवसाय सं संबंधित विभिन्न गतिविधिक प्रायोगिक प्रदर्शन कराओल गेल, जाहि सं ओ प्राप्त ज्ञान कें भविष्य मे अपन स्तर पर लागू कए सकथि। प्रशिक्षणक दौरान मत्स्य पालन विभाग, मधुबनीक अधिकारी राकेश कुमार सिंह आ जिला डेयरी अधिकारी सुरेंद्र कुमार द्वारा प्रतिभागी सभ कें मत्स्य पालन आ पशुपालन सं संबंधित सरकारी योजना, उपलब्धसहायता आ लाभक बारे मे जानकारी देल गेल। अधिकारी सभ ग्रामीण कें नियमानुसार पात्रताक आधारपर सरकारी योजनाक लाभ उठाकऽ अपन व्यवसाय कें आगू बढ़ेबा आ आत्मनिर्भर बनेबाक लेल प्रेरित केलनि। संगहि भविष्य मे आवश्यक विभागीय मार्गदर्शन आ सहयोग देबाक आश्वासन सेहो देलनि। समापन समारोह मे उप कमांडेंट अमरनाथ गुप्ता उपस्थित छलाह। ओ प्रशिक्षणार्थी सभ कें संबोधित करैत कहलनि जे 48म वाहिनी द्वारा नागरिक कल्याण कार्यक्रमक माध्यम सं सीमावर्ती ग्रामीण केंसमय-समय पर कौशल विकास आ स्वरोजगार आधारित प्रशिक्षण देल जा रहल अछि, जाहि सं ओ अपन उपलब्ध संसाधनक नीक उपयोग कए आयक नव साधन विकसित कए सकथि। ओ सभ प्रशिक्षणार्थी सं प्रशिक्षणक दौरान प्राप्त ज्ञान कें व्यावहारिक रूप सं अपनाबय आ मत्स्य पालन कें स्वरोजगारक रूप मे आगू बढ़ेबाक आह्वान केलनि।एहि अवसर पर 48म वाहिनीक कमांडेंट राजेंद्र कुमारक दिशा-निर्देशन आ मार्गदर्शन मे आयोजित एहि प्रशिक्षण कार्यक्रमक समापन अवसर पर हुनकर संदेश उप कमांडेंट अमरनाथ गुप्ता द्वारा प्रशिक्षणार्थीसभ धरि पहुंचाओल गेल। कमांडेंट अपन संदेश मे सभ प्रशिक्षणार्थी कें सफलतापूर्वक प्रशिक्षण पूराकरबाक लेल बधाई आ शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे एहि तरहक प्रशिक्षण ग्रामीण सभ कें कौशल, स्वरोजगार आ आत्मनिर्भरता सं जोड़य मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। ओ प्रशिक्षणार्थी सभ संप्राप्त ज्ञानक उपयोग अपन क्षेत्र मे करैत आय बढ़ेबा आ आर्थिक रूप सं सशक्त बनेबाक दिशा मे आगूबढ़बाक आह्वान केलनि। सात दिवसीय प्रशिक्षण सफलतापूर्वक पूरा कएनिहार सभ 16 प्रतिभागी कें समापन समारोहक दौरान प्रमाण-पत्र वितरित कएल गेल। प्रमाण-पत्र प्राप्त कए प्रतिभागी सभ मे उत्साह आ प्रसन्नताक वातावरण रहल। प्रतिभागी सभ प्रशिक्षणक दौरान भेटल जानकारी कें उपयोगी बतबैत एकरा भविष्य मे स्वरोजगार आ आयक साधनक रूप मे अपनाबयक इच्छा व्यक्त केलनि। कार्यक्रमकदौरान रमा फाउंडेशन, मत्स्य पालन विभाग आ डेयरी विभागक अधिकारी सभ तथा 48म वाहिनीक अधिकारी आ कार्मिक सभक सहयोग लेल आभार व्यक्त कएल गेल। समापन समारोह राष्ट्रगानक संग गरिमापूर्ण ढंग सं संपन्न भेल।

# विधायकक निरीक्षण मे हाईस्कूल एकहरीक एचएम गायब भेटलाह, केली डीईओ सं शिकायत

मधुबनी, समदिया



बाबूबरही विधानसभा क्षेत्रक विधायक मीना कुमारी मंगलदिन प्रखंडक पदमा, पश्चिमी कुमरखत, सिपहगिरी, डलोखर आ एकहरी गांव स्थित हाईस्कूल सभक निरीक्षण केलनि। सभ विद्यालय मे उपस्थित रहल प्रधानाध्यापक सभ कें ओ आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। मुदा हाईस्कूल एकहरी मे पदस्थापित प्रधानाध्यापक राजेश गांधी बिना सूचना गायब भेटलाह, जखन कि हुनकर हाजिरी बनल छल। आगू सं हाजिरी बनाकऽ विद्यालय सं अनुपस्थित रहबाक पुष्टि प्रभारीक रूप मे विद्यालयक संचालनक काज देखि रहल शिक्षक अशोक कुमार सेहो केलनि। विधायक एहि मामिलाक जानकारी फोन पर जिला शिक्षा पदाधिकारी कें देलनि। जिला शिक्षा पदाधिकारी जांचक बाद कारबाइ करबाक बात कहलनि। विभिन्न विद्यालयक निरीक्षणक समय सामाजिक कार्यकर्ता हरिओम सिंह, रामसगुण राय, प्रधानाध्यापक दिनेशकुमार साहू, मुखिया सुजीत पासवान, सरपंच प्रदीप पासवान, उपमुखिया विनोद पाल, पूर्व मुखिया सह समाजसेवी रंजन राजू, शिक्षाविद् पीतांबर ठाकुर, शिक्षा प्रेमी सुरेश कामत, समाजसेवी कृष्णानंद मिश्रा उर्फआनंद जी सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# हम जेबै मदीना... गीत भेल जारी

## जानकी फिल्म्स प्रोडक्शनक यूट्यूब चैनल पर कएल गेल रिलीज

मधुबनी, समदिया




जानकी फिल्म्स प्रोडक्शनक यूट्यूब चैनल पर मंगल दिन हम जेबै मदीना गीत जारी कएल गेल, जकर बोल अछि, रोजीरोटी पर आफत छै तैयो हम जेबै मदीना। एहि गीतक रचना साहित्यकार अजित आजाद केने छथि, जखन कि स्वर भीमनाथ झा देने छथि। गीतक संगीत आलोक कुमार झा तैयार केने छथि। युवा संगीत प्रेमी आ वीडियो संपादक अरशद आलम चैनलक बटन दबा कए गीत जारी केलनि। मैथिली मेमदीना गीतक कमी कें ध्यान मे रखैत एहि गीत कें जारी कएल गेल अछि। जानकी फिल्म्सक निदेशक सुनील कुमार झा कहलनि जे हजरत पैगंबर साहेबक जन्मदिन एकटा पाबनि छी। एहि पाबनि कें हम सभ अपन दिस सं सांगीतिक महत्व देबाक प्रयास केलहुं अछि। खास कए मुस्लिम समाजक लेल एहि गीत कें तैयार कएल गेल अछि। गीतकार अजित आजाद कहलनि जे ई गीत मुस्लिम बंधु सभ कें बहुत नीक लागतनि, किएक तं एहि मे हुनकर मोनक भाव कें पिरोअल गेल अछि। गीतक बोल आ संगीत दुनू बहुत कर्णप्रिय बनल अछि।

# हाई स्कूल परसाहीक शिक्षक नहि रहलाह, पसरल शोक

मधुबनी, समदिया



लदनियां प्रखंडक उच्च माध्यमिक विद्यालय सिधप परसाही मे 23 फरवरी 2024 सं इतिहास विभाग मे कार्यरत राजनगर बाजार निवासी स्व. जगदीश चौधरीक पुत्र शिक्षक सुरेश कुमार चौधरीक हृदयाघात सं मंगलदिन पूर्वाह्न दस बजे निधन भए गेलनि। जानकारीक अनुसार सोमदिन राति अनचोके हुनकर तबीयत बिगड़ि गेल छल। परिजन हुनका इलाज लेल सकरी स्थित रामशिला अस्पताल पठौलनि, जतय इलाजक क्रम मे हुनकर निधन भए गेलनि। स्व. चौधरी अपन पीड़ा मे पत्नी आ मात्र दू पुत्री छोड़ि गेलाह। हुनकर दाह-संस्कार मे मुखाग्नि भतीजा कुमार अंशु देलनि। निधन पर प्रो. अरुण कुमार, विद्यालयक कर्मी डॉ. राजा रामानंद, अरविंद कुमार साह, प्रकाश कुमार, इंद्रासन, हरिनारायण राम, गणेश कुमार साह, जूही गुप्ता, दिव्या सिंह, अरशिया तजीन, ओमप्रकाश सिंह, रंजीत कुमार, शुभकांत पासवान, इंदु कुमारी, जगदानंद मालाकार, मो. महबूब आलम, अमरेश कुमार सिंह, मंजू कुमारी, रेखा कुमारी, संतोष कुमार गुरमैता, रामप्रकाश साहु, अंकित कुमार साह, निधि कुमारी, स्वाति रानी, मो. वसीम, रंजीत सिंह सहित अन्य कर्मी सभ गहींर शोक संवेदना व्यक्त केलनि। विद्यालयक कर्मी सभ कहलनि जे सुरेश कुमार चौधरीएकटा योग्य आ कर्तव्यनिष्ठ शिक्षक छलाह। हुनका मे एकटा आदर्श शिक्षकक सभ गुण समाहित छल। हुनकर निधन सं विद्यालय परिवारक अपूरणीय क्षति भेल अछि।

# बेलाराहीवासी लेल राहति, एक सप्ताह मे दूर होयत बिजलीक समस्या

झंझारपुर, समदिया

» राम चौक पर पहुंचल नव 11 केवीए केबल, शहरी फीडर सं जुड़त बेलाराही फीडर

शहरक बेलाराही फीडरक उपभोक्ता कें आब बहुत शीघ्र राहति भेटयवाली अछि। पछिला कतेको मास सं लो-वोल्टेज आ बेर-बेर बिजली गुल होयबाक समस्या झेलि रहल लोक कें आब शीघ्र एहि समस्या सं निजात भेटयवाली अछि। दरअसल, राम चौक लग 11 केवीए केबल खराब भए गेलाक कारण विभाग अस्थायी व्यवस्था अंतर्गत बेलाराही फीडर (शहरी क्षेत्र) कें सुखेत फीडर (ग्रामीण क्षेत्र) सं जोड़ि देने छल। शहरी क्षेत्र होयबाक बावजूद बेलाराही मे ग्रामीण फीडर सं बिजली आपूर्ति होयबाक कारण लोक कें भारी परेशानीक सामना करय पड़ि रहल छल आ एहि लेल लोक मे भारी आक्रोश सेहो छल। सुखेत फीडरक क्षेत्र पैघ होयबाक कारण मामूली फॉल्ट, जंफर अथवा अन्य तकनीकी खराबी होयलाक बाद बेलाराहीक बिजली आपूर्ति सेहो बाधित भए जाइत छल। एहि सं उपभोक्ता सभ परेशान छलाह, संगहि विभाग कें फॉल्टक पता लगाबय आ ओकरा ठीक करय मे सेहो बहुत कठिनाइक सामना करय पड़ैत छल। दिन-प्रतिदिन समस्या गंभीर होइत जा रहल छल। आब विभाग एहि समस्याक स्थायी समाधान निकालि लेने अछि। विभागीय सूत्र सं भेटल जानकारीक अनुसार नव 11 केवीए केबल झंझारपुर पहुंचि गेल अछि आ करीब एक सप्ताहक भीतर बेलाराही फीडर कें सुखेत फीडर सं अलग कए पुनः शहरी फीडर सं जोड़ि देल जायत। फीडर अलग होइतहि बेलाराही क्षेत्र मे बिजली आपूर्ति सामान्य आ सुचारु भए जायत। उपभोक्ता कें नीक वोल्टेजक संग निर्बाध बिजली आपूर्ति भेटि सकत।

# दवाइ बाहर सं किनबाक आरोप मे एएनएम प्रसव कक्ष सं मुक्त, कारबाइ पर उठल सवाल

तारडीह, समदिया

प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र, तारडीह मे रोगी कें सरकारी स्टॉक सं दवाइ उपलब्ध करयबाक बदला बाहर सं दवाइ कीनबाक निर्देश देबाक आरोप मे विवाद मे आयल एएनएम प्रतिभा कुमारी कें आब प्रसव कक्ष इकाई सं मुक्त कए देल गेल अछि। पीएचसी तारडीहक प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी द्वारा 24 अगस्त2026 कें जारी आदेश मे हुनका 24 अगस्त सं प्रसव कक्ष इकाई सं मुक्त करैत 25 अगस्त सं अपन मूल पदस्थापन स्थल स्वास्थ्य उपकेंद्र, दादपट्टी मे कार्य संपादन करबाक निर्देश देल गेल अछि। बताओल जाइत अछि जे मामिला तखन सोझां आयल, जखन मिथिला स्टूडेंट यूनियन (एमएसयू) केर दिस सं आरोप लगाओल गेल जे एकटा रोगी कें पीएचसी मे उपलब्ध सरकारी स्टॉकक दवाइ देबाक बदला बाहर सं दवाइ कीनबाक निर्देश देल गेल। एमएसयू द्वारा मामिला उठेलाक बाद एकर जांच कराओल गेल। जांच समितिक प्रतिवेदनक आधार पर आब प्रतिभा कुमारी कें प्रसव कक्ष इकाई सं मुक्त कए हुनकर मूल पदस्थापन स्थल पर पठा देल गेल अछि। हालांकि, कारबाइक प्रकृति कें लए कए आब सवाल सेहो उठिरहल अछि। लोकक कहब अछि जे जं शिकायत गंभीर छल आ तकर बाद जांच समिति गठित कए जांचकराओल गेल, तं जांचक निष्कर्ष आ दोषक स्थिति सेहो स्पष्ट होयबाक चाही। मात्र पदस्थापन मे परिवर्तन कें कारबाइ मानि लेला सं आम लोक मे ई संदेश जा सकैत अछि जे स्वास्थ्य विभाग मे शिकायतक निपटारा मात्र स्थानांतरण अथवा पदस्थापन परिवर्तन धरि सीमित अछि। स्वास्थ्य व्यवस्था सं जुड़ल मुद्दापर मुखर रहनिहार मनीष कुमार सेहो एहि मामिला मे सवाल ठाढ़ केलनि अछि। हुनकर कहबअछि जे एक योग्य एएनएम प्रतिभा कुमारी कें मात्र हस्तांतरित कए देला सं की प्रशासन अपन जिम्मेवारी पूरा मानि लैत अछि? जं सरकारी स्टॉक मे दवाइ उपलब्ध रहितो रोगी कें बाहर सं दवाइ कीनबाक निर्देश देबाक शिकायत सोझां आयल छल, तं ई सेहो स्पष्ट होयबाक चाही जे जांच मे कीपाओल गेल आ एकर जिम्मेवारी केकरा पर निर्धारित भेल। एहि बीच छात्र नेता गौतम झा सेहो मामिला कें गंभीर बतबैत आंदोलनक चेतावनी देने छथि। हुनकर कहब अछि जे स्वास्थ्य केंद्र मे रोगी कें सरकारी दवाइ आ स्वास्थ्य सुविधा निर्धारित व्यवस्थाक अनुरूप उपलब्ध करेनाइ सुनिश्चित कएल जाय आशिकायतक निष्पक्ष जांच करैत दोषी पाओल जायवाला पर कारबाइ हो। मामिला सं तारडीह प्रखंडक स्वास्थ्य व्यवस्था मे सरकारी दवाइक वितरण आ ओकर निगरानी कें लए कए कतेको सवाल ठाढ़ भए गेल अछि। स्थानीय स्तर पर ई चर्चो अछि जे की ई मामिला मात्र एकटा कर्मचारी धरि सीमित अछि अथवा सरकारी दवाइ वितरण व्यवस्थाक व्यापक जांचक आवश्यकता अछि। हालांकि, कोनो पैघ भ्रष्टाचारक रैकेट अथवा नेटवर्कक आधिकारिक पुष्टि फिलहाल नहि भेल अछि। आब सवाल ई अछि जे जांच समितिक प्रतिवेदन मे आखिर की निष्कर्ष निकलल आ प्रतिभा कुमारी कें प्रसव कक्ष सं हटेबाकअतिरिक्त प्रशासनक दिस सं कोनो आन कारबाइ कएल गेल अछि वा नहि। लोकक नजरि एहि बात पर सेहो अछि जे स्वास्थ्य विभाग एहि पूरा मामिला मे पारदर्शिताक संग जांचक निष्कर्ष सार्वजनिक करैत अछि अथवा कारबाइ पदस्थापन परिवर्तन धरि सीमित रहैत अछि।

# दरभंगा मे उच्च शिक्षा आ विधि शिक्षाक होयत कायाकल्प : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

## सांसद उच्च शिक्षा मंत्री कें सम्मानित कए जतौलनि आभार

दरभंगा, समदिया



▪ उच्च शिक्षा मंत्री सं भेंट कए सांसद केलनि विस्तार सं चर्चा

दरभंगाक ज्ञान परंपराक प्राचीन गरिमा कें फेर वापस अनबाक लेल केंद्र आ राज्यक एनडीए सरकार द्वारा ठोस पहल शुरू कए देल गेल अछि। दरभंगा कें उच्च शिक्षा संगहि तकनीकी शिक्षा, विधि शिक्षा आ शोधक क्षेत्र मे प्रमुख केंद्र बनेबाक लेल लगातार प्रयास कएल जा रहल अछि। स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर मंगलदिन बिहार सरकारक विधि एवं उच्च शिक्षा मंत्री संजय सिंह टाइगर सं भेल भेटक बाद उक्त जानकारी देलनि। सांसद डॉ. ठाकुर विधि एवं उच्च शिक्षा मंत्री संजय सिंह टाइगर सं भेटक दौरान दरभंगा मे उच्च शिक्षा आ विधि शिक्षा सं जुड़ल वर्तमान मे चलि रहल विकास कार्य, निर्माणाधीन परियोजना, संस्थान सभक स्थिति आ भविष्यक आवश्यकतापर विस्तार सं चर्चा केलनि। सांसद डॉ. ठाकुर दरभंगा कें शैक्षणिक रूप सं उत्तर बिहारक केंद्र बनेबाक मुद्दापर ध्यानआकृष्ट करबैत कहलनि जे दरभंगा बिहारक प्रमुख उच्च शिक्षा केंद्र सभ मे सं एक अछि। जिला मे ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय आ कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय जेहनमहत्वपूर्ण विश्वविद्यालय कार्यरत अछि। एहि विश्वविद्यालय सभक अंतर्गत दरभंगा मे 17 अंगीभूत डिग्री कॉलेज, 26 संबद्ध डिग्री कॉलेज आ 5 संस्कृत कॉलेज अछि। एकर अतिरिक्त इंजीनियरिंग, पॉलिटेक्निक, महिला प्रौद्योगिकी संस्थान सहित अन्य उच्च आ तकनीकी शिक्षण संस्थान सेहो संचालित अछि। एहि संस्थान सभ मे आधारभूत संरचना, शैक्षणिक व्यवस्था तथा नवाचार कें मजबूत करबाक संग तकनीकी आ व्यावसायिक शिक्षा सं जोड़बाक दिशा मे पहल शुरू करबाक आवश्यकता अछि। सांसद डॉ. ठाकुर मंत्रीक संग दरभंगा कॉलेज ऑफ इंजीनियरिंग, महिला अभियंत्रण महाविद्यालय, राजकीय पॉलिटेक्निक आ आईटीआई जेहन तकनीकी संस्थान मे गुणवत्तापूर्ण शिक्षा, आधुनिक पाठ्यक्रम, रोजगारपरक प्रशिक्षण आ उद्योग सभ सं नीक समन्वय लेल क्षेत्र आ राज्यक एनडीए सरकार द्वाराकएल गेल पहल कें रेखांकित केलनि। ओ कहलनि जे पीएम ऊषा योजना सं एमएनएमयू कें शोध विश्वविद्यालयक दर्जा आ 100 करोड़ टकाक वित्तीय सहायता भेटब तथा पीएम सेतु योजना अंतर्गत रामनगर आईटीआई आ बहेरी आईटीआईक क्लस्टरक रूप मे चयन होयब ऐतिहासिक उपलब्धि अछि, जे आगू चलि वरदान साबित होयत। सांसद डॉ. ठाकुर मंत्री संजय सिंह टाइगर सं बार काउंसिल ऑफ इंडिया सं अनुमोदित दरभंगा स्थित चंद्रधारी मिथिला विधि महाविद्यालयक आधारभूत संरचनाक विकास आ छात्रावास लेल शीघ्र पहल करबाक आग्रह केलनि। ओ जिलाक न्यायिक व्यवस्था सं जुड़ल मामिला सभक संचालन लेल संस्थागत व्यवस्थाक उन्नयन दिस सेहो ध्यान आकृष्ट करौलनि।

# विद्यार्थी सहयोग पोर्टल सं आब छात्र सभक समस्याक होयत त्वरित समाधान

**सहरसा, समदिया**

## जननायक कर्पूरी ठाकुर छात्रावास मे पहिल शिविर आयोजित



» डीएम केलनि शिविरक शुभारंभ, 30 दिन मे समस्या समाधानक प्रावधान

विद्यार्थी सभक शैक्षणिक आ छात्रावास सं संबंधित समस्या केर त्वरित, पारदर्शी आ प्रभावी समाधानक उद्देश्य सं मंगलदिन जननायक कर्पूरी ठाकुर छात्रावास मे विद्यार्थी सहयोग पोर्टलक पहिल शिविर आयोजित कएल गेल। शिविरक औपचारिक शुभारंभ जिलाधिकारी दीपेश कुमार केलनि। एहि दौरान पैघसंख्या मे छात्र उत्साहपूर्वक भाग लेलनि आ अपन समस्या, शिकायत आ सुझाव प्रशासनक समक्ष रखलनि। एहि अवसर पर जिलाधिकारी कहलनि जे विद्यार्थी सभक कल्याण जिला प्रशासनक प्राथमिकता अछि। विद्यार्थी सहयोग पोर्टल छात्र सभक समस्या केर त्वरित आ पारदर्शी समाधानक दिशा मे एकटा महत्वपूर्ण पहल अछि। एहि पोर्टलक माध्यम सं छात्र सभ अपन समस्या व्यवस्थित ढंग सं दर्ज कएसकैत छथि आ संबंधित विभाग द्वारा ओकर समाधानक प्रक्रिया सेहो सहज आ प्रभावी ढंग सं आगूबढ़ाओल जायत। जिलाधिकारी कहलनि जे पोर्टलक माध्यम सं प्राप्त शिकायतक निगरानी सेहो कएलजायत, जाहि सं विद्यार्थी सभ कें अपन समस्या केर समाधान लेल अनावश्यक रूप सं कार्यालयक चक्कर नहि लगाबय पड़य। पोर्टल पर दर्ज परिवादक 30 दिनक भीतर समयबद्ध समाधान सुनिश्चित करबाक प्रावधान कएल गेल अछि। समाधान भेलाक बाद आवेदक कें ओकर सूचना सेहो देल जायत। प्रशासनक दिस सं छात्र सभक सुविधा लेल प्रत्येक मासक पहिल मंगलदिन विद्यार्थी सहयोग शिविर आयोजित करबाक निर्णय लेल गेल अछि। एहि शिविर मे छात्र सभ अपन शैक्षणिक, छात्रावास, आधारभूत सुविधा अथवा अन्य समस्या सीधे पदाधिकारीक समक्ष राखि सकताह।एकर अतिरिक्त विद्यार्थी 24 घंटा ऑनलाइन पोर्टल पर अपन शिकायत अथवा सुझाव दर्ज कए सकैतछथि। त्वरित सहायता आ मार्गदर्शन लेल टोल-फ्री हेल्पलाइन नंबर 1100 सेहो जारी कएल गेल अछि। प्रशासनक अनुसार विद्यार्थी सहयोग पोर्टल मात्र शिकायतक निवारणक माध्यम नहि, बल्कि छात्रहित मे प्रशासनिक व्यवस्था कें बेसी उत्तरदायी, पारदर्शी आ संवेदनशील बनेबाक प्रयास अछि। विद्यार्थी सभ समस्याक समाधान, नीक शिक्षाक दिशा मे मजबूत कदम केर मूल मंत्रक संग जिला प्रशासन विद्यार्थी सभक सर्वांगीण विकास लेल लगातार प्रयासरत अछि।

# नेपालक ललितपुर मे श्री कुमारी छेन आ नव कुमारी निवासक भव्य उद्घाटन

**जनकपुरधाम, समदिया**



नेपालक ललितपुर स्थित ऐतिहासिक पाटन क्षेत्र मे भारत आ नेपालक साझा सांस्कृतिक विरासत सं जुड़ल महत्वपूर्ण स्थल श्री कुमारी छेन आ नव कुमारी निवासक विधिवत उद्घाटन कएल गेल। भारतक नेपाल स्थित राजदूत नवीन श्रीवास्तव, सांसद जगदीश खरेल तथा ललितपुर महानगरपालिकाक मेयर चिरीबाबूमहर्जन संयुक्त रूप सं नव निर्मित आ पुनर्स्थापित सांस्कृतिक विरासत स्थल सभक उद्घाटन केलनि। एहि अवसर पर पारंपरिक समारोह आयोजित कएल गेल आ उद्घाटन पट्टिकाक अनावरण सेहो भेल। श्री कुमारी छेन आ नव कुमारी निवासक पुनर्निर्माण भारत सरकार द्वारा भूकंपक बाद पुनर्निर्माण सहायताकअंतर्गत देल गेल करीब 5 करोड़ नेपाली टकाक अनुदान सं कएल गेल अछि। परियोजनाक कार्यान्वयन नेपाल सरकारक सीएलपीआईयू द्वारा कएल गेल, जखन कि डिजाइन आ परियोजना प्रबंधन परामर्शक जिम्मेवारी भारत सरकारक इंटैक द्वारा निभाओल गेल। कार्यक्रम मे सांसद जगदीश खरेल स्थानीय लोकक योगदानक सराहना करैत जीवंत सांस्कृतिक विरासतक संरक्षण पर जोर देलनि। ओतहि मेयर चिरीबाबू महर्जन ललितपुर सहित नेपालक विभिन्न भाग मेसांस्कृतिक विरासतक संरक्षण आ पुनर्निर्माण मे भारत सरकारक सहयोगक प्रशंसा केलनि। राजदूत नवीनश्रीवास्तव भारत आ नेपालक गहीर सांस्कृतिक संबंधक उल्लेख करैत कहलनि जे ऐतिहासिक स्मारक सभक पुनर्निर्माण दुनू देशक साझा विरासत, मित्रता आ मजबूत साझेदारीक स्थायी प्रतीक अछि। भारतसरकार नेपाल मे भूकंपक बाद पुनर्निर्माण सहायताक अंतर्गत आठ जिला मे 30 सांस्कृतिक विरासत स्थल सभक संरक्षण मे सहयोग देने अछि। एकर अतिरिक्त गोरखा आ नुवाकोट जिला मे 50 हजार निजी घर, आठ जिला मे 85 शैक्षणिक संस्थान तथा नेपालक 11 जिला मे 133 स्वास्थ्य सुविधाक पुनर्निर्माण मे सेहो भारत सरकार द्वारा सहायता देल गेल अछि।

# शिविर मे ग्रामीण कें देल गेल डिजिटल बैंकिंग आ ऋण योजनाक जानकारी

**सीतामढ़ी, समदिया**



दि सेंट्रल को-ऑपरेटिव बैंक लिमिटेडक मेहसौल शाखा विस्तार पटल आ नाबार्डक सहयोग सं रीगा प्रखंडक साखी गांव मे एक दिवसीय फ्लैप कैंप आ निःशुल्क स्वास्थ्य जांच शिविरक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक नेतृत्व शाखा प्रबंधक रूपेश कुमार केलनि। ओ कहलनि जे कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य ग्रामीण क्षेत्रक लोक कें बैंकिंग सेवा प्रति जागरूक करब आ हुनका स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध करेनाइ छल। शिविरक उद्घाटन मुख्य अतिथि चिकित्सक डॉ. दिवाकर आ शाखा प्रबंधक रूपेश कुमार संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए केलनि। शाखा प्रबंधक ग्रामीण सभ कें बैंक द्वारा संचालित विभिन्न ऋण योजना, जमा योजना आ डिजिटल बैंकिंग सेवाक विस्तृत जानकारी देलनि। ओ नाबार्डक सहयोग सं भेटयवला लाभक संबंध मे सेहो जानकारी देलनि आ लोक सभ सं एहि योजनाक बेसी सं बेसी लाभ उठेबाक अपील केलनि।शिविरक दौरान निःशुल्क स्वास्थ्य जांच शिविर सेहो आयोजित कएल गेल। एहि मे चिकित्सक डॉ.दिवाकर शिविर मे पहुंचल दर्जनौं ग्रामीण रोगी, बैंकक खाताधारक आ स्थानीय नागरिकक निःशुल्क स्वास्थ्य जांच कए चिकित्सकीय परामर्श आ दवा देलनि। ग्रामीण सभ शाखा प्रबंधक रूपेश कुमारक एहि जनहितकारी प्रयासक भूरि-भूरि प्रशंसा केलनि। सफल आयोजन मे बैंकक अन्य कर्मी सभक सराहनीयसहयोग रहल।

# मुरादपुर मे तीन दिवसीय श्रीकृष्ण जन्माष्टमी महोत्सवक तैयारी तेज

**नोहट्टा, सहरसा/समदिया**



प्रखंड अंतर्गत मुरादपुर पंचायत मे श्रीकृष्ण जन्माष्टमी महोत्सव कें लए कए तैयारी तेज कए देल गेल अछि। श्रीकृष्ण पूजा समितिक बैसार आयोजित कए पूर्वक भांति एहि बरख सेहो भव्य कार्यक्रम आयोजित करबाक निर्णय लेल गेल। बैठकक अध्यक्षता समितिक अध्यक्ष कन्हैया ठाकुर केलनि। आयोजन कें सफल बनेबाक लेल सदस्य सभ कें अलग-अलग जिम्मेवारी सेहो सौंपल गेलनि। समितिक सचिव सहजानंदभारद्वाज कहलनि जे जन्माष्टमी महोत्सवक तैयारी तेजी सं चलि रहल अछि। भगवान श्रीकृष्ण सहित विभिन्न देवी-देवताक प्रतिमाक निर्माण कार्य जारी अछि। ओतहि समितिक कोषाध्यक्ष पिंकू ठाकुर कहलनि जे महोत्सव मे पैघ संख्या मे श्रद्धालुक पहुंचबाक संभावना कें देखैत भव्य पंडाल आ आकर्षक रोशनीक नीक व्यवस्था कएल जायत। समितिक संस्थापक सदस्य सत्य प्रकाश झा कहलनि जे रक्षाबंधनकदिन 28 अगस्त सं 3 सितंबर धरि ग्रामीण कलाकार सभ द्वारा नारदी भजनक प्रस्तुति कएल जायत।तकर बाद जन्माष्टमी महोत्सवक अंतर्गत 3 सितंबर कें श्रीकृष्ण नाट्य कला मंच, मुरादपुर द्वारा भव्य जागरण आ झांकी, 4 सितंबर कें आर्केस्ट्रा तथा 5 सितंबर कें गजल आ गीत-संगीतक आयोजन होयत।कार्यक्रम मे सारेगामापा आ सुर संग्राम सं जुड़ल नामचीन कलाकार सभक प्रस्तुति आकर्षणक केंद्र रहत।महोत्सव कें शांतिपूर्ण आ व्यवस्थित ढंग सं संपन्न करबाक लेल सेहो विशेष चर्चा कएल गेल। बैसार मे मुखिया राहुल झा, सरपंच पप्पू पासवान, पैक्स अध्यक्ष सुशील झा, समिति प्रतिनिधि त्रिलोक नाथ पासवान सहित संत ठाकुर, जितेंद्र ठाकुर, सुनील ठाकुर, पंकज ठाकुर, राजीव ठाकुर नुनु, मन्नू ठाकुर, अजय ठाकुर, दिनेश झा कमांडर, संतोष ठाकुर, प्रदीप कुमार ठाकुर गुड्डु, अमीय ठाकुर मुरारी सहित समितिक कतेको सदस्य आ गांवक प्रबुद्धजन उपस्थित छलाह।

# ईद मिलादुन्नबी रहमतुल्लिल आलमीनक आमदक जश्न : शरफे आलम

**सीतामढ़ी, समदिया**



मदरसा जामिया मुस्तफविया रजविया गोवर्धनपुरक संचालक शरफे आलम रजवी अमजदी कहलनि जे ईद मिलादुन्नबीक पावन अवसर पर आशिकाने रसूल मे खुशी आ उत्साहक वातावरण अछि। एहि पवित्र मास रबीउल अव्वल मे रहमतुल्लिल आलमीन, आखरी नबी हजरत मुहम्मद मुस्तफा साहेबक शुभ जन्म-विलादत भेल छल। ओ कहलनि जे रिवायतक अनुसार हुजूर नबी करीमक जन्म मक्का मुकर्रमा मे 12 रबीउल अव्वल कें भेल छल। हुनकर आमद संपूर्ण मानवताक लेल रहमत, मार्गदर्शन, शांति, न्याय आ भाईचाराक संदेश लए कए भेल। हुनकर पवित्र जीवनी आ आदर्श आइयो संपूर्ण मानवताक लेल सर्वोत्तम उदाहरण अछि। ईद मिलादुन्नबीक अवसर पर ठाम-ठाम मिलाद शरीफ, नात-ए-पाक, दुरूद व सलाम आ धार्मिक कार्यक्रमक आयोजन कएल जा रहल अछि। एहि अवसर पर लोक सभ सं अपील कएल जा रहल अछि जे ओ नबी करीमक पवित्र जीवनी, हुनकर शिक्षा आ हुनका द्वारा बताओल नेक बाट कें अपन जीवन मे अपनाबी।

# मिथिला जीविका महिला स्वावलंबी सहकारी संघक वार्षिक आम सभा आयोजित

**सहरसा, समदिया**




जीविका द्वारा संपोषित मिथिला जीविका महिला स्वावलंबी सहकारी संकुल संघ लिमिटेड, सौरबाजारक वार्षिक आम सभा 2025-26 संकुल कार्यालय मे आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ समितिक अध्यक्ष नीमा देवी, निदेशक मंडल, जीविका जिला कार्यालयक प्रबंधक संस्था निर्माण एवं क्षमतावर्धन राकेश कुमार नीरज तथा प्रखंड परियोजना प्रबंधक आनंद प्रकाश संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए केलनि। अध्यक्ष नीमा देवी कहलनि जे छह पंचायत मे 1,307 स्वयं सहायता समूह आ 79 ग्रामसंगठनक माध्यम सं महिलाक आर्थिक आ सामाजिक सशक्तीकरण, प्रशिक्षण, स्वास्थ्य-पोषण, सामाजिक सुरक्षा तथा ग्रामीण परिवार कें स्वयं सहायता समूह सं जोड़बाक काज कएल जा रहल अछि। आगांकवर्षक कार्ययोजना सेहो प्रस्तुत कएल गेल। सचिव सरिता देवी वार्षिक प्रगति प्रतिवेदन आ कार्ययोजना,जखन कि कोषाध्यक्ष मीना देवी लेखा-परीक्षण, आय-व्यय आ आगामी बजटक प्रतिवेदन प्रस्तुत केलनि। सदस्य सभ एहि सभ कें अनुमोदित केलनि। लेखापाल दिलेश्वर कहलनि जे 79 ग्राम संगठनक माध्यम सं15,776 सदस्य संघ सं जुड़ल छथि। संघ कें 7.09 करोड़ टकाक पूंजीकरण निधि, 34.81 लाख टका ब्याज तथा 4.42 लाख टका बैंक ब्याज प्राप्त भेल अछि। बरख 2025-26 मे 32.16 लाख टकाक लाभ अर्जित कएल गेल। जीविका द्वारा 1,991 अभ्यर्थी कें प्रशिक्षण दए रोजगार उपलब्ध कराओल गेल। उत्कृष्ट प्रदर्शन कएनिहार संगठन आ कर्मी सभ कें सम्मानित कएल गेल।

# स्वास्थ्य मंत्रीक रेखा कुमारीक आवास पर भेल आत्मीय स्वागत

**सीतामढ़ी, समदिया**

## शॉल ओढ़ा कए कएल गेल सम्मान



बिहारक स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार बिहार विधान परिषदक सदस्य सीतामढ़ी-शिवहर रेखा कुमारीक आवास पर पहुंचि हुनका सं शिष्टाचार भेंट केलनि। एहि दौरान श्रीमती रेखा कुमारी आ शिशु रोग विशेषज्ञ डॉ. मनोज स्वास्थ्य मंत्रीक स्वागत करैत हुनका शॉल ओढ़ा कए सम्मानित केलनि। भेटक दौरान स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार आ विधान परिषद सदस्य रेखा कुमारीक बीच विभिन्न समसामयिक विषय पर चर्चा भेल। एहि अवसर पर क्षेत्र मे स्वास्थ्य सेवा कें बेसी नीक बनेबाक, आम लोक धरि गुणवत्तापूर्ण चिकित्सा सुविधा पहुंचेनाइ सुनिश्चित करबाक तथा जनहित सं जुड़ल मुद्दा पर सेहो विचार-विमर्श भेल। रेखास्वास्थ्य मंत्रीक अपन आवास पर स्वागत करैत कहलनि जे एहि तरहक शिष्टाचार भेंट सं आपसी समन्वय आ संवाद कें मजबूती भेटैत अछि। ओतहि डॉ. मनोज सेहो स्वास्थ्य मंत्रीक अभिनंदन करैत हुनका सम्मानित केलनि।

## महिला समानता दिवस विशेष

# महिला समानताक उदाहरण बनली डीएसपी सुचित्रा कुमारी

**सीतामढ़ी, मो. कमर अख्तर**



▪ समान अवसर भेटय तं बेटी सभ कोनो क्षेत्र मे नेतृत्वक नव इबारत लिखि सकैत छथि

महिला समानता दिवस पर ओहि महिला सभ कें सामने अनबाक अवसर अछि, जे अपन मेहनत, प्रतिभा आ दृढ़ इच्छाशक्ति सं सामाजिक धारणा बदललनि। बिहार पुलिसक डीएसपी सुचित्रा कुमारी एहनहि प्रेरणादायक महिला अधिकारी सभ मे सं एक छथि। पुरुष प्रधान मानल जायवला पुलिस विभाग मे ओ अपन कर्तव्यनिष्ठा, अनुशासन आ नीक पुलिसिंगक माध्यम सं विशिष्ट पहचान बनेलनि। झारखंडक गिरिडीह जिलाक सरैया मे मध्यमवर्गीय परिवार मे जन्मल सुचित्रा कुमारीक प्रारंभिक शिक्षा नेतरहाट स्कूल मे भेल। प्रतिष्ठित संस्थान सं शिक्षा प्राप्त केलाक बाद ओ बीटेकक डिग्री हासिल केलनि। तकनीकी शिक्षाक क्षेत्र मे आगू बढ़लाक बावजूद हुनकर आकर्षण प्रशासनिक सेवाक प्रति रहल। बिहार लोक सेवा आयोगक 64म संयुक्त प्रतियोगिता परीक्षा मे सफलता प्राप्त कए ओ पुलिस उपाधीक्षकक पद हासिल केलनि। पुलिस सेवा मे अयलाक बाद प्रशिक्षु डीएसपीक रूप मे सोनबरसा थाना मे थानाध्यक्षकजिम्मेवारी सम्हारैत ओ कानून-व्यवस्था, अपराध नियंत्रण आ आम लोकक शिकायत सुनबाक जमीनी अनुभव प्राप्त केलनि। हुनकर पुलिसिंग मात्र अपराधी पर कारबाइ धरि सीमित नहि रहल, बल्कि आम नागरिक मे सुरक्षा आ न्याय पर भरोसा पैदा करब सेहो रहल। मार्च 2025 मे गृह विभागक आदेशक बादहुनकर स्थानांतरण लखीसराय सं मुजफ्फरपुर पश्चिम डीएसपीक पद पर भेल। एतय ओ अपराध नियंत्रण, फरार आरोपितक गिरफ्तारी, वारंटक निष्पादन आ जनता-पुलिसक बीच नीक संबंध स्थापित करबाक दिशामे काज कए रहल छथि। सुचित्रा कुमारीक यात्रा ई संदेश दैत अछि जे महिला कें समान अवसर आ सम्मान भेटय तं ओ चुनौतीपूर्ण क्षेत्र मे सेहो प्रभावी नेतृत्व दए सकैत छथि। हुनकर उपलब्धि नव पीढ़ीक बेटी सभ लेल प्रेरणाक स्रोत अछि।

## निधि कुमारी अपन संघर्षक बदौलत पाओलनि मंजिल

**सीतामढ़ी, समदिया**



कोनो महिलाक सफलता मात्र हुनकर व्यक्तिगत उपलब्धि नहि होइत अछि, बल्कि ओ सभ महिला लेल आशाक किरण बनि जाइत छथि, जे परिस्थिति सं लड़ैत अपन सपना पूरा करबाक साहस रखैत छथि। एहनहि प्रेरणादायक कथा अछि मधेसरा निवासी निधि कुमारीक, जे संघर्षक बीच अपन लक्ष्य नहि छोड़लनि आ आइ बीपीएससी शिक्षिका बनि बच्चा सभक भविष्य संवारि रहल छथि। निधि कुमारीकशैक्षणिक यात्रा आईएससी आ डीएलएड धरि रहल। शिक्षाक क्षेत्र मे रुचि रहबाक कारण ओ अपन करियरक शुरुआत कोचिंग संस्थान आ निजी विद्यालय मे पढ़ेबाक काज सं केलनि। सीमित संसाधन आ जिम्मेवारीक बावजूद ओ शिक्षण कार्य कें मात्र रोजगार नहि, बल्कि अपन सपना धरि पहुंचबाक सीढ़ी बनेलनि। जीवन मे आगू बढ़ैत निधि जीविका मे सेहो काज केलनि। अलग-अलग जिम्मेवारी आ चुनौतीक बीच हुनकर संघर्ष जारी रहल। परिस्थिति आसान नहि छल, मुदा ओ कठिनाइ कें अपन लक्ष्यक बाटक बाधा नहि बने देलनि। ओ लगातार मेहनत करैत रहलनि आ नीक भविष्यक लेल प्रयास करैत रहलनि। एहिनिरंतर संघर्ष आ मेहनतिक परिणाम रहल जे निधि कुमारी बीपीएससी शिक्षक परीक्षा उत्तीर्ण केलनि। आइ ओ प्राथमिक विद्यालय, फतेहपुर मे शिक्षिकाक रूप मे अपन सेवा दए रहल छथि। कहियो कोचिंग आ निजी विद्यालय मे बच्चा सभ कें पढ़ेबाली निधि आब सरकारी विद्यालय मे शिक्षिका बनि नहि मात्र बच्चा सभ कें शिक्षा दए रहल छथि, बल्कि अपन संघर्षक माध्यम सं समाजक बेटी सभक समक्ष सेहो एकटा उदाहरण प्रस्तुत कए रहल छथि। निधिक कथा ई संदेश दैत अछि जे महिला कें अवसर आ परिवार तथा समाजक सहयोग भेटय तं ओ कोनो क्षेत्र मे अपन पहचान बना सकैत छथि। सफलता धरि पहुंचबाक बाट सदिखन सहज नहि होइत अछि, मुदा निरंतर प्रयास, आत्मविश्वास आ लक्ष्यक प्रति समर्पण कठिन बाट कें सेहो मंजिल धरि पहुंचा दैत अछि।

## संघर्ष, संवेदना आ बदलावक उदाहरण बनली पायल कुमारी

**सीतामढ़ी , समदिया**



महिला समानता दिवसक अवसर पर ओहि महिला सभ कें याद करब आ सम्मान देब जरूरी अछि, जे अपन अधिकारक लेल आवाज उठेबाक संगहि दोसर महिला आ बच्चा सभक अधिकारक रक्षा कें अपन जीवनक उद्देश्य बनेलनि। एहनहि प्रेरणादायी व्यक्तित्व छथि पायल कुमारी, जे वर्तमान मे अदिथी संस्था मे जिला परियोजना प्रबंधकक रूप मे कार्यरत छथि। समाजशास्त्र मे स्नातकोत्तर शिक्षा प्राप्त पायल कुमारी पछिला 10 बरख सं महिला आ बाल अधिकार, सुरक्षा, सम्मान आ कल्याण लेल निरंतर काज कए रहल छथि। बाल विवाह, बाल श्रम, हिंसा, शोषण, मानव तस्करी आ बच्चा सभक सुरक्षा जेहन संवेदनशीलमुद्दा पर ओ समुदाय, प्रशासन आ विभिन्न विभागक संग समन्वय कए समाधानक दिशा मे सक्रियभूमिका निभौलनि। पायल कुमारीक माननाइ अछि जे महिला समानता मात्र महिला कें अवसर देबाक विषय नहि, बल्कि हुनका निर्णय लेबाक, अपन बात रखबाक आ सम्मानक संग जीवन जीबाक अधिकारदेबाक विषय अछि। ग्रामीण आ वंचित समुदाय मे काज करैत ओ बुझलनि जे अधिकारक जानकारीक संग परिवार, समुदाय आ प्रशासनक सहयोग सेहो जरूरी अछि। पछिला एक दशक मे सामाजिक सोच, जागरूकताक कमी आ संसाधनक अभाव जेहन चुनौतीक सामनाकरितो हुनकर संकल्प कमजोर नहि भेल। हुनकर यात्रा ई संदेश दैत अछि जे निरंतर आ ईमानदार प्रयास सं सामाजिक बदलाव संभव अछि। एकटा महिलाक आवाज तखने पूर्ण रूप सं मजबूत होइत अछि, जखन ओ अपन संग ओहि महिला आ बच्चा सभक आवाज सेहो बनि जाइत छथि, जिनका समाज एखन धरि पर्याप्त अवसर नहि देने अछि।



# कैदी फूल सं नाग मुकुटे किएक बनबैत छथि!

कुमार नितेश



बाबा वैद्यनाथक दरबार मे पहुंचला पर एकटा बात बुझना जाइत अछि। श्रद्धा मात्र पैरे चलि कए मंदिर धरि नहि पहुंचैत अछि। ओ ककरो हाथक साधना बनि कए सेहो पहुंचैत अछि। देवघर मे बाबाक दैनिक श्रृंगार मे फूल आ बेलपत्र सं बनल नाग मुकुट एहि साधनाक एकटा अद्भुत रूप अछि। उपलब्ध विवरणक अनुसार बीसम शताब्दीक दोसर दशक मे ब्रिटिश कालीन अधिकारी जे. डब्ल्यू. टेलरक समय नाग मुकुट बनेबाक ई परंपरा आरंभ भेल, जे आइयो जेलक बंदीक हाथे जीवित अछि। श्रावण पूर्णिमाक दिन ई परंपरा अपन विशेष रूप मे सामने अबैत अछि। ओहि दिन दूटा पुष्प नाग मुकुट बनाओल जाइत अछि – एकटा बाबा वैद्यनाथ लेल आ दोसर बाबा बासुकीनाथ लेल। ई परंपरा मात्र सावन धरि सीमित नहि अछि। वर्षक लगभग प्रत्येक दिन बाबाक श्रृंगार मे ई मुकुट सम्मिलित होइत अछि। मात्र महाशिवरात्रिक राति मे एकर क्रम बदलि जाइत अछि। ओहि राति नाग मुकुटक स्थान पर मौर चढ़ाओल जाइत अछि, कारण तखन बाबाक विवाह होइत अछि। ई परंपराक प्रारंभ ब्रिटिश कालक एकटा अंग्रेज अधिकारीक पुत्रक बेमारी आ बाबा वैद्यनाथ सं कएल गेल कबुला सं जोड़ि कए देखल जाइत अछि। प्रचलित कथाक अनुसार पुत्र स्वस्थ भेला पर बाबाक लेल नाग मुकुट बना कए चढ़ेबाक परंपरा आरंभ भेल। मुदा एकर आरंभक संपूर्ण लिखित विवरण उपलब्ध नहि अछि। अलग-अलग स्रोत मे एकर कथा आ विवरण सेहो भिन्न भेटैत अछि। तें एकर प्रत्येक बात कें निर्विवाद ऐतिहासिक तथ्य मानब कठिन अछि। मुदा एकटा प्रश्न एखनो सामने ठाढ़ अछि – मुकुट बनेबाक छल तं नागे किएक? ओहि पहिल मुकुट बनाबयवला बंदीक सामने फूल छल, बेलपत्र छल आ शिवक स्वरूप छल। ओ चंद्र मुकुट बना सकैत छल। उज्जर फूल सं जटा मे उतरैत गंगाधाराक बिंब बना सकैत छल।

**श्रावणी पथ : कड़ी-26**

फूलक साधारण माला सेहो बना सकैत छल। शिवक कंठ मे नाग छल तं नागहार बनाओल जा सकैत छल। मुदा तकर बाद सेहो ओकर कल्पना नाग कें मस्तक धरि किएक लए गेल? एकर उत्तर हमरा सभक लग नहि अछि। ई सेहो संभव अछि जे ओकरा लेल ई मात्र शिल्पक सहज कल्पना रहल हो। संभव अछि जे शिवक स्वरूप कें देखैत ओकर कंठ मे विराजमान नाग कें फूल मे उतारबाक विचार ओकर मोन मे आयल हो। शायद ओ क्षण किछु एहन रहल होयत – सामने फूल छल, बेलपत्र छल आ शिवक स्वरूप छल। एहि सभक बीच कोनो अनाम बंदीक हाथ सं एकटा एहन आकृतिक जन्म भेल होयत, जे आगू चलि कए परंपरा बनि गेल। एतय फूल आ नाग कें एक्के संग देखला पर एकटा दोसर अर्थ सेहो खुलैत अछि। फूल कोमलता, सुगंध आ सौंदर्यक सहज प्रतीक अछि। चंद्रमा आ गंगा सेहो शिवक मस्तक लेल शीतलता, उजास आ प्रवाहक प्रतीक छथि। नाग अपना मे कठोर नहि अछि, मुदा मनुष्यक सामूहिक स्मृति मे ओ भय, विष आ दंशक आशंकाक प्रतीक बनि जाइत अछि। फूल देखैत मोन ओकरा अपन दिस खींचैत अछि। नागक कल्पना मनुष्य कें सावधान करैत अछि। फूल आकर्षित करैत अछि, विष सं बचल जाइत अछि। मुदा विषक प्रतीक नागक आकृति फूल सं बनैत अछि। नागक आकृति रहैत अछि, मुदा ओहि मे विष नहि रहैत अछि। दंशक संकेत रहैत अछि, दंश नहि। भयक आकृति रहैत अछि, मुदा भय उत्पन्न करयबला वस्तु नहि। फूल नाग कें मेटबैत नहि अछि, ओकर रूप कें अपन भीतर धारण कए लैत अछि। संभवतः एहि मुकुटक सभ सं अनकहल रूपक इएह अछि – कोमलता भय कें मेटबैत नहि, ओकरा अपन भीतर साधि लैत अछि। शिवक स्वरूप मे ई भाव पहिनहि सं विद्यमान अछि। ओ विष कें कंठ मे रोकि लैत छथि। नाग कें अपन शरीर पर धारण करैत छथि। जाहि प्रतीक सं मनुष्य सहज रूप सं दूरी बनबैत अछि, शिव ओकरा अपना सं दूर नहि करैत छथि। हुनकर स्वरूप मे विष आ अमृत, श्मशान आ जीवन, तांडव आ समाधि सन विरोधी तत्व एक्के संग देखाइत अछि। एहि लेल नाग मुकुट कें मात्र धार्मिक श्रृंगार मानि लेब संभवतः ओकर संपूर्ण अर्थ कें बुझब नहि होयत। फूल आ नाग एक-दोसरा कें मेटबैत नहि छथि। दुनू मिलि कए एकटा तेसर रूप बनबैत छथि। नाग अपन आकृति रखैत अछि आ फूल अपन कोमलता। विरोध समाप्त नहि होइत अछि, बल्कि एकटा नव रूप मे साधल जाइत अछि। एतहि जेलक छहरदेवाली फेर देखाइ पड़ैत अछि। जाहि संस्थाक काज अपराध लेल दंड देनाइ अछि, ओहि संस्थाक भीतर कोनो बंदी फूल जोड़ि रहल छथि। हुनकर पैर मंदिर धरि नहि पहुंचैत अछि, मुदा हुनकर हाथ सं बनल रचना मंदिर धरि पहुंचैत अछि। हुनकर स्वतंत्रता सीमित अछि, मुदा हुनकर कल्पना लेल एकटा बाट खुलल अछि। मुकुट बनौनाइ मात्र शिल्पक काज नहि अछि। बंदी उपवास करैत छथि, जेलक भीतर शिवक पूजा करैत छथि आ तकर बाद फूल आ बेलपत्र सं नाग मुकुट तैयार करैत छथि। एहि संपूर्ण प्रक्रिया मे हाथक हुनर आ मोनक साधना एक्के संग देखाइ पड़ैत अछि। एतय अपराध कें पवित्र ठहरेबाक बात नहि अछि। अपराधक उत्तरदायित्व अपन स्थान पर अछि आ दंड सेहो अपन स्थान पर। भक्ति कर्मफल कें मेटा नहि दैत अछि। मुदा की दंडित मनुष्यक भीतर परिवर्तनक संभावना सेहो समाप्त भए जएबाक चाही? संभवतः अपन हाथ सं कोनो सुंदर वस्तु बनौनाइ ओहि मनुष्यक भीतर ई छोट सन अनुभूति जगा सकैत अछि जे ओ मात्र अपन अतीतक नाम नहि अछि। ओ आइयो किछु रचि सकैत अछि। सुधारक आरंभ सदिखन कोनो पैघ उपदेश सं नहि होइत अछि। कखनो-कखनो ई हाथ सं आरंभ होइत अछि। फूलक नाग मुकुट तें बंदी लेल सेहो एकटा मौन संभावनाक प्रतीक बनि जाइत अछि। ओकर अतीत कें मेटा कए नहि, ओकर अपराध कें नकारि कए नहि, बल्कि ओकर भीतर बांचल ओहि मनुष्य कें अवसर दए कए, जे कोनो सुंदर वस्तु कें आकार दए सकैत अछि। अद्वैतक दृष्टि सं देखी तं कर्म मनुष्य कें ओकर उत्तरदायित्व सं मुक्त नहि करैत अछि। पाप आ पुण्यक अपन विधान अछि। भक्ति ओहि विधान कें मेटबैत नहि अछि। मुदा मनुष्यक बाहरी कर्मक भिन्नताक बादो ओकर भीतर स्थित मूल चेतना कें मात्र एकटा कर्म धरि सीमित कए देनाइ सेहो मनुष्यक संपूर्ण पहिचान नहि भए सकैत अछि। तें अपराध आ अपराधी कें एक मानि लेनाइ संभवतः न्याय सं आगांक कठोरता अछि। अपराधक विरोध हेबाक चाही, मुदा अपराधीक भीतर परिवर्तनक संभावनाक लेल सेहो स्थान बचल रहबाक चाही। पुष्प नाग मुकुट कोनो उपदेश नहि दैत अछि। ओ मात्र एकटा प्रश्न छोड़ि जाइत अछि। जाहि आकृतिक संबंध हमर स्मृति मे भय आ विष सं अछि, जखन ओकरा कोमल फूल सं बनाओल जाइत अछि, तं की ओ मात्र एकटा सुंदर मुकुट बनि कए रहि जाइत अछि? अथवा ओ हमरा ई सेहो देखबैत अछि जे जीवन मे किछु रूप एहन होइत अछि, जकर अर्थ ओकरा मेटा देला सं नहि, बल्कि ओकरा नव अर्थ मे साधला सं बदलैत अछि? बाबाक मस्तक पर सजल ई पुष्प नाग मुकुट प्रत्येक दिन एहि प्रश्न कें फेर जन्म दैत अछि। आ संभवतः एकर सभ सं पैघ यात्रा जेलक छहरदेवाली सं मंदिर धरि नहि, बल्कि कठोरताक स्मृति सं कोमलताक अर्थ धरि अछि।

**बाबा वैद्यनाथक श्रृंगार पूजा मे अर्पित होइत अछि नाग मुकुट**

# दुनियां मे आर्थिक बीहाड़ि : की भारत संकट कें आर्थिक महाशक्ति बनेबाक अवसर मे बदलि पाओत?

किशन सनमुखदास भावनानी



वैश्विक स्तर पर भारत जखन राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस मना रहल छल, तखन दुनियांक अर्थव्यवस्था भू-राजनीतिक तनाव आ आर्थिक अनिश्चितताक कठिन दौर सं गुजरि रहल छल। एक दिस अमेरिका-ईरान तनाव, होर्मुज जलडमरूमध्य कें लए कए बढ़ैत टकराव, महग कच्चा तेल, ऊंच वैश्विक बॉन्ड यील्ड आ टैरिफ युद्ध अछि, तं दोसर दिस भारत अंतरिक्ष स्टार्टअप, जापान संग निवेश, प्रत्यक्ष विदेशी निवेश (एफडीआई) सुधार, तकनीकी साझेदारी आ बहुपक्षीय कूटनीतिक प्रयासक माध्यम सं अपन आर्थिक आधार मजबूत करबाक प्रयास मे लागल अछि। एहि विरोधाभास मे भारतक अर्थव्यवस्थाक एकटा पैघ अवसर सेहो निहित अछि - बाहर आर्थिक बीहाड़ि अछि, मुदा भारत अपन आर्थिक नाव कें मजबूत करबाक प्रयास मे जुटल अछि।

23 अगस्त 2026 कें राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस मनाओल गेल। एकरा पहिने 21 अगस्त कें प्रधानमंत्री नई दिल्ली मे 20 भारतीय स्पेस-टेक स्टार्टअपक संस्थापक आ मुख्य कार्यकारी अधिकारी सं संवाद कयलनि। एहि मे स्काईरूट एयरोस्पेस, अग्निकुल कॉसमॉस, पिक्सेल, ध्रुव स्पेस आ दिगंतरा सहित कतेको संस्था सहभागी छल। प्रधानमंत्री अंतरिक्ष तकनीक कें मात्र रॉकेट आ उपग्रह धरि सीमित नहि राखि कृषि, पशुपालन, डेयरी, पर्यावरण आ आम लोकक दैनिक जीवन सं जोड़बाक आवश्यकता पर जोर देलनि।

भारत मे 2014 मे मात्र एकटा पंजीकृत स्पेस स्टार्टअप छल, जे 2026 मे बढ़ि कए चारि सय सं बेसी भए गेल अछि। एकर अर्थ अछि जे अंतरिक्ष क्षेत्र आब मात्र सरकारी कार्यक्रम नहि रहल, बल्कि निजी पूंजी, रोजगार, निर्यात आ उच्च तकनीक आधारित औद्योगिक विकासक नव क्षेत्र बनि रहल अछि। उपग्रह आधारित पृथ्वी अवलोकन सं किसान कें मौसिम, फसिल, माटि आ जल-संसाधन संबंधी जानकारी भेटि सकैत अछि। एहि प्रकारें ई तकनीक पर्यावरण संरक्षण, आपदा प्रबंधन आ आधारभूत संरचनाक योजना मे सेहो उपयोगी भए सकैत अछि।

भारतक आर्थिक रणनीतिक दोसर महत्वपूर्ण पक्ष जापान संग बढ़ैत सहयोग अछि। 24 सं 27 अगस्त 2026 धरि भारतक वाणिज्य एवं उद्योग मंत्री जापान यात्रापर छथि आ दू सय सं बेसी भारतीय कारोबारी प्रतिनिधिक प्रतिनिधिमंडलक नेतृत्व कए रहल छथि। टोक्यो, नागोया आ ओसाका मे जापानी उद्योग जगत संग व्यापार आ निवेशक अवसर पर विचार-विमर्श भए रहल अछि। सेमीकंडक्टर, स्वच्छ ऊर्जा, मोटर वाहन, इस्पात, विनिर्माण, वित्तीय सेवा, स्वास्थ्य आ स्टार्टअप प्रमुख क्षेत्र अछि। जापानक पूंजी, तकनीक आ औद्योगिक विशेषज्ञता तथा भारतक विशाल बाजार, युवा मानव संसाधन आ डिजिटल व्यवस्था मिलि कए विनिर्माण आ तकनीकी निवेशक नव संभावना उत्पन्न कए सकैत अछि।

सिंगापुर संग सेहो भारतक आर्थिक सहयोगक विस्तार भेल अछि। उन्नत विनिर्माण, सेमीकंडक्टर आपूर्ति श्रृंखला, डिजिटल सार्वजनिक आधारभूत संरचना, कृत्रिम बुद्धिमत्ता, साइबर सुरक्षा, स्वास्थ्य, कौशल आ सतत विकास सन क्षेत्र मे सहयोग बढ़ेबाक सहमति भेल अछि। रूस संग भारत व्यापार, ऊर्जा, विज्ञान, तकनीक आ आर्थिक सहयोगक क्षेत्र मे अपन संबंध कें मजबूत करबाक प्रयास मे अछि। एहि प्रकारक बहुआयामी संबंध भारत कें कोनो एकटा देश अथवा बाजार पर अत्यधिक निर्भर होय सं बचा सकैत अछि।

मुदा दोसर दिस वैश्विक परिस्थिति गंभीर चुनौती सेहो प्रस्तुत करैत अछि। होर्मुज जलडमरूमध्य मे तनाव बढ़ला सं ऊर्जा बाजार प्रभावित भए सकैत अछि। ई दुनियांक प्रमुख तेल परिवहन मार्ग मे सं एक अछि। ताहि ठाम सैन्य तनाव अथवा नौवहन मे व्यवधानक आशंका बढ़िते क्रूड ऑयलक दाम मे खतरा बढ़ब स्वाभाविक अछि। भारत लेल महग तेल मात्र पेट्रोल-डीजल धरि सीमित समस्या नहि अछि। एकर प्रभाव परिवहन, रसद, रसायन, प्लास्टिक, उर्वरक, विमानन, टायर, पेंट आ विनिर्माण लागत धरि पहुंचैत अछि। तेलक दाम दीर्घकाल धरि ऊंच रहल तं आयात बिल बढ़त, चालू खाता पर दबाव पड़त, रुपैया कमजोर भए सकैत अछि आ महंगाइ नियंत्रित करब कठिन होयत।

# स्वास्थ्य अनुसंधानक अनदेखीक चिंताजनक संकेत

दिनेश शर्मा



स्वास्थ्य एवं परिवार कल्याण मंत्रालयक अधीन स्वास्थ्य अनुसंधान विभाग (डीएचआर) एकटा राष्ट्रीय स्वास्थ्य अनुसंधान नीतिक प्रस्ताव देने अछि। ई विभाग करीब दू दशक सं अस्तित्व मे अछि, मुदा आब जा कए ओकरा बुझल अछि जे भारत मे स्वास्थ्य अनुसंधान लेल कोनो ठोस नीति नहि अछि। जुलाई मे जारी अनुसंधान एवं विकास (आरएंडडी) संबंधी आंकड़ा अनुसार, देश मे स्वास्थ्य अनुसंधानक प्रमुख संस्था भारतीय आयुर्विज्ञान अनुसंधान परिषद (आईसीएमआर) कें राष्ट्रीय आरएंडडी बजटक मात्र 3.3 प्रतिशत भेटैत अछि। एहि तुलना मे रक्षा क्षेत्र कें 32 प्रतिशत आ अंतरिक्ष क्षेत्र कें 15 प्रतिशत धन भेटैत अछि। भारत मे आरएंडडी पर होमय बला खर्च सेहो बहुत कम अछि। देशक सकल घरेलू उत्पाद (जीडीपी) केर मात्र 0.84 प्रतिशत आरएंडडी पर खर्च होइत अछि, जखन कि चीन मे ई 2.58 प्रतिशत अछि।

नव प्रस्तावित स्वास्थ्य अनुसंधान नीतिक एकटा प्रमुख उद्देश्य जैव-चिकित्सकीय आ स्वास्थ्य अनुसंधान एवं विकास पर खर्च बढ़ेबाक अछि। लक्ष्य अछि जे स्वास्थ्य अनुसंधान मे निवेश कें वर्तमान जीडीपीक 0.024 प्रतिशत सं बढ़ा कए 2037 धरि 0.072 प्रतिशत आ 2047 धरि 0.15 प्रतिशत कयल जाय। यद्यपि ई वृद्धि देखबा मे महत्वपूर्ण बुझाइत अछि, मुदा भारतक वर्तमान आ भविष्यक रोग-भार तथा उभरैत स्वास्थ्य चुनौतीक तुलना मे ई निवेश एखनो बहुत कम अछि। तकर अतिरिक्त, लक्ष्य प्राप्त करबाक समय-सीमा बहुत दूरक अछि, लक्ष्य बाध्यकारी नहि अछि आ एकरा लेल कोनो स्पष्ट बजटीय प्रावधान सेहो नहि कयल गेल अछि। सब सं बेसी चिंता एहि बात कें लए कए अछि जे प्रस्तावित वृद्धि हासिल कोना कयल जायत। नीति मे कहल गेल अछि जे सार्वजनिक निवेश धीरे-धीरे बढ़त आ तकर संग जिम्मेवार निजी, परोपकारी आ गैर-सरकारी निवेश सेहो जोड़ल जायत। औपचारिक रूप सं देखल जाय तं ई स्वास्थ्य अनुसंधान मे निजी पूंजीक लेल बाट खोलबाक प्रयास अछि। सरकार निजी निवेश कें जाहि रूप मे बढ़ावा देबय चाहैत अछि, ओहि पर विशेष सावधानी आवश्यक अछि। नीति मे कहल गेल अछि जे निजी कंपनी सं भेटनिहार कॉरपोरेट सामाजिक दायित्व (सीएसआर) कोषक उपयोग सार्वजनिक संस्थान मे आरएंडडी परियोजनाक लेल कयल जा सकैत अछि। स्वास्थ्य अनुसंधान विभाग एहन वित्तीय सहायता कें सहज बनेबाक लेल आवश्यक नीति तैयार करत।

ई तरीका दवा वा टीका विकासक लेल चलि रहल वर्तमान सार्वजनिक-निजी भागीदारी मॉडल सं भिन्न अछि। कोविड-19 टीका विकास जेकां महत्वपूर्ण परियोजना मे औषधि कंपनी आ सार्वजनिक संस्थान एक संग काज करैत रहल अछि। मुदा जं कोनो कंपनी - चाहे ओ औषधि कंपनी हो अथवा अन्य क्षेत्रक वा कंपनी द्वारा समर्थित परोपकारी संस्था सं सीएसआर धन लेबाक अनुमति भेटत, तं अनुसंधान मे पक्षपात अथवा गुप्त उद्देश्यक संभावना बढ़ि सकैत अछि। विशेष रूप सं वायु प्रदूषण, तंबाकू, मद्यपानक प्रभाव, पेशागत स्वास्थ्य खतरा, खाद्य सुरक्षा आ जलवायु परिवर्तन सन विवादास्पद विषय पर वैज्ञानिक संदेह उत्पन्न करबाक खतरा रहत।

विचित्र स्थिति ई अछि जे एक दिस सरकार विदेशी योगदान संबंधी नियमक नाम पर स्वास्थ्य क्षेत्र मे काज कएनिहार किछु प्रमुख गैर-सरकारी संस्था आ सार्वजनिक स्वास्थ्य संस्थानक जमीनी अनुसंधान मे बाधा उत्पन्न कयने अछि, तं दोसर दिस उद्योग जगत आ विदेशी संस्थान कें स्वास्थ्य अनुसंधानक लेल अधिक अवसर देबाक बाट खोलि रहल अछि। एहि बीच स्वदेशी अनुसंधानकर्ताक लेल भारतीय आ विदेशी वैज्ञानिकक बीच सहयोग करबाक लेल स्वास्थ्य मंत्रालयक स्क्रीनिंग समिति सं अनुमति लेनाइ आवश्यक रहत। संपूर्ण प्रस्ताव सं एहन प्रतीत होइत अछि जे स्वास्थ्य अनुसंधान कें प्रत्येक स्तर पर केंद्रीकृत करबाक आ नौकरशाही तंत्र विकसित करबाक प्रयास भए रहल अछि। नीति मे एकटा राष्ट्रीय स्वास्थ्य अनुसंधान एजेंडा बनेबाक प्रस्ताव अछि, जे व्यापक स्तर पर अनुसंधानक प्राथमिकता तय करत। एकरा लागू करबाक लेल तीन-स्तरीय प्रशासनिक व्यवस्था प्रस्तावित अछि।

सब सं ऊपर राष्ट्रीय स्वास्थ्य अनुसंधान संचालन समिति रहत, जे रणनीतिक दिशा तय करत। एकर अध्यक्षता प्रधान वैज्ञानिक सलाहकार करताह आ विज्ञान क्षेत्रक विभिन्न विभागक सचिव सहित कतेको नौकरशाह एहि मे सदस्य रहताह। दोसर स्तर पर स्वास्थ्य अनुसंधान विभाग मुख्य समन्वयकारी संस्थाक रूप मे काज करत, जखन कि तेसर स्तर पर आईसीएमआर वैज्ञानिक आ तकनीकी कार्यक जिम्मेदारी सम्हारत।



डॉ. विजय कुमार गुप्ता

# महादेवक अर्थशास्त्र : कम मे सुख, संतुलन मे समृद्धि

साओनक मास अबिते चारूकात भगवान शिवक भक्तिक वातावरण देखबा मे अबैत अछि। मंदिर मे घंटीक ध्वनि गूंजैत अछि, कांवरिया यात्रा करैत छथि आ लोक शिवलिंग पर जल अर्पित करैत छथि। मुदा जं भगवान भोलेनाथ कें मात्र धार्मिक आस्थाक दृष्टि सं नहि, बल्कि एकटा अर्थशास्त्रीक दृष्टि सं देखल जाय, तं हुनकर संपूर्ण व्यक्तित्व हमरा सभ कें एकटा गहन आर्थिक शिक्षा दैत बुझाइत अछि – सीमित साधन मे संतुलित जीवन, आवश्यकता आ लोभक बीचक भेद तथा प्रकृतिक संग सामंजस्य। भगवान शिवक स्वरूप पर ध्यान दी। मस्तक पर चंद्रमा, जटा मे गंगा, कंठ मे सर्प, शरीर पर भस्म, वस्त्रक रूप मे बाघचर्म आ निवास कैलाश। ने कोनो राजमहल, ने सोना–चांदीक प्रदर्शन आ ने धन–दौलतक संचय। आजुक भाषा मे कहल जाय तं शिव हमरा सभ कें अत्यधिक उपभोगक बदला न्यूनतम मुदा सार्थक उपभोगक शिक्षा दैत छथि। अर्थशास्त्रक मूल मान्यता अछि जे संसाधन सीमित अछि, मुदा मनुष्यक इच्छा असीमित। शिवक जीवन हमरा सभ कें बतबैत अछि जे सुखक मार्ग प्रत्येक इच्छाक पूर्ति मे नहि, बल्कि अपन आवश्यकताक सही पहिचान मे सेहो अछि। शिवपुराण मे भगवान शिव कें कल्याणकारी आ भक्त पर शीघ्र प्रसन्न होमय बला देवताक रूप मे वर्णित कयल गेल अछि। शिव शब्दक अर्थे कल्याण अछि। एकर आर्थिक अर्थ सेहो अत्यंत गहन अछि। अर्थव्यवस्थाक अंतिम उद्देश्य मात्र सकल घरेलू उत्पाद बढ़ेनाइ नहि होमक चाही, बल्कि लोकक जीवन मे सुख, सुरक्षा, सम्मान आ कल्याण बढ़ेनाइ होमय चाही। आर्थिक विकासक वास्तविक सफलता तखने अछि, जखन ओकर लाभ सामान्य जनक जीवन मे देखाइ दे। समुद्र मंथनक कथा कें सेहो आधुनिक आर्थिक संदर्भ मे बुझल जा सकैत अछि। समुद्र मंथनक क्रम मे जखन विष निकलल, तखन भगवान शिव ओकरा अपन कंठ मे धारण कयलनि। आधुनिक अर्थशास्त्रक भाषा मे एकरा सामूहिक संकट आ ओकर भार वहन करबाक भाव सं जोड़ल जा सकैत अछि।



समाज आ अर्थव्यवस्था मे विकासक संग प्रदूषण, असमानता आ अन्य नकारात्मक प्रभाव सेहो उत्पन्न होइत अछि। एहि समस्या सं कोनो एकटा व्यक्ति नहि, बल्कि समाज, शासन आ विभिन्न संस्थाक सामूहिक प्रयास सं निपटल जा सकैत अछि। एहि मे उत्तरदायी विकासक भावना निहित अछि। शिवक जटा मे गंगाक उपस्थिति सेहो प्रकृति आ जलक महत्वक स्मरण करबैत अछि। आइ जल संकट संपूर्ण संसारक लेल एकटा गंभीर चुनौती बनि गेल अछि। हमरा लेल गंगा मात्र आस्थाक प्रतीक नहि, बल्कि कृषि, पेयजल, रोजगार आ करोड़ो लोकक जीवन–निर्वाह सं जुड़ल जीवनरेखा अछि। तें गंगाक पूजा तखने सार्थक मानल जा सकैत अछि, जखन हम हुनकर जल कें प्रदूषण सं बचायब आ ओकर संरक्षण करबाक संकल्प सेहो ली। भगवान शिवक वाहन नंदी भारतीय आर्थिक

शिव आ नंदीक संबंध हमरा सभ कें प्रकृति, पशुधन आ कृषिक बीचक प्राचीन संबंधक स्मरण करबैत अछि। आइ कृषि आ ग्रामीण अर्थव्यवस्थाक सुदृढ़ता लेल पशुधनक संरक्षण आ प्राकृतिक संसाधनक विवेकपूर्ण उपयोग अत्यंत आवश्यक अछि। शिवक एकटा महत्वपूर्ण संदेश समानताक सेहो अछि। हुनक चारूकात मात्र देवता नहि, बल्कि गण, भूत–प्रेत, पशु आ सामान्य जन सेहो देखल जाइत छथि। बाहरी वैभव अथवा आडंबरक आधार पर ओ भेदभाव नहि करैत छथि। आधुनिक अर्थव्यवस्था मे सेहो विकास तखने सार्थक मानल जायत, जखन ओकर लाभ समाजक आखरी पांति मे ठाढ़ व्यक्ति धरि पहुंचत। एहि विचार सं समावेशी विकासक मार्ग प्रशस्त होइत अछि। शिवपुराणक शिव–भक्ति परंपरा मे बारंबार ई भाव प्रकट होइत अछि जे भगवान शिव बाहरी वैभव सं अधिक भक्ति, भाव आ आचरण कें महत्व दैत छथि।

जीवनक एकटा महत्वपूर्ण चित्र प्रस्तुत करैत अछि। कृषि प्रधान समाज मे पशुधन सदिखन खेती आ ग्रामीण अर्थव्यवस्थाक आधार रहल अछि। शिव आ नंदीक संबंध हमरा सभ कें प्रकृति, पशुधन आ कृषिक बीचक प्राचीन संबंधक स्मरण करबैत अछि। आइ कृषि आ ग्रामीण अर्थव्यवस्थाक सुदृढ़ता लेल पशुधनक संरक्षण आ प्राकृतिक संसाधनक विवेकपूर्ण उपयोग अत्यंत आवश्यक अछि। शिवक एकटा महत्वपूर्ण संदेश समानताक सेहो अछि। हुनक चारूकात मात्र देवता नहि, बल्कि गण, भूत–प्रेत, पशु आ सामान्य जन सेहो देखल जाइत छथि। बाहरी वैभव अथवा आडंबरक आधार पर ओ भेदभाव नहि करैत छथि। आधुनिक अर्थव्यवस्था मे सेहो विकास तखने सार्थक मानल जायत, जखन ओकर लाभ समाजक आखरी पांति मे ठाढ़ व्यक्ति धरि पहुंचत। एहि विचार सं समावेशी विकासक मार्ग प्रशस्त होइत अछि। शिवपुराणक शिव–भक्ति परंपरा मे बारंबार ई भाव प्रकट होइत अछि जे भगवान शिव बाहरी वैभव सं अधिक भक्ति, भाव आ आचरण कें महत्व दैत छथि। एकर सीधा संदेश अछि जे मनुष्यक मूल्य ओकरा लग उपलब्ध धन–संपत्ति सं नहि, बल्कि ओकर कर्म, चरित्र आ व्यवहार सं निर्धारित होमक चाही। धन जीवनक साधन भए सकैत अछि, मुदा जीवनक अंतिम उद्देश्य नहि। साओन मे शिवलिंग पर जल अर्पित करैत समय मात्र धार्मिक परंपरा पूरा करबाक बात नहि सोची। ई प्रश्न सेहो अपने सं पूछी जे हम जल बचा रहल छी अथवा ओकर अपव्यय कए रहल छी? शिवक आराधना करैत समय ई सेहो विचार करी जे हम प्रकृतिक सम्मान कए रहल छी अथवा ओकर अनावश्यक दोहन? आ भोलेनाथ सं समृद्धिक प्रार्थना करैत समय ई नहि बिसरी जे वास्तविक समृद्धि मात्र अपन घरक सुख–संपत्ति मे नहि, बल्कि संपूर्ण समाजक खुशहाली मे निहित अछि। महादेवक अर्थशास्त्र संभवतः एहि मे अछि – कम मे संतोष, सीमित संसाधनक विवेकपूर्ण उपयोग, प्रकृतिक सम्मान, संकट मे उत्तरदायित्व आ विकासक लाभ समाजक प्रत्येक वर्ग धरि पहुंचेनाइ। साओनक संदेश मात्र हर–हर महादेव धरि सीमित नहि रहय; ई हमर जीवन–पद्धति, सामाजिक व्यवहार आ आर्थिक सोच मे सेहो परिलक्षित हो।

**हर–हर महादेव।**

# यूपी चुनाव सं पहिने रालोद मे टूटक आशंका सहारनपुरक कतेको पैघ नेता उपेक्षा सं नाराज

उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनावक तैयारीक बीच सहारनपुर जिला मे दल-बदल केर चर्चा लगातार तेज भए रहल अछि। 3 सितंबर कें रालोद प्रमुख जयंत चौधरी रामपुर मनिहारान मे जनसभा करताह। एहि सं पहिने रालोद मे पैघ टूटक आहट सुनाइ पड़ि रहल अछि। पार्टीक एकटा पैघ पदाधिकारी शीघ्र दोसर राजनीतिक दलक दामन थामि सकैत छथि। कहल जा रहल अछि जे पार्टी मे लगातार उपेक्षा आ सम्मान नहि भेटला सं पदाधिकारी नाराज चलि रहल छथि। रालोद लेल ई पैघ झटका भए सकैत अछि। राजनीतिक जानकार सभक अनुसार, एहि पदाधिकारी कें पछिला किछु समय सं पार्टीक कार्यक्रम आ राजनीतिक गतिविधि मे सेहो पर्याप्त महत्व नहि भेटि रहल अछि। पदाधिकारी दोसर राजनीतिक दलक नेता सभक संपर्क मे बनल छथि। मुदा एखन धरि हुनकर संभावित नव दल केहन होयत, ई स्पष्ट नहि अछि।

### राजनीतिक गलियारा मे लगातार अटकल

समर्थक सभक कहब अछि जे चुनाव सं पहिने राजनीतिक समीकरण तेजी सं बदलि रहल अछि आ कतेको नेता अपन भविष्यक राजनीतिक संभावना कें देखैत नव विकल्पक तलाश मे छथि। हुनका सभक पार्टी छोड़बाक चर्चापर एखन धरि कोनो आधिकारिक बयान सामने नहि आएल अछि, मुदा राजनीतिक गलियारा मे एकरा लए लगातार अटकल चलि रहल अछि। जिला मे हालक दिन मे दल-बदल केर राजनीति सेहो चर्चा मे रहल अछि।



हालहि कांग्रेस छोड़ि कए आएल पूर्व मंत्री शायान मसूद सेहो सपा मे शामिल भेल छथि। एकरा बाद विधानसभा चुनाव कें लए राजनीतिक चर्चा आओर तेज भए गेल अछि। 3 सितंबर कें रालोद प्रमुख जयंत चौधरीक रामपुर मनिहारान मे जनसभा प्रस्तावित अछि, जकर तैयारी जोर-शोर सं चलि रहल अछि।

### रालोद पहिनहि छोड़ि चुकल छथि कतेको पैघ पदाधिकारी

रालोद मे पछिला किछु मास सं एकक बाद एक पैघ पदाधिकारी पार्टीक साथ छोड़ि चुकल छथि। प्रदेश स्तरपर प्रदेश अध्यक्ष आ पूर्व एमएलसी डॉ. रामाशीष राय सेहो किछु समय पहिने इस्तीफा दए चुकल छथि। एकर अतिरिक्त दोसर जिला सभक कतेको पैघ पदाधिकारी सेहो पार्टी छोड़ि चुकल छथि। सहारनपुरक बात करी तं एतय पूर्व जिलाध्यक्ष राव कैसर सलीम किछु मास पहिने रालोद सं इस्तीफा दए देने छलाह। ओ आसपा मे शामिल भए गेल छलाह आ तखन सं पार्टी मे सक्रिय छथि। आब जिला मे ई दोसर पैघ झटका भए सकैत अछि। सहारनपुर सर्किट हाउस सभागार मे रालोदक बैठक भेल, जाहि मे आगामी 3 सितंबर कें होमय बला स्वाभिमान रैली कें सफल बनेबाक लेल रणनीति तैयार कएल गेल। सांसद आ रालोद महासचिव चंदन चौहान कहलनि जे रामपुर मनिहारानक गोचर महाविद्यालय मे होमय बला रैली ऐतिहासिक होएत। केंद्र मे मंत्री बनलाक बाद रालोद अध्यक्ष जयंत चौधरीक सहारनपुर मे ई पहिल कार्यक्रम होएत। बैठकक अध्यक्षता जिलाध्यक्ष शाहजमां खान कएलनि, जखनकि संचालन प्रदेश सचिव चौधरी धीर सिंह कएलनि। एहि दौरान मंडल अध्यक्ष प्रभात तोमर, चौधरी अय्यूब हसन, भूषण चौहान, रमेश चौहान, महावीर सैनी, शिवकुमार गुर्जर, शमीम अहमद आ फैसल त्यागी उपस्थित छलाह। ओतहि रामपुर मनिहारान मे रालोदक रैली कें लए तैयारी तेज भए गेल अछि।

**दोसर दल मे जेबाक चर्चा**

सोमदिन राष्ट्रीय महासचिव आ बिजनौर सांसद चंदन चौहान गोचर कृषि इंटर कॉलेज पहुंचि संस्थानक पदाधिकारी सभक संग बैठक कए रैलीक तैयारीक रूपरेखा तय कएलनि। कोऑपरेटिव बैंकक पूर्व अध्यक्ष चौधरी भूपेंद्र सिंह, अखिल भारतीय गुर्जर विद्या प्रचारिणी सभाक अध्यक्ष चौधरी देवराज सिंह, गोचर कृषि इंटर कॉलेजक प्रबंधक अमित चौधरी सहित अन्य पदाधिकारी स्वाभिमान सभा कें सफल बनाबय मे सहयोगक आश्वासन देलनि।

# नितिन गडकरी राजनीति एखन नहि छोड़ि रहल छथि, 'नव पीढ़ी कें मौका' बला बयान पर आयल सफाइ



केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरीक हालक बयान कें लए चर्चाक बीच हुनकर कार्यालय मंगलदिन सफाइ देलक। कार्यालय दिस सं कहल गेल जे गडकरीक 'आब पहिने जतेक काज नहि कए सकैत छी' बला बयानक राजनीति सं कोनो संबंध नहि अछि आ हुनकर बात कें संदर्भ सं अलग कए प्रस्तुत कएल गेल। कार्यालयक अनुसार, गडकरी नागपुर मे अपन दिस सं स्थापित लक्ष्मणराव मानकर ट्रस्टक भविष्य आ ओकर संचालन कें लए बात कए रहल छलाह। ई ट्रस्ट आदिवासी क्षेत्र मे एकल विद्यालय चलबैत अछि।

गडकरी एहि संबंध मे कहलनि छलाह जे आब ओ पहिने जकां बेसी काज नहि कए सकैत छथि आ नव पीढ़ी कें बेसी जिम्मेदारी संभालबाक अवसर भेटबाक चाही। नितिन गडकरीक कार्यालय बयान जारी कए कहलनि जे मंत्रीक टिप्पणी ट्रस्टक काजकाज आ ओकर भविष्यक नेतृत्व सं जुड़ल छल। एहि मे आरोप लगाओल गेल जे किछु टेलीविजन चैनल हुनकर बयान कें राजनीतिक टिप्पणी केर रूप मे प्रस्तुत कएलक, जखनकि ओकर वास्तविक संदर्भ अलग छल। रविदिन नागपुर मे आयोजित कार्यक्रम मे गडकरी सार्वजनिक जीवन मे अपन तीन दशक सं बेसी लंबा यात्राक उल्लेख केने छलाह। ओ कहलनि जे एहि दौरान ओ कतेको उतार-चढ़ाव देखलनि, अलग-अलग जिम्मेदारी निभौलनि आ कतेको सम्मान प्राप्त कएलनि।

### आखिर नितिन गडकरी की कहने छलाह?

भाजपा नेता ई सेहो कहलनि जे आब पहिने जकां लगातार आ अत्यधिक मेहनत करब संभव नहि अछि। ओ नव पीढ़ी सं आगू आबि कए जिम्मेदारी संभालबाक अपील कएलनि। 69 वर्षीय गडकरी अपन जीवन आ काज करबाक तरीका मे आएल बदलावक संबंध मे सेहो बात कएलनि। ओ बतौलनि जे राजनीति मे शुरूआती दिन मे पार्टी लेल काज करैत समय ओ कोनो परिस्थिति मे काज करबाक अभ्यस्त छलाह।

यात्रा दौरान जे भोजन भेटि जाइत छल, ओहने भोजन कए लैत छलाह आ बेहद सादा जीवन जीबैत संगठन लेल समयक परवाह केने बिना काज करैत छलाह। नितिन गडकरी कहलनि जे कोरोना महामारीक बाद ओ अपन जीवनशैली मे अनुशासन आनलनि। आब ओ प्रतिदिन योग करैत छथि आ अपन स्वास्थ्यपर पहिने सं बेसी ध्यान दैत छथि। हुनकर अनुसार, सार्वजनिक आ राजनीतिक जीवन मे स्वास्थ्य पद, सत्ता आ प्रतिष्ठा सं बेसी जरूरी अछि। गडकरी सवाल उठबैत कहलनि जे जं स्वास्थ्य नीक नहि अछि तं सत्ता आ पदक की लाभ? हुनकर एहि विचारक उद्देश्य सार्वजनिक जीवन मे सक्रिय लोक सभ कें अपन स्वास्थ्य कें प्राथमिकता देबाक आवश्यकता बुझेनाइ छल।

# मायावतीक पैघ घोषणा : यूपी-उत्तराखंड आ पंजाब मे असगर चुनाव लड़त बसपा



बहुजन समाज पार्टी (बसपा) केर प्रमुख मायावती चुनाव कें लए पैघ निर्णय लेने छथि। ओ स्पष्ट कए देने छथि जे बसपा उत्तर प्रदेश, उत्तराखंड आ पंजाब मे कोनो दोसर पार्टीक संग गठबंधन नहि करत। पार्टी तीनू राज्य मे अपन दमपर चुनाव मैदान मे उतरत। मायावती कहलनि जे बसपा नीक परिणाम लेल पूरा

**संगठन मजबूत करबा पर जोर**

ताकत सं काज करत। उम्मीदवारक चयन करैत समय ईमानदार आ मेहनती लोक कें प्राथमिकता देल जाएत। पार्टी संगठन कें मजबूत करबाक तैयारी सेहो शुरू कए देने अछि। एकरा लेल बूथ स्तर धरि काज बढ़ेबाक जोर देल जाएत। ई निर्णय लखनऊ मे भेल पार्टीक पैघ बैठकक बाद लेल गेल अछि। मायावती कहलनि जे बसपा उत्तर प्रदेश, उत्तराखंड आ पंजाब मे अपन दमपर चुनाव लड़त। पार्टीक लक्ष्य एहि राज्य सभ मे अपन प्रदर्शन नीक करब अछि। खास कए पंजाब मे बसपा अपन समर्थन बढ़ेबाक प्रयास करत। उत्तर प्रदेश आ उत्तराखंड मे उम्मीदवारक चयन करैत समय पूरा सावधानी बरतबाक बात कहल गेल अछि। मायावती संगठन कें निचला स्तर धरि मजबूत करबाक निर्देश सेहो देने छथि। हुनकर कहब अछि जे कार्यकर्ता अफवाहपर ध्यान नहि देथि आ अपन हौसला बनौने राखथि।

**कांशीरामक जयंती आ मायावतीक जन्मदिन पर कार्यक्रम :** बैठक मे बसपा संस्थापक कांशीरामक जयंती कें पैघ स्तरपर मनयबाक निर्णय लेल गेल। पार्टी एकरा 9 अक्टूबर कें देशभरि मे आयोजित करत। एकर अतिरिक्त 15 जनवरी 2027 कें मायावतीक जन्मदिन पर जनकल्याणकारी दिवस मनाओल जाएत। एहि दौरान समाज सं आर्थिक सहयोग जुटेबाक प्रयास कएल जाएत। पार्टीक कहब अछि जे एहि सं आंबेडकरवादी विचार कें आगू बढ़ेबा आ संगठन कें मजबूत करबा मे मदति भेटत।

**2019 मे सपा संग छल गठबंधन :** 2019क लोकसभा चुनाव मे बसपा समाजवादी पार्टीक संग मिलि कए चुनाव लड़ने छल। एहि चुनाव मे बसपा कें 10 लोकसभा सीटपर जीत भेटल छल, जखनकि सपा केर 5 उम्मीदवार जीतल छलाह। चुनावक बाद मायावती सपा सं अलग होमय कें निर्णय लेने छलथि। एकर बाद बसपा अधिकांश चुनाव एकसर लड़लक। मुदा पछातिक चुनाव सभ मे पार्टीक प्रदर्शन कमजोर रहल। 2022क यूपी विधानसभा चुनाव मे बसपा मात्र 1 सीट जीत सकल छल। 2024क लोकसभा चुनाव मे पार्टीक कोनो उम्मीदवार सांसद नहि बनि सकलाह।

# सरप्राइज धरना सं जेन-जी धरि : राहुल गांधी केर राजनीति मे बदलल अनुमान

लोकसभा मे विपक्ष कें नेता आ कांग्रेस सांसद राहुल गांधी केर राजनीतिक कार्यशैली मे आब पैघ बदलाव देखय लेल भेटि रहल अछि। कखनो राजनीतिक गलियारा मे 'पार्ट-टाइम राजनेता' वा मात्र दूर सं मुद्दा उठेनिहार नेता केर रूप मे आलोचना झेलैत रहल राहुल गांधी आब एकटा आक्रामक आ सड़क पर उतरि कए सीधा संघर्ष कएनिहार नेता केर रूप मे उभरि रहल छथि। बीते किछु सप्ताहक उदाहरण देखल जाए तं एहन बुझाइत अछि जे पारंपरिक राजनीति सं हटि कए राहुल गांधी आब बिना कोनो पूर्व सूचना कें सीधा प्रशासनिक आ सरकारी कार्यालयक सामने मोर्चा खोलि

**संसद सं सड़क धरि आक्रामकता**

रहल छथि। पछिला किछु सप्ताह मे हुनकर एहि नव तेवर सं न मात्र प्रशासन, बल्कि कतेको बेर हुनकर अपन पार्टी सेहो अचंभित भेल अछि।

उदाहरणक लेल, हालहि जुलाई मे भेल छात्र आंदोलनक दौरान पेलेट गन लगला सं गंभीर रूप सं घायल 19 वर्षीय छात्र साहिल लोचबक प्राथमिकी दर्ज करयबाक लेल राहुल गांधी अनचोके दिल्लीक डीसीपी कार्यालय पहुंचल छलाह। पुलिस द्वारा टालमटोल करल गेलाक बाद ओ ओतहि धरना पर बैसि गेलाह। करीब 6 घंटा चलल एहि घटनाक्रम आ प्रियंका गांधीक संग आबि गेलाक बाद आखिरकार पुलिस कें प्राथमिकी दर्ज करए पड़ल।

एकर पहिने नीट परीक्षा आ प्रश्नपत्र लीकक विरोध मे भेल छात्र प्रदर्शनक दौरान सेहो राहुल गांधी सुरक्षा एजेंसी सभ कें चौंकबैत सीधा प्रधानमंत्री आवास (लोक कल्याण मार्ग)क लग विरोध प्रदर्शन केने छलाह।

राहुल गांधी मे अनचोके आएल एहि बदलाव कें देखैत राजनीतिक विश्लेषक सभक माननाइ अछि जे राहुल गांधीक रणनीति मे आएल ई बदलाव एहि बातक प्रमाण अछि जे ओ आब कोनो मुद्दा उठाकए बीच मे छोड़बाक बदला ओकर अंत धरि संग रहबाक प्रयास करैत छथि।

ई बात मे कोनो दोहराइ नहि अछि जे वर्ष 2022 मे कन्याकुमारी सं कश्मीर धरि भेल 'भारत जोड़ो यात्रा' हुनकर



छवि कें पूरा तरहे बदलि देलक। एहि लंबा पैदल यात्रा सं लोकक बीच ई संदेश गेल जे ओ शारीरिक मेहनत आ जनता संग सीधा जुड़ाव सं पाछू हटेनिहार नहि छथि।

एकर अतिरिक्त गौर करबाक बात ई सेहो अछि जे 2024 मे लोकसभा मे विपक्षक नेता बनलाक बाद सं ओ संसदक भीतर आ बाहर दुनू ठाम बहुत मुखर आ आक्रामक नजरि आबि रहल छथि। निर्वाचन आयोगक मतदाता सूची संशोधन प्रक्रिया वा अन्य राष्ट्रीय मुद्दापर ओ लगातार आक्रामक रुख अपनौने छथि। खास बात ई सेहो अछि जे राहुल गांधी अपन नव रणनीति अंतर्गत देशक युवा आ नव पीढ़ी जेन-जेड कें अपन दिस आकर्षित करबाक प्रयास कए रहल छथि। उदाहरणक रूप मे कोटा आ पुणे जेहन शैक्षणिक केंद्र मे युवासभक बीच जा कए हुनकर समस्या सुननाइ, परीक्षा मे देरी, कोचिंगक दबाव आ प्रश्नपत्र लीक जेहन मुद्दापर सीधा संवाद करनाइ एहि रणनीतिक महत्वपूर्ण हिस्सा अछि। एकरा संगहि पुणेक एकटा कार्यक्रम मे महिला आ शिक्षा सं जुड़ल विषयपर खुलि कए बाजनाइ आ 'मनुस्मृति' जेहन विषयपर तीख टिप्पणी कए भाजपा-आरएसएसक विचारधारा कें चुनौती देनाइ हुनकर नव राजनीतिक शैलीक हिस्सा बनि गेल अछि।

मुदा सब सं महत्वपूर्ण बात ई अछि जे राहुल गांधी लेल समय एतेक आसान नहि रहय बला अछि। सत्तारूढ़ भाजपा राहुल गांधीक एहि तेवरपर तीख हमला केने अछि। भाजपा कहैत अछि जे पुलिस प्रक्रिया आ कानूनी मामिला कें राजनीतिक तमाशा बनौनाइ 'अराजकताक राजनीति' अछि।

जखन कांग्रेस पार्टी राज्य सभ मे विपक्षक भूमिका मे रहैत अछि, तं सरकार कें घेरनाइ आसान होइत अछि। मुदा जखन झारखंड जेहन राज्य मे सहयोगी दलक सरकार रहैत अछि आ छात्र आंदोलन वा भर्ती मे गड़बड़ीक मुद्दा सामने अबैत अछि, तं कांग्रेस लेल संतुलन बनौनाइ पैघ राजनीतिक चुनौती भए जाइत अछि।

कुल मिला कए राहुल गांधीक ई नव राजनीतिक शैली स्पष्ट करैत अछि जे ओ आब मात्र सदनक भीतर बयान देनिहार नेता धरि सीमित नहि रहय चाहैत छथि, बल्कि जमीन पर उतरि कए राजनीतिक आधार मजबूत करबाक प्रयास मे छथि।

# रोसड़ा जेलक भेल फायर ऑडिट, सुरक्षा व्यवस्थाक कएल गेल निरीक्षण

**जेलकर्मी सभ कें आगि लगलाक स्थिति मे घबरेबाक नहि, सूचना देबाक देलनि जानकारी**

समस्तीपुर, रोसड़ा

आगि सुरक्षा व्यवस्था कें मजबूत करबाक आ संभावित अगलगीक घटना सं निपटबाक तैयारीक जायजा लेबाक उद्देश्य सं मंगलदिन सब जेल रोसड़ाक फायर ऑडिट कएल गेल। समस्तीपुरक जिला अग्निशमन पदाधिकारी धनंजय कुमार रंजनक नेतृत्व मे अग्निशमन विभागक दल जेल परिसरक निरीक्षण कए आगि सुरक्षा सं जुड़ल व्यवस्था सभक बारीकी सं जांच कएलक। फायर ऑडिटक दौरान अनुमंडल अग्निशमालय रोसड़ाक पदाधिकारी ओंकारनाथ सिंह, सब ऑफिसर शंभू राय, सब ऑफिसर दिनेश कुमार पासवान, अग्निक पवन कुमार आ अग्निक रानी कुमारी उपस्थित छलाह। दल जेल परिसर मे आगि सं



बचाव लेल उपलब्ध संसाधन आ सुरक्षा इंतजामक जायजा लेलक। निरीक्षणक दौरान अग्निशमन विभागक दल ई देखलक जे जेल परिसर मे आगि लगलाक स्थिति मे तत्काल बचाव आ राहति कार्य शुरू करबाक व्यवस्था कतेक प्रभावी अछि। अग्निशमन उपकरणक उपलब्धता, ओकर स्थिति, आपातकालीन परिस्थिति मे पहुंच आ उपयोगक सुविधा सहित विभिन्न बिंदु पर जानकारी लेल गेल। अधिकारी सभ जेल परिसर मे आगि लगबाक संभावित परिस्थिति कें ध्यान मे राखि सुरक्षा व्यवस्थाक निरीक्षण कएलनि। खास कए बेसी बंदी रहयवला संवेदनशील स्थान पर आगि सुरक्षाक इंतजाम कें लए कए आवश्यक सावधानी बरतबाक निर्देशदेल गेल। जेलकर्मी सभ कें आगि लगलाक स्थिति मे घबरयबाक बदला तत्काल सूचना देबाक आ उपलब्ध अग्निशमन संसाधनक सही उपयोग करबाक जानकारी सेहो देल गेल। अग्निशमन विभागक अधिकारी कहलनि जे जेल जेहन संवेदनशील परिसर मे आगि सुरक्षा व्यवस्था अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। आकस्मिक अगलगीक स्थिति मे जान-मालक क्षति कम करबाक लेल पहिने सं तैयारी आ नियमित निरीक्षण आवश्यक अछि। फायर ऑडिटक उद्देश्य सुरक्षा व्यवस्था मे मौजूद कमी कें चिन्हित कए समय रहैत ओकरा दूर करब अछि। दल जेल प्रशासन कें आगि सुरक्षा मानकक नियमित पालन करबाक, अग्निशमन उपकरण सभ कें सदिखन चालू अवस्था मे रखबाक आ कर्मचारी सभ कें समय-समय पर आगि सं बचाव तथा आपातकालीन परिस्थिति सं निपटबाक प्रशिक्षण देबाक निर्देश देलक। फायर ऑडिटक बाद जेल प्रशासन आ अग्निशमन विभागक अधिकारी सभ बैसार कए आगि सुरक्षा व्यवस्थाक संबंध मे विस्तार सं विचार- विमर्श कएलनि।

# आयो लाल झूलेलालक जयघोष सं गूंजल शहर

दरभंगा, समदिया

पूज्य सिंधी पंचायत, दरभंगाक तत्वावधान मे आयोजित पांच दिवसीय श्री झूलेलाल महोत्सव मंगलदिन श्रद्धा, भक्ति आ उल्लासक संग संपन्न भेल। समापन अवसर पर भगवान झूलेलालक भव्य संगीतमयशोभायात्रा निकालल गेल। आयो लाल झूलेलालक जयघोष सं सिंधी मोहल्ला सहित शहरक वातावरणभक्तिमय भए गेल। भोर मे पूज्य झूलेलाल मंदिर मे पूजा-अर्चना आ आरती कएल गेल। सांझ मेकटहलबाड़ी स्थित भंडार चौक मंदिर सं बहराणा साहिबक शोभायात्रा निकलल। एहि मे आकर्षक धार्मिक झांकी, आठ सदस्यीय बैंड तथा पैघ संख्या मे महिला-पुरुष आ युवा सहभागी भेलाह। श्रद्धालु सभ भक्ति गीत आ भजनक धुन पर



नाचैत-गबैत आगू बढ़ैत रहलाह। सिंधी पंचायतक मुखिया जगत लाल जुमनानी माथ पर बहराणा साहिब धारण कए शोभायात्राक नेतृत्व केलनि। यात्रा मे महाकालेश्वर, शिव तांडव, मां काली तथा राधा-कृष्णक रासलीलाक आकर्षक झांकी विशेष आकर्षणक केंद्र रहल। बाट मे ठाम-ठाम श्रद्धालु सभ शोभायात्राक स्वागत करैत पूजा-अर्चना केलनि। कटहलबाड़ी, सिंधी मोहल्ला, आयकर चौराहा, बेला आ कैदराबाद होइत शोभायात्रा देर सांझ मब्बी पहुंचल। एतय विधिवत पूजा आ आरतीक बाद बागमती नदी मे भगवान झूलेलालक प्रतिमा, बहराणा साहिब, कलश तथा अन्य पूजन सामग्रीक विसर्जन कएल गेल। एहि अवसर पर महिला मंडली द्वारा भजन-कीर्तन प्रस्तुत कएल गेल। महिला सभ समाजक सुख-समृद्धि आ शांतिक लेल प्रार्थना केलनि। शोभायात्रा मे शामिल श्रद्धालु सभक उत्साह आ भक्तिभाव सं पूरा आयोजनक वातावरण आध्यात्मिक आ उल्लासपूर्ण बनल रहल।

# संस्कृति बुझबाक लेल संस्कृत जानब आवश्यक : कुलपति

दरभंगा, समदिया

कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक दरबार हॉल मे मंगलदिन संस्कृत सप्ताह कार्यक्रमक उद्घाटन उत्सवी माहौल मे भेल। कार्यक्रम 31 अगस्त धरि चलत। एहि दौरान संस्कृत सं जुड़ल विभिन्न गतिविधि, प्रतियोगिता आ शास्त्र चर्चाक आयोजन कएल जायत। उद्घाटन सत्रक अध्यक्षता करैत कुलपति लक्ष्मी निवास पांडेय कहलनि जे भारतीय संस्कृति कें बुझबाक लेल संस्कृत कें जानब आ बुझब आवश्यक अछि। संस्कृतक माध्यम सं नीक विचार आ संस्कारक प्रचार-प्रसार कए सामाजिक कुरीति आ अपराध पर रोक लगाओल जा सकैत अछि। मनुस्मृति कें लए कए भए रहल चर्चा पर चिंता व्यक्त करैत ओ कहलनि जे एकर मूल उद्देश्य मानवता आ मानवीय मूल्य कें बढ़ावा देब अछि। ओ संस्कृतक विश्व स्तर पर विस्तारक आवश्यकता पर सेहो



जोर देलनि। सारस्वत अतिथि पूर्व कुलपति डॉ. शशिनाथ झा संस्कृतक योग्य आ शास्त्रक जानकार लोकक नियुक्ति पर जोर देलनि। एलएनएमयू केर अंग्रेजी विभागकपूर्व अध्यक्ष प्रो. अशोक कुमार बच्चन कहलनि जे संस्कृत कें मात्र मंदिर-मठ आ पूजा-पाठक भाषा मानबउचित नहि अछि। ई भारतीय भाषा सभक जननी रहल अछि। ओ युवा पीढ़ी कें संस्कृत सं जोड़बाक आह्वान केलनि। आकाशवाणी दरभंगाक सहायक निदेशक सह कार्यक्रम प्रमुख अमित कुमार कहलनि जे संस्कृत मे मनोरंजक कार्यक्रम तैयार कए एकरा आम लोक आ युवा सभ सं जोड़ल जा सकैत अछि।व्यवहार मे प्रयोग सं भाषा केर विकास होइत अछि। कुलपति संस्कृत मे कार्यक्रम तैयार करय मे सहयोगक भरोसा देलनि। एहि सं पहिने अतिथि सभक संग कुलपति प्रो. पांडेय, स्नातकोत्तर प्रभारी प्रो. दिलीप कुमार झा, कुलसचिव डॉ. दिनेश झा आ डीन प्रो. पुरेंद्र वारिक दीप प्रज्वलित कए कार्यक्रमकउद्घाटन केलनि। छात्रा सभ स्वागत गान आ कुलगीत प्रस्तुत केलनि। संचालन डॉ. रामसेवक झा केलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन डॉ. सुधीर कुमार केलनि।

# एनीमिया मुक्त बिहार अभियानक शुभारंभ, 132 महिला आ किशोरीक भेल जांच

**25 अगस्त सं 30 नवंबर धरि चलत विशेष अभियान**

सहरसा, समदिया

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मंगलदिन राज्य स्तर पर एनीमिया मुक्त बिहार अभियानक शुभारंभ केलनि। एहि अवसर पर सहरसा सदर अस्पताल आ अनुमंडलीय अस्पताल, सिमरी बख्तियारपुर मे विशेष कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। सदर अस्पताल मे आयोजित कार्यक्रम मे जिलाधिकारी दीपेश कुमार उपस्थित छलाह। मुख्यमंत्री वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं अभियानक लाभार्थी सभ सं संवाद कए हुनकर उत्साहवर्धन केलनि। जिला मे ई विशेष अभियान 25 अगस्त सं 30 नवंबर 2026 धरि चलत। एहि अंतर्गत सभ सरकारी स्वास्थ्य संस्थान, विद्यालय आ निर्धारित स्थल पर डिजिटल हीमोग्लोबिन मापक यंत्रक माध्यम



सं एनीमियाक जांच कएल जायत। जांचक बाद आवश्यकतानुसार आयरन आ फोलिकएसिडक गोली, पोषण संबंधी परामर्श आ उपचार उपलब्ध कराओल जायत। गंभीर मामिला मे चिकित्सकीय आवश्यकताक अनुसार नसक माध्यम सं आयरन देबाक उपचार सुविधाक व्यवस्था सेहो रहत। अभियानकपहिल दिन जिला मे कुल 132 महिला आ किशोरीक एनीमिया जांच कएल गेल। सदर अस्पताल मे 64महिला आ 13 किशोरी, जखन कि अनुमंडलीय अस्पताल, सिमरी बख्तियारपुर मे 55 महिलाक जांच भेल। जिलाधिकारी दीपेश कुमार कहलनि जे जिला कें एनीमिया मुक्त बनायब प्रशासनक प्राथमिकता मे शामिल अछि। ओ लोक सभ सं नजदीकी आंगनबाड़ी केंद्र, विद्यालय अथवा स्वास्थ्य केंद्र पर पहुंचि एनीमियाक जांच करयबाक अपील केलनि। सिविल सर्जन डॉ. राजनारायण प्रसाद कहलनि जे अभियानक दौरान सभ स्वास्थ्य केंद्र आ विद्यालय मे गुणवत्तापूर्ण जांच सुनिश्चित कएल जायत। एनीमिया सं पीड़ित लोक कें आवश्यक दवा, उपचार आ पोषण संबंधी परामर्श देल जायत। राष्ट्रीय बाल स्वास्थ्य कार्यक्रमक टीम, सहायक नर्स आ सामुदायिक स्वास्थ्य अधिकारीक माध्यम सं नियमित जांच तथा चिन्हित लाभार्थीक लगातार अनुवर्ती जांच सेहो सुनिश्चित कएल जायत।

# विधायक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक भ्रमण कए लेलनि लोकक हालचाल

**अधिकारी सभ कें राहति आ कटाव निरोधी काज मे तेजी अनबाक देलनि निर्देश**

सिमरी बख्तियारपुर, समदिया

बाढ़ि आ कटावक गंभीर स्थिति बीच मंगलदिन विधायक संजय कुमार सिंह नावक माध्यम सं विभिन्न प्रभावित क्षेत्रक भ्रमण कए जमीनी हालातक जायजा लेलनि। विधायक बीसनपुर, सिरवार, बीरवार, बघौर, चोरनिया, बढ़ारना आ घोघशाम सहित कतेको बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक दौरा केलनि। एहि दौरान ओ प्रभावित ग्रामीण सभ सं भेंट कए हुनकर समस्या सुनलनि। बाढ़ि आ कटावक कारण कतेको परिवारक घर प्रभावित भेलाक जानकारी भेटलाक बाद विधायक पीड़ित परिवार सभ सं सेहो भेंट केलनि आ हरसंभव सहायता आ सहयोगक भरोसा देलनि। जरूरतमंद परिवार सभक बीच राहति सामग्रीक किट सेहो वितरित कएल गेल। प्रभावित क्षेत्रक गंभीर स्थिति



कें देखैत विधायक चीफ इंजीनियर, सचिव, अधीक्षण अभियंता (एसई) आ कार्यपालक अभियंता सं फोन पर बातचीत केलनि। ओ अधिकारी सभ कें बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे राहति आ बचाव काज मे तेजी अनबाक संगहि कटाव निरोधी काज तत्काल तेज करबाक निर्देश देलनि। विधायक कहलनि जे बाढ़ि आ कटाव सं प्रभावित परिवारक सुरक्षा आ सहायता सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। संकट केर एहि घड़ी मे प्रशासन आ संबंधित विभागक संग लगातार समन्वय स्थापित कए जरूरतमंद लोक धरि हरसंभव राहति पहुंचाबय लेल प्रयास कएल जायत। ओ अधिकारी सभ कें प्रभावित क्षेत्रक लगातार निगरानी करबाक निर्देश दैत कहलनि जे जतय तत्काल आवश्यकता अछि, ततय प्राथमिकताक आधार पर राहति आ कटाव निरोधी काज कराओल जाय।

# स्वतंत्रता सेनानीक धर्मपत्नीक 102 वर्षक आयु मे निधन

रोसड़ा, समदिया

शहरक प्रभु ठाकुर मोहल्ला, वार्ड संख्या 10 निवासी स्वतंत्रता सेनानी स्व. रामेश्वर नायकक धर्मपत्नी सरस्वती देवीक मंगलदिन भोर मे 102 वर्षक आयु मे निधन भए गेलनि। बताओल गेल अछि जे हृदय गति रुकि गेलाक कारण ओ आखरी सांस लेलनि। हुनकर निधनक खबर भेटिते परिजन, शुभचिंतक आ शहरवासी सभ मे शोकक लहरि पसरि गेल। सरस्वती देवी अपन पाछां भरल-पूरल परिवार छोड़ि गेल छथि। निधनक सूचना भेटलाक बाद पैघ संख्या मे लोक हुनकर आवास पर पहुंचि शोकाकुल परिजन कें सांत्वना देलनि। लोकनि हुनकर सरल स्वभाव, धार्मिक प्रवृत्ति आ सामाजिक व्यवहार कें स्मरण करैत श्रद्धांजलि अर्पित कएलनि। स्वतंत्रता सेनानी स्व. रामेश्वर नायकक धर्मपत्नी होयबाक कारण सरस्वती देवीक परिवार रोसड़ाक सामाजिक जीवन मे विशेष पहचान रखने छल। दीर्घ जीवनकालक दौरान ओ परिवार कें एकजुट राखैत सामाजिक आ पारिवारिक दायित्वक निर्वहन कएलनि। हुनकर निधन पर विभिन्न सामाजिक आ राजनीतिक क्षेत्र सं जुड़ल लोक, जनप्रतिनिधि, प्रखंड विकास पदाधिकारी ममता कुमारी आ शहरवासी सभ गहींर शोक संवेदना व्यक्त कएलनि। पदाधिकारी आ



स्थानीय लोकक दिस सं हुनकर पार्थिव शरीर पर राष्ट्रीय ध्वज अर्पित कएल गेल। लोकनि आखरी दर्शन करैत पुष्प अर्पित कए भावभीनी श्रद्धांजलि देलनि। उपस्थित लोकनि कहलनि जे 102 वर्षक आयु मे सरस्वती देवीक निधन शहर लेल अपूरणीय क्षति अछि। हुनकर जीवनक अनुभव आ पारिवारिक संस्कार आबयवला पीढ़ीक लेल प्रेरणादायक रहत। परिजन आ शुभचिंतकक उपस्थिति मे हुनकर आखरी संस्कार कएल गेल। हुनकर निधन सं प्रभु ठाकुर मोहल्ला सहित पूरा रोसड़ा शहर मे शोकक माहौल अछि।

# ईद मिलादुन्नबी कें लए अलीनगर मे निकलल फ्लैग मार्च

अलीनगर, समदिया

ईद मिलादुन्नबीक अवसर पर क्षेत्र मे शांति, सद्भाव आ कानून-व्यवस्था कायम रखबाक लेल सोमदिन अलीनगर थाना क्षेत्र मे फ्लैग मार्च निकालल गेल। ई फ्लैग मार्च वरीय पदाधिकारी, दरभंगाक निर्देश पर आयोजित कएल गेल। अलीनगर थाना अध्यक्ष रंजीत कुमार शर्माक नेतृत्व मे निकलल फ्लैग मार्च मे ओम प्रकाश कुमार, रामभरोस महतो, पीटीसी अरुण कुमार सहित सशस्त्र बल आ पुलिसक जवान शामिल छलाह। पुलिस पदाधिकारी आ जवान थाना क्षेत्रक विभिन्न प्रमुख मार्गक संगहि संवेदनशील स्थान सभक भ्रमण कएलनि। एहि दौरान पुलिसकर्मी स्थानीय लोक सभ सं शांतिपूर्ण वातावरण बनौने रखबाक, आपसी भाईचारा आ सद्भाव कायम रखबाक अपील कएलनि। लोक सभ कें अफवाह पर ध्यान नहि देबाक आ कोनो संदिग्ध गतिविधिक जानकारी भेटलापर तुरंत पुलिस कें सूचना देबाक कहल गेल। थाना अध्यक्ष रंजीत कुमार



शर्मा कहलनि जे ईद मिलादुन्नबीक अवसर पर क्षेत्र मे कानून-व्यवस्था कायम रखबाक लेल पुलिस पूरा तरहे सतर्क अछि। असामाजिक तत्व सभ पर विशेष नजरि राखल जा रहल अछि। पर्वक दौरान शांति व्यवस्था भंग करबाक प्रयास कएनिहार तत्व सभक विरुद्ध कड़ी कारबाइ कएल जाएत। पुलिसक एहि फ्लैग मार्च सं क्षेत्र मे सुरक्षा व्यवस्थाक प्रति लोक सभ मे भरोसा बढ़ल। अधिकारी सभ कहलनि जे पर्वक दौरान सभ वर्गक लोक आपसी सौहार्द आ भाईचारा कायम रखैत शांतिपूर्ण वातावरण मे पर्व मनाबथि।

**सदर अस्पताल मे एनीमिया मुक्त बिहार अभियानक सीधा प्रसारण, डीएम देलनि कड़गर निर्देश**

# समस्तीपुर कें एनीमियामुक्त बनेबाक लेल धरातल पर उपलब्ध कराओल जाएत आवश्यक सुविधा : डीएम

समस्तीपुर, समदिया

स्वास्थ्य विभाग, बिहार सरकारक तत्वावधान मे अनीमिया मुक्त भारत अभियानक अंतर्गत अनीमिया मुक्त बिहार विशेष अभियानक शुभारंभ कएल गेल। राज्यस्तरीय कार्यक्रमक उद्घाटन मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कएलनि। एहि क्रम मे जिला स्तर पर सदर अस्पताल समस्तीपुरक सभागार मे राज्यस्तरीयकार्यक्रमक सीधा प्रसारण कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा कएलनि। एहि अवसर पर स्वास्थ्य विभागक अधिकारी, चिकित्सक आ जिला प्रशासनक प्रतिनिधि उपस्थित छलाह। राज्यस्तरीय कार्यक्रमक प्रसारणक बाद जिलाधिकारी अभियानक समीक्षा कएलनि आ सिविल सर्जन सहित सभ संबंधित अधिकारी कें एकर प्रभावी ढंग सं क्रियान्वयन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी चारि प्रमुख निर्देश देलनि। हुनका अनुसार सभ प्राथमिक आ सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र पर महिला, गर्भवती माता, किशोरी आ बच्चा सभक नियमित जांच सुनिश्चित कएल जाय।



अनीमिया सं पीड़ित रोगी केंआयरन, फोलिक एसिड आ आवश्यक दवा बिना कोनो बाधाक उपलब्ध कराओल जाय। ओ कहलनि जेग्रामीण आ शहरी क्षेत्र मे स्वास्थ्यकर्मी सभक माध्यम सं उचित खान-पान आ पोषणक संबंध मे व्यापकजागरूकता अभियान चलाओल जाय। संगहि स्वास्थ्य विभाग, महिला एवं बाल विकास विभाग आ शिक्षा विभाग आपसी समन्वय स्थापित कए अभियान कें समाजक आखरी व्यक्ति धरि पहुंचाबय। जिला प्रशासनक कहब अछि जे समस्तीपुर कें अनीमियामुक्त बनेबाक लेल सभ आवश्यक स्वास्थ्य सुविधा धरातल पर उपलब्ध कराओल जाएत आ अभियानक नियमित निगरानी सेहो कएल जाएत।

# बैंक खाता सं फर्जी निकासीक आरोप, राशि वापसी नहि भेल तं होयत धरना-प्रदर्शन : भाकपा माले

ताजपुर, समदिया

बिहार ग्रामीण बैंक, ताजपुर शाखाक एकटा खाताधारीक बैंक खाता सं बिना अनुमति राशि निकासीकमामिला सोझां आयल अछि। पीड़ित प्रवीण कुमार महतो समस्तीपुर साइबर अपराध थाना मे लिखित शिकायत दैत कहलनि अछि जे हुनकर बैंक खाता सं 19, 23, 24 आ 25 जुलाई तथा 24 अगस्त 2026 कें कुल 30 हजार 700 रुपैया निकासी कए लेल गेल, जखन कि ई लेन-देन हुनका द्वारा नहि कएल गेल छल। पीड़ितक कहब अछि जे बैंक विवरणक माध्यम सं हुनका एहि निकासीक जानकारी भेटल। हुनका आशंका अछि जे हुनकर बैंक खाताक कोनो तरहें अनधिकृत उपयोग कएल गेल अछि। एहि संबंध मे हुनका साइबर थाना संगहि बिहार ग्रामीण बैंकक ताजपुर शाखा मे सेहो लिखित शिकायत दए जांच करबाक आ निकासी भेल राशि वापस करबाक मांग कएलनि अछि। एहि बीच भाकपा मालेक ताजपुर प्रखंड सचिव सुरेंद्र प्रसाद



सिंह आ किसान नेता ब्रह्मदेव प्रसाद सिंह मामिला कें गंभीर बतबैत फर्जी निकासीक घटना मे बैंककर्मी सभक संभावित संलिप्तताक सेहो निष्पक्ष जांच करबाक मांग कएलनि। दुनू नेता कहलनि जे दोषी सभक पहचान कए हुनका सभक विरुद्ध कड़ा कानूनी कारबाइ कएल जाय आ पीड़ितक निकासी भेल राशि अविलंब वापस कराओल जाय। दुनू नेता चेतावनी देलनि जे जं मामिलाक निष्पक्ष जांच नहि भेल आ पीड़ित कें न्याय नहि भेटल तं भाकपा माले आ किसान महासभाक नेतृत्व मे बिहार ग्रामीण बैंकक ताजपुर शाखाक समक्ष धरना-प्रदर्शन कएल जाएत।

# नरमा आयुष्मान आरोग्य मंदिरक गुणवत्ता भेल मूल्यांकन

अलीनगर, समदिया

अलीनगर प्रखंडक नरमा-नावानगर पंचायत स्थित नरमा हेल्थ एंड वेलनेस सेंटर आयुष्मान आरोग्य मंदिर मे मंगलदिन नेशनल क्वालिटी एश्योरेंस स्टैंडर्ड (एनक्यूएएस) केर अंतर्गत गुणवत्ता मूल्यांकन आ निरीक्षण कएल गेल। स्वास्थ्य विभागक टीम केंद्र मे उपलब्ध स्वास्थ्य सुविधा, दवा उपलब्धता, साफ-सफाई, रोगी कें भेटि रहल सेवा, अभिलेख आ अन्य आवश्यक व्यवस्थाक बारीकी सं जायजा लेलनि। निरीक्षणक दौरान पंचायतक मुखिया अनुराधा सिंह, भाजपा दरभंगा पूर्वी जिलाक महामंत्री सह मुखियापति संजय कुमार सिंहउर्फ पप्पू सिंह सहित स्वास्थ्य विभागक पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह। स्वास्थ्य विभागक दिससं आरपीएम नजमुल होडा, प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. विमलेश प्रकाश, डीसीएमओ सिद्दीकी, स्वास्थ्य प्रबंधक कौशल किशोर, नरमा सीएचसी अधिकारी विपिन सिंह जाट सहित एएनएम आ आशा कार्यकर्ता सभ निरीक्षण मे सहभागी भेलाह। कौशल किशोर टीम कें केंद्र मे उपलब्ध दवा, ओकर भंडारण, साफ-सफाई, रोगी सभ लेल उपलब्ध सुविधा, स्वास्थ्य कर्मीक कार्यप्रणाली आ आवश्यक अभिलेखक संबंध मे जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे केंद्रक सभ व्यवस्था एनक्यूएएस केर निर्धारित मानकक अनुरूप मूल्यांकन कएल गेल। मुखिया अनुराधा सिंह कहलनि जे नेशनल क्वालिटी एश्योरेंस स्टैंडर्डक अंतर्गत निरीक्षण पंचायत लेल महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि। ओतहि संजय कुमार सिंह कहलनि जे ग्रामीण लोक कें गांवक नजदीकगुणवत्तापूर्ण स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध करेनाइ आवश्यक अछि। निरीक्षणक दौरान स्वास्थ्य विभागक टीम केंद्रक विभिन्न व्यवस्थाक जायजा लैत आवश्यक दिशा-निर्देश सेहो देलनि। टीम द्वारा स्वास्थ्य सेवा केर गुणवत्ता, साफ-सफाई, दवा प्रबंधन आ अभिलेखक राखि-रखाव सहित अन्य मानक पर विशेष ध्यान देल गेल।

# डीपीएस बोकारोक प्राचार्य डॉ. गंगवार एसओएफ बेस्ट इंटरनेशनल प्रिंसिपल अवार्ड सं सम्मानित

बोकारो,समदिया



अंतरराष्ट्रीय स्तर पर शिक्षा आ ओलंपियाड परीक्षाक क्षेत्र मे अग्रणी संस्था साइंस ओलंपियाड फाउंडेशन (एसओएफ) दिल्ली पब्लिक स्कूल (डीपीएस) बोकारोक प्राचार्य डॉ. ए. एस. गंगवार कें प्रतिष्ठित एसओएफ बेस्ट इंटरनेशनल प्रिंसिपल अवार्ड सं सम्मानित कएलक अछि। ई प्रतिष्ठित अंतरराष्ट्रीय पुरस्कार डॉ. गंगवारक दूरदर्शी सोच, कुशल नेतृत्व क्षमता आ अभिनव शैक्षणिक पहल लेल देल गेल अछि। हुनकर मार्गदर्शन मे डीपीएस बोकारोक विद्यार्थी सभ वर्ष 2025-26क एसओएफ ओलंपियाड परीक्षा मे अंतरराष्ट्रीय स्तर पर उत्कृष्ट प्रदर्शन केने छथि। गौरतलब अछि जे डीपीएस बोकारो पछिला ढ़ाई दशक सं बेसी समय सं साइंस ओलंपियाड फाउंडेशनक संग निरंतर जुड़ल अछि। विद्यालय मे नियमित रूप सं आईजीकेओ, आईईओ, एनएसओ, आईएमओ,आईसीएसओ, आईएसएसओ, आईएचओ आ आईसीओ सन विभिन्न विषयक ओलंपियाड परीक्षा आयोजित कएल जाइत रहल अछि। प्राचार्य डॉ. गंगवारक मार्गदर्शन मे डीपीएस बोकारोक छात्र-छात्रा सभ जिला, राज्य, जोनल आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर प्रत्येक वर्ष अपन सफलताक परचम लहरबैत रहल छथि। अंतरराष्ट्रीय मंच पर एतयक विद्यार्थी सभ शीर्ष रैंक हासिल कए ने मात्र विद्यालय, बल्कि पूरा बोकारो शहर आ झारखंड राज्यक नाम विश्वभरि मे रोशन केने छथि। आइ मंगलदिन विद्यालयक वरीय उपप्राचार्य अंजनी भूषणएवं उपप्राचार्या शालिनी शर्मा प्राचार्य डॉ. गंगवार कें उक्त सम्मान सांकेतिक रूप सं सुपुर्द कए बधाईदेलनि। एहि अंतरराष्ट्रीय उपलब्धिपर प्रसन्नता व्यक्त करैत प्राचार्य एहि सम्मानक श्रेय विद्यालयक समर्पित शिक्षक सभक टीम, लगनशील विद्यार्थी सभ आ अभिभावक सभक अटूट विश्वास कें देलनि। ओ कहलनि जे शिक्षा मात्र किताबी ज्ञान धरि सीमित नहि अछि, बल्कि बच्चा सभ मे विश्लेषणात्मक आ प्रतिस्पर्धी सोच विकसित करेनाइ हुनकर मुख्य ध्येय अछि। ओ कहलनि,ई सम्मान विद्यालयक ओहि प्रतिबद्धताक प्रतीक अछि, जे हम अपन विद्यार्थी सभ कें वैश्विक स्तर पर अव्वल बनेबाक लेल निभबैत आबि रहल छी। आगू सेहो एहि ऊर्जाक संग विद्यार्थी सभ कें नव ऊंचाइ धरि पहुंचेबाक प्रयास जारी रहत। डॉ. गंगवार कें बेस्ट इंटरनेशनल प्रिंसिपल अवार्ड भेटला सं विद्यालय परिवार मे हर्षक माहौल अछि। , श्रावणी मेला मे यात्री सभक सुविधा लेल आसनसोल-झंझारपुरक बीच चलत विशेष ट्रेन चित्तरंजन, मधुपुर आ जसीडीह मे रहत ठहराव आसनसोल। श्रावणी मेला केर आखरी चरण मे बढ़ैत यात्री भीड़ कें देखैत पूर्व रेलवे श्रद्धालु आ अन्य यात्री सभ लेल पैघ सुविधा देलक अछि। रेलवे आसनसोल आ झंझारपुरक बीच एकटा अनारक्षित विशेष ट्रेन चलाबयक निर्णय लेने अछि। एकर उद्देश्य मेला अवधि मे बढ़निहार अतिरिक्त भीड़ कें नियंत्रित करब आयात्री सभ कें दूनू दिशा मे सुगम यात्रा सुविधा उपलब्ध करेनाइ अछि। रेलवे दिस सं जारी जानकारीक अनुसार, ट्रेन संख्या 03573 आसनसोल-झंझारपुर अनारक्षित विशेष ट्रेन 25 अगस्त कें अपराह्न 2 बजे आसनसोल स्टेशन सं विदा होएत। निर्धारित समय अनुसार ट्रेन अगिला दिन अर्थात 26 अगस्त कें राति 1 बजे झंझारपुर स्टेशन पहुंचत। ट्रेनक परिचालन सं ओहि यात्री सभ कें विशेष राहति भेटबाक उम्मीद अछि, जे श्रावणी मेला केर दौरान आसनसोल सं झंझारपुर आ मार्ग मे पड़निहार प्रमुख स्टेशन धरि यात्रा करैत छथि। वापसी मे भोर 3 बजे झंझारपुर सं चलतयात्री सभक सुविधा कें ध्यान मे रखैत रेलवे वापसी दिशा मे सेहो विशेष ट्रेनक परिचालन निर्धारित केने अछि। ट्रेन संख्या 03574 झंझारपुर-आसनसोल अनारक्षित विशेष ट्रेन 26 अगस्त कें भोर 3 बजे झंझारपुर स्टेशन सं विदा होएत। ई ट्रेन ओहि दिन दुपहर 1 बजे आसनसोल स्टेशन पहुंचत। एहि तरहे विशेष ट्रेन दूनू दिशा मे य ात्री सभ कें अतिरिक्त विकल्प उपलब्ध कराओत।पूर्व रेलवे अनुसार, दूनू दिस चलनिहार ई विशेष ट्रेन अपन निर्धारित मार्ग पर चित्तरंजन, मधुपुर आ जसीडीह स्टेशन पर रुकत। एहि महत्वपूर्ण स्टेशन पर ठहराव होमय सं स्थानीय यात्री सभक संग श्रावणीमेला मे आबि-जाइ रहल श्रद्धालु सभ कें सेहो बहुत सुविधा भेटत। अनारक्षित ट्रेन होमयक कारण यात्रीसभ कें सामान्य श्रेणी मे यात्रा करबाक अतिरिक्त विकल्प सेहो उपलब्ध रहत। अतिरिक्त दबाव कम करबाक तैयारी श्रावणी मेला केर दौरान पैघ संख्या मे श्रद्धालु विभिन्न धार्मिक स्थल सभक यात्रा करैत छथि। एहि कारण एहि अवधि मे रेलवे केर महत्वपूर्ण मार्ग आ ट्रेन मे यात्री सभक संख्या सामान्य दिनक तुलना मे बहुत बढ़ि जाइत अछि। भीड़क एहि अतिरिक्त दबाव कें देखैत पूर्व रेलवे विशेष ट्रेन चलाबयक निर्णय लेने अछि।रेलवेक उद्देश्य यात्री सभक बढ़ैत संख्या कें व्यवस्थित करब, प्रमुख ट्रेन पर दबाव कम करब आ श्रद्धालु सभ कें यात्रा लेल अतिरिक्त सुविधा उपलब्ध करेनाइ अछि। आसनसोल आ झंझारपुरक बीच विशेष ट्रेन चलला सं दूनू दिशा मे यात्रा कएनिहार यात्री सभ कें लाभ भेटत। खास कए चित्तरंजन, मधुपुर आ जसीडीह जेहन महत्वपूर्ण स्टेशन पर ठहराव सं आसपासक क्षेत्रक यात्री सभ कें सेहो अतिरिक्त ट्रेन सेवाक लाभभेटत।

# गिरिडीह सीसीएल अस्पताल परिसर मे भू-धंसान, जमीन धंसला सं मचल हड़कंप

## दू भवन क्षतिग्रस्त, सड़क मे पड़ल दरार, सुरक्षा लेल गार्ड तैनात

गिरिडीह,समदिया



गिरिडीह मे सीसीएलक लंकास्टर अस्पताल परिसर मे मंगलदिन भोर अनचोके भू-धंसान होमय सं हड़कंप मचि गेल। जमीन धंसबाक कारण अस्पतालक दू भवनक पैघ हिस्सा क्षतिग्रस्त भए गेल।ओतहि अस्पताल परिसरक सड़क सहित आसपासक पैघ क्षेत्र मे चौड़ा दरार पड़ि गेल। घटना समयअस्पताल मे मौजूद सभ कर्मी कें सुरक्षित बाहर निकालि लेल गेल, जाहि सं कोनो प्रकारक जनहानि नहि भेल। अस्पताल कर्मी दिलीप कुमार बतौलनि जे भोर करीब 4 बजे अनचोके जमीन धंसए लागल आ एकरा संगहि भवनक एकटा हिस्सा सेहो नीचां जाय लागल। घटना बाद अस्पताल परिसर मे अफरा-तफरीक स्थिति बनि गेल। सूचना भेटलाक बाद सीसीएल गिरिडीह एरियाक महाप्रबंधक कन्हैया शंकर गैवाल, परियोजना पदाधिकारी गोपाल सिंह मीणा, चिकित्सक पदाधिकारी परिमल सिन्हा आ सिविल विभागक रामाकांत सहित अन्य अधिकारी घटनास्थल पर पहुंचलाह। अधिकारी सभ पूरा परिसरक निरीक्षण कए भू-धंसान सं भेलनोकसान आ वर्तमान स्थितिक जायजा लेलनि। क्षेत्र मे आवाजाही बंद, गार्ड आ होमगार्ड तैनातभू-धंसानक गंभीरता कें देखैत सीसीएल प्रबंधन तत्काल एहतियाती कदम उठौलनि। महाप्रबंधक कन्हैयाशंकर गैवाल अधिकारी सभ कें प्रभावित क्षेत्र मे सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक आ जरूरी सावधानी बरतबाक निर्देश देलनि। ओ प्रभावित क्षेत्र मे कोनो व्यक्तिक आवाजाही रोकबाक लेल सीसीएल गार्ड आ होमगार्ड जवानक तैनाती करबाक आदेश देलनि। जीएम पत्रकार सभ सं बातचीत मे कहलनि जे पूरा मामिलाक जांच कएल जा रहल अछि। जांच मे भू- धंसानक कारण आ एकरा सं भेल नुकसानक आकलन कएल जाएत। एकर बाद आगूक रणनीति तय कएल जाएत। फिलहाल प्राथमिकता प्रभावित क्षेत्र मे लोकक आवाजाही रोकि सुरक्षा सुनिश्चित करेनाइ अछि। अवैध कोयला खनन कें बतौलनि कारण स्थानीय लोक लंकास्टर अस्पताल परिसर मे भेल भू-धंसानक पछाड़ि क्षेत्र मे दीर्घ समय सं चलि रहल कथित अवैध कोयला खनन कें कारण बतौलनि। हुनकर कहब अछि जे अस्पतालक आसपासक क्षेत्र मे पैघ स्तर पर अवैध खनन होइत रहल अछि। एहि कारण जमीनक भीतरक पैघ हिस्सा खोखला भए गेल आक्षेत्र मे दीर्घ समय सं भू-धंसानक खतरा बनल छल। आब एकर चपेट मे सीसीएलक अस्पताल परिसर सेहो आबि गेल अछि। ओतहि माले नेता राजेश सिन्हा आरोप लगौलनि जे सीसीएल गिरिडीह क्षेत्र भीतर सं खोखला भए गेल अछि। ओ कहलनि जे क्षेत्रक बचाव आ पुनर्वास लेल करोड़ो रुपैयाक राशि अबैत अछि, मुदा अधिकारी एहि दिशा मे गंभीरता सं काज नहि कए रहल छथि।

# सीमा पर तैनात जवान सभ लेल एमबी डीएवीक विद्यार्थी सभ बनौलनि 350 सं बेसी राखी



लोहरदगा ,समदिया

रक्षाबंधनक पावन अवसर पर देशक सीमा पर तैनात वीर जवान सभक प्रति सम्मान आ कृतज्ञता प्रकट करबाक उद्देश्य सं एमबी डीएवी विद्यालय, लोहरदगा मे हस्तनिर्मित राखी बनेबाकप्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। प्रधानाचार्या प्रेरणा शंखधरक नेतृत्व आ निर्देशन मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे कक्षा 5 सं 8 धरि पढ़निहार विद्यार्थी सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। विद्यार्थी सभ अपन रचनात्मकता आ कलाक प्रदर्शन करैत करीब 350 सं बेसी सुंदर आ आकर्षक राखीतैयार कएलनि। एहि राखी सभ कें भारतीय डाकक माध्यम सं सीमा पर तैनात सैनिक सभ धरि पठाओल जा रहल अछि, जाहि सं रक्षाबंधनक अवसर पर जवान सभ कें बच्चा सभक स्नेह आ शुभकामनाक संदेश भेटि सकय। एहि अवसर पर प्रधानाचार्या प्रेरणा शंखधर कहलनि जे विद्यार्थी सभक ई छोट प्रयास देशक सीमा पर दिन-राति ड्यूटी कएनिहार सैनिक सभक उत्साह बढ़ेबाक संग बच्चा सभ मे देशप्रेम, सामाजिकउत्तरदायित्व आ संवेदनशीलताक भावना कें सेहो मजबूत करत।

# धनबाद मे बंद घर सं 22 लाखक गहना केलक चोरी

## अस्पताल कर्मीक परिवारक अनुपस्थिति मे चोर सभ कएलनि वारदात

धनबाद,समदिया



धनबाद थाना क्षेत्रक धैया लाहबनी मे एकटा बंद घर सं चोर सभ करीब 22 लाख रुपैयाक सोन- चानीक आभूषण चोरी कए लेलनि। ई घटना अस्पताल कर्मी तरुण सिंहक आवास पर भेल। तरुण सिंह अपन पिताक उपचार लेल चारि दिन पहिने पूरा परिवारक संग रांची गेल छलाह। चोर सभ घर बंद रहबाक लाभ उठा कए वारदात कें अंजाम देलनि। मंगलदिन तरुण सिंह परिवारक संग रांची सं धैया स्थित अपन आवास पर वापस एलाह। घरक मुख्य द्वार पर पहुंचिते हुनका ताला टूटल भेटल। भीतर गेलाक बाद घरक सामान बिखरल छल आ दूटा अन्यदरवाजाक ताला सेहो टूटल छल। परिवारक सदस्य सभ अलमारीक जांच कएलनि तं ओहि मे राखल सोन-चानीक आभूषण गायब भेटल। गृहस्वामीक अनुसार, चोरी भेल आभूषणक अनुमानित कीमत करीब 22 लाख रुपैया अछि। घटनाक सूचना भेटलाक बाद तरुण सिंह धनबाद थाना पुलिस कें जानकारी देलनि। पुलिस टीम तत्काल घटनास्थल पर पहुंचि निरीक्षण कएलनि।पुलिस आसपासक गतिविधिक जानकारी जुटेबाक शुरुआत कए देने अछि आ चोर सभक पता लगयबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। क्षेत्र मे लागल सीसीटीवी कैमरा सभक फुटेज सेहो खंगालल जा रहल अछि। गृहस्वामी तरुण सिंह कहलनि जे पिताक उपचारक कारण पूरा परिवार चारि दिन सं रांची मे छल। वापसएलाक बाद घरक ताला टूटल भेटल आ अलमारी सं करीब 22 लाख रुपैयाक गहना गायब छल। ओ ई सेहो बतौलनि जे ई नव घर दू वर्ष पहिने बनेने छलाह। पुलिस मामिलाक जांच कए रहल अछि।

# देवेंद्र नाथ महतोक भर्ती सुधार यात्रा हजारीबाग पहुंचल ,परीक्षा व्यवस्थापर उठौलक सवाल

## प्रश्नपत्र लीक-मुक्त झारखंडक संकल्प

हजारीबाग,समदिया




छात्र नेता आ झारखंड लोकतांत्रिक क्रांतिकारी मोर्चाक नेता देवेंद्र नाथ महतोक भर्ती व्यवस्था सुधार यात्रा मंगलदिन दोसर दिन चतरा सं हजारीबाग पहुंचल। देर रात हजारीबाग पहुंचबाक पहिने यात्रा भोर मे चतरा केर इटखोरी सं शुरू भेल छल। एकर बाद यात्रा चतरा जिलाक विभिन्न क्षेत्र सं होइत कटकमसांडीक रास्ता सं सांझ मे हजारीबाग पहुंचल। एतय शहीद निर्मल महतो पार्क स्थित निर्मल महतोक प्रतिमा पर माल्यार्पण कए यात्रा केर औपचारिक शुभारंभ कएल गेल। एकर बाद देर रात यात्रा कोडरमा लेल विदा भए गेल। कोडरमा मे यात्राक तेसर दिनककार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। यात्राक दौरान देवेंद्र नाथ महतो आ हुनका संग चलि रहल छात्र नेता सभ युवा कें परीक्षा व्यवस्था मे पारदर्शिता आ भर्ती प्रक्रिया मे सुधार कें लए जागरूक होमयक अपीलकएलनि।हजारीबाग सं आगू विदा होइत काल मीडिया सं बातचीत करैत देवेंद्र नाथ महतो कहलनि जे ई यात्राझारखंडक सभ जिला धरि पहुंचत। एकर मुख्य उद्देश्य गांम-गांम जा कए लोक आ युवा सभ कें परीक्षा व्यवस्था मे कथित गड़बड़ी, प्रश्नपत्र लीक आ भर्ती प्रक्रिया सं जुड़ल मुद्दा प्रति जागरूक करेनाइ अछि। ओ कहलनि जे न्यायालय अपन काज कए रहल अछि, मुदा ओ स्वयं जनता बीच जा कए एहि विषय पर जागरूकता फैलाबयक काज कए रहल छथि। महतोक कहब छलनि जे झारखंड मे प्रश्नपत्र लीक आ परीक्षा व्यवस्था मे धांधली पैघ समस्या बनि गेल अछि। हुनकर लक्ष्य एहन झारखंड बनाबनाइ अछि, जतय प्रतियोगी परीक्षा पूरा तरहे पारदर्शी हो आ राज्यक पहचान प्रश्नपत्र लीक-मुक्त प्रदेशक रूप मे बनय। ओ कहलनि जे इएह ओ झारखंड होबाक चाही, जकर सपना राज्यक वीर शहीद सभ देखने छलाह।यात्रा कें राजनीतिक आंदोलन कहबाक आरोपपर देवेंद्र नाथ महतो कहलनि जे झारखंड आंदोलन आ देशक आजादीक आंदोलनक दौरान सेहो संघर्ष कें राजनीति सं जोड़बाक आरोप लगैत रहल छल। ओ स्पष्टकएलनि जे ई यात्रा ओहि लाखो छात्रक भविष्य लेल अछि, जे परीक्षा व्यवस्था मे कथित गड़बड़ी सं प्रभावित भए रहल छथि। ओ आम लोक आ युवा सभ सं यात्रा मे सहयोग करबाक अपील कएलनि। ओतहि यात्रा मे शामिल छात्र राजेश कुमार कहलनि जे छात्र सभ सरकार पर भरोसा केने छलाह। सरकारकतेको परीक्षा रद्द कए परीक्षा व्यवस्था मे गड़बड़ी कें स्वीकार केने अछि। ओ कहलनि जे सरकार कें न्यायालय मे अपन पक्ष मजबूती सं राखबाक चाही। राजेश कुमार चेतावनी देलनि जे जं छात्र सभक भरोसा टूटल तं आंदोलन आओर तेज कएल जाएत। जरूरत पड़ल तं सड़क पर उतरबाक संग चक्का जाम कएल जाएत आ आंदोलन कें ऐतिहासिक बनाओल जाएत।

# बीएसएल मे सड़क सुरक्षा कें बढ़ावा देबाक लेल संगच्छध्वम् 2026 केर शुभारंभ

बोकारो,समदिया




बोकारो स्टील प्लांट मे यूटिलिटीज विभागक अंतर्गति सिविल इंजीनियरिंग डिपार्टमेंट (सीईडी), वाटर मैनेजमेंट डिपार्टमेंट (डब्ल्यूएमडी), गैस यूटिलिटी (जीयू) एवं एयर कंडीशनिंग वेंटिलेशन सिस्टम (एसीवीएस) विभाग द्वारा संयुक्त रूप सं आयोजित संगच्छध्वम् 2026-यूनाइटेड यूटिलिटीज, अनकंप्रोमाइज्ड सेफ्टी नामक यूटिलिटीज सेफ्टी पखवाड़ाक शुभारंभ कएल गेल। एहि पहल के उद्देश्य यूटिलिटीज के अंतर्गति विभिन्न विभागक अधिकारी, कर्मचारी एवं संविदा कर्मीसभक बीच सुरक्षा के प्रति जागरूकता, एकजुटता आ सामूहिक जिम्मेदारीक भावना के आओर सुदृढ़ केनाइ अछि। यूटिलिटीज सेफ्टी पखवाड़ा कार्यक्रमक शुभारंभ अधिशासी निदेशक (संकार्य) द्वारा कएल गेल। एहि अवसर पर मुख्यमहाप्रबंधक (यूटिलिटीज), मुख्य महाप्रबंधक (सुरक्षा एवं अग्निशमन सेवाएं) सहित अन्य वरीय अधिकारी तथा बहुतरास संख्या मे कर्मचारी एवं संविदा कर्मी उपस्थित छलाह। यूटिलिटीज सेफ्टी पखवाड़ा के तहति आयोजित प्रथम कार्यक्रम के रूप मे संयंत्र के प्लांट-प्लाज़ा रोड पर सड़क सुरक्षा के प्रति जागरूकता बढ़ाबक उद्देश्य सं मानव श्रृंखला बनाओल गेल। एकर उद्देश्य संयंत्र के कार्मिक एवं श्रमिकसभक दैनिक जीवन मे सड़क सुरक्षा के प्रति संवेदनशीलता बढ़ेनाइ तथा सड़क दुर्घटनासभक रोकथामक लेल जागरूकता के सुदृढ़ केनाइ छल। एहि अभियान मे बहुतरास संख्या मे अधिकारी, कर्मचारी एवं संविदा कर्मी सभ भाग लेलनि। प्रतिभागी सभ सुरक्षा संदेश सभ सं युक्त बैनर एवं नारासभक माध्यम सं सड़क सुरक्षा नियमसभक पालन के आह्वान कयलनि। हाथ मे हाथ मिलाकय बनाओल गेल इ मानव श्रृंखला एकजुटता, सामूहिक जिम्मेदारी आ सुरक्षित कार्य संस्कृतिक प्रभावी संदेश देलक। एहि अवसर पर अधिशासी निदेशक (संकार्य) सुरक्षा के प्रत्येक व्यक्तिक सामूहिक जिम्मेदारीबतबैत सभ कर्मचारी सं कार्यस्थल पर निर्धारित सुरक्षा मानकसभक पूर्णतः पालन करबा तथा जीरो हार्म के लक्ष्य के प्राप्त करबाक लेल निरंतर सजग, सतर्क एवं प्रतिबद्ध रहबाक आह्वान कयलनि।

# गुमला मे कार-ट्रकक आमने-सामने टक्कर मे एक कार सवारक मृत्यु

## चारि घायल, शिव चर्चा कार्यक्रम सं घर आबि रहल छल सभ

गुमला,समदिया



गुमला-रांची मार्ग पर नागफेनीक लग सोमदिन-मंगलदिनक मध्यरात्रि मे एकटा कार आ ट्रकक आमने-सामने टक्कर भए गेल। एहि दुर्घटना मे करंज गांव निवासी परमेश्वर सिंहक घटनास्थल परे मृत्युभए गेल, जखनकि कार मे सवार चारि अन्य लोक गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह।घायल मे कोटाम पनसो निवासी अंकित कुमार, करंज निवासी सुशील केसरी आ करमडीपा निवासी कमल बड़ाइक शामिल छथि। एकटा अन्य घायलक पहचान एखन धरि नहि भए सकल अछि। दुर्घटनाक सूचना भेटलाक बाद स्थानीय लोकक सहयोग सं एंबुलेंस घटनास्थल पर पहुंचल। सभ घायल आ मृतक कें गुमला सदर अस्पताल लए जाएल गेल। चिकित्सक सभ परमेश्वर सिंह कें मृत घोषित कएलनि। गंभीर रूप सं घायल सुशील केसरी आ कमल बड़ाइक कें प्राथमिक उपचारक बाद रांची रिम्स रेफर कएल गेल अछि, जखनकि अंकित कुमारक उपचार सदर अस्पताल मे जारी अछि। मंगलदिन पुलिस सदर अस्पताल पहुंचल। एसआई अमर शुक्ला मृतक परमेश्वर सिंहक शवक पंचनामा तैयार कए पोस्टमार्टम करौलनि आ शव परिजन कें सौंपि देलनि। घायल सभ पुलिस कें बतौलनि जे ओ सभ बेड़ो मे आयोजित एकटा शिव चर्चा कार्यक्रम मे शामिल भए गुमला स्थित अपन घर लौटि रहलछलाह, तखने ई दुर्घटना भए गेल।पुलिस एहि संबंध मे मामिला दर्ज कए जांच शुरू कए देने अछि। दुर्घटनाक बाद ट्रक चालक वाहन छोड़ि घटनास्थल सं फरार भए गेल। पुलिस दुर्घटनाग्रस्त दूनू वाहन कें जब्त कए लेने अछि।

# शेखपुरा मे निःशुल्क कानूनी सहायता केंद्र शुरू

## गामक लोक कें ओतहि भेटत सलाह

- गरीब लोक कें निःशुल्क सहायता, बेर-बेर न्यायालय नहि जाय पड़त




**शेखपुरा, समदिया**

आम लोक कें निःशुल्क आ सहज विधिक सहायता उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं सदर प्रखंडक कुसुंभा पंचायत सरकार भवन मे एकटा निःशुल्क विधिक सहायता केंद्रक उद्घाटन कएल गेल।

सिविल कोर्ट शेखपुराक प्रधान जिला आ सत्र न्यायाधीश-सह-अध्यक्ष, जिला विधिक सेवा प्राधिकार संतोष कुमार तिवारी एकर विधिवत शुभारंभ कएलनि।

एहि अवसर पर न्यायाधीश संतोष कुमार तिवारी कहलनि जे न्याय मात्र न्यायालय धरि सीमित नहि रहबाक चाही, बल्कि समाजक आखरी पायदान पर ठाढ़ व्यक्ति धरि ओकर सहज पहुंच सुनिश्चित होनाइ आवश्यक अछि। ओ कहलनि जे ई केंद्र एहि उद्देश्य दिस एकटा महत्वपूर्ण पहल अछि।

### बेर-बेर न्यायालयक चक्कर नहि लगाबए पड़त

न्यायाधीश तिवारी कहलनि जे आर्थिक आ सामाजिक रूप सं कमजोर लोक कें हुनक अधिकारक जानकारी आ समय पर कानूनी सहायता उपलब्ध करेनाइ जिला विधिक सेवा प्राधिकारक प्राथमिकता अछि।

एहन केंद्रक माध्यम सं ग्रामीण क्षेत्रक लोक कें स्थानीय स्तर पर कानूनी परामर्श आ आवश्यक सहायता भेटत, जाहि सं हुनका छोट-छोट कानूनी समस्या लेल बेर-बेर न्यायालयक चक्कर नहि लगाबए पड़त।

उद्घाटन समारोह मे अपर पुलिस अधीक्षक डॉक्टर राकेश कुमार, जिला आ अपर सत्र न्यायाधीश प्रथम नीरज किशोर, विशेष न्यायाधीश पोक्सो रविंद्र कुमार, प्रधान न्यायिक दंडाधिकारी मिट्ठू रानी, जिला विधिक सेवा प्राधिकारक सचिव-सह-अपर जिला आ सत्र न्यायाधीश सुशील प्रसाद, न्यायिक पदाधिकारी रोहित रंजन आ प्रदीप कुमार उपस्थित छलाह।

### विनोद कुमार सिंह सहित अन्य गणमान्य लोक सेहो उपस्थित छलाह

एहि दौरान जिला विधिज्ञ संघक अध्यक्ष चंद्रमौली यादव तथा महासचिव विनोद कुमार सिंह सहित अन्य गणमान्य लोक सेहो उपस्थित छलाह। कुसुंभा पंचायतक मुखिया संजय कुमार सभ अतिथि कें बुके आ शॉल भेंट कए सम्मानित कएलनि।

जिला विधिज्ञ संघक अध्यक्ष चंद्रमौली यादव कहलनि जे ई केंद्र ग्रामीण आ दूरदराजक क्षेत्र मे रहनिहार गरीब, कमजोर आ जरूरतमंद लोक कें स्थानीय स्तर पर कानूनी जानकारी, निःशुल्क कानूनी परामर्श आ आवश्यक विधिक सहायता उपलब्ध कराओत। ओ जोर दैत कहलनि जे जिला विधिक सेवा प्राधिकारक मुख्य उद्देश्य समाजक आखरी व्यक्ति धरि न्यायिक पहुंच सुनिश्चित करेनाइ अछि।

निःशुल्क विधिक सहायता केंद्र खुलला सं आम ग्रामीण कें न्यायालय धरि पहुंचय मे होमय बला कठिनाइ कम होयत आ हुनका अपन अधिकार आ कानूनी प्रावधानक जानकारी सेहो भेटि सकत।

# डीएम कृषि संग पशुपालन बढ़ेबा पर देलनि जोर

## बांका मे डेयरी सहयोग समितिक समागम




**बांका, समदिया**

दुग्ध उत्पादक सहयोग समितिक अध्यक्ष आ सचिव सभक एकटा बैठक आयोजित कएल गेल। ई बैठक जिला पदाधिकारी अंशुल अग्रवालक अध्यक्षता मे भेल, जाहि मे विमूलक प्रबंध निदेशक आ अध्यक्ष विशिष्ट अतिथिक रूप मे उपस्थित छलाह।

ई समागम सात निश्चय पार्ट-3क अंतर्गत सुधा डेयरी, बांका द्वारा गठित समितिक लेल आयोजित कएल गेल छल। बैठक कें संबोधित करैत जिला पदाधिकारी अंशुल अग्रवाल किसान कें ग्रामीण अर्थव्यवस्थाक रीढ़ बतौलनि।

### योजनाक नीक लाभ दियाबनाइ उद्देश्य

ओ कहलनि जे कृषि संग पशुपालन आ दुग्ध उत्पादन कें बढ़ावा दए किसानक आय बढ़ाओल जा सकैत अछि। डीएम दुग्ध उत्पादक सहयोग समितिक भूमिका कें महत्वपूर्ण बतबैत एकरा बेसी सक्रिय, पारदर्शी आ प्रभावी बनेबाक लेल जोर देलनि। एकर उद्देश्य दुग्ध उत्पादक किसान कें सरकार आ डेयरीक योजनाक नीक लाभ दियाबनाइ अछि।

कार्यक्रमक दौरान विमूलक प्रबंध निदेशक सरकार आ डेयरी द्वारा संचालित विभिन्न योजनाक विस्तृत जानकारी देलनि।

### योजनाक अधिकतम लाभ उठेबाक अपील

एहि मे बायोगैस योजना, सुधा सखी (पशु सखी), जीविका दीदी सभक माध्यम सं सुधा बिक्री केंद्र आ पशु जन औषधि केंद्र जेहन योजना शामिल छल। ओ किसान आ समितिक सदस्य सभ सं एहि योजनाक अधिकतम लाभ उठेबाक अपील कएलनि।

विमूलक अध्यक्ष आ निदेशक मंडलक सदस्या समितिक संचालन आ कार्यप्रणाली कें नीक बनेबाक लेल अपन अनुभव साझा कएलनि तथा अध्यक्ष आ सचिव सभ कें आवश्यक सुझाव देलनि।

बैठक मे प्रभारी संग्रहण, विमूल, प्रभारी बांका डेयरी सहित अन्य पदाधिकारी आ कर्मचारी सेहो उपस्थित छलाह।

# उत्क्रमित मध्य विद्यालय पिपरा मे निःशुल्क शिविरक आयोजन



**कटिहार, समदिया**

लायंस क्लब कटिहार द्वारा मंगलदिन उत्क्रमित मध्य विद्यालय, पिपरा (मनिया) मे निःशुल्क दंत आ नेत्र जांच तथा परामर्श शिविरक आयोजन कएल गेल। भोर 9 बजे सं शुरू भेल एहि शिविर मे विद्यालयक बच्चा आ स्थानीय ग्रामीण सभ बहुत संख्या मे भाग लेलनि।

शिविर मे दंत रोग विशेषज्ञ डॉक्टर निशांत सोनी विद्यालयक बच्चा सभक दांतक निःशुल्क जांच कएलनि। ओ बच्चा सभ कें दांतक उचित देखभाल आ स्वच्छताक महत्वक संबंध मे जागरूक कएलनि।

कटिहार लायंस हॉस्पिटल एंड रिसर्च इंस्टीट्यूटक नेत्र रोग विशेषज्ञ सभ ग्रामीणक आंखक जांच कएलनि। एहि दौरान विशेष रूप सं मोतियाबिंदक रोगीक पहचान कएल गेल आ हुनका उचित चिकित्सकीय परामर्श देल गेल। लायंस क्लबक अध्यक्षा लायन लक्ष्मी गुप्ता कहलनि जे क्लब समाजक जरूरतमंद आ ग्रामीण क्षेत्र धरि नीक स्वास्थ्य सुविधा पहुंचेबाक लेल निरंतर प्रयासरत अछि।

शिविरक सफल संयोजन हेल्थ कमिटी चेयरपर्सन लायन निरंजन कुमार कएलनि। एहि दौरान लायन पंकज पुर्बे, नरेश प्रसाद चौधरी, अमरनाथ प्रसाद, गन्नू चौरसिया, तेज कुमार अग्रवाल, अवधेश कुमार, डोली रानी सहित क्लबक अन्य सदस्य सेहो उपस्थित छलाह आ सभ सक्रिय भूमिका निभौलनि।

# नवादा मे सरकारी बसकर्मी सभक हड़ताल

## निजी बस चालक सभपर दुर्व्यवहारक आरोप

### महिला कर्मी सभ मांगलनि सुरक्षा

**नवादा, समदिया**

बिहारक नवादा मे मंगल दिन सरकारी बस चालक आ कर्मी सभ निजी बस चालक सभक कथित मनमानी आ दुर्व्यवहारक विरोध मे हड़ताल कए देलनि। सरकारी बस सेवा बाधित भेला सं यात्री सभ कें बहुत परेशानीक सामना करए पड़ल।

हड़ताल पर गेल सरकारी बसकर्मी सभक आरोप अछि जे निजी बस चालक यात्री बैसेबा कें लए बेर-बेर हुनका सभ सं विवाद करैत छथि। कतेको बेर मामिला हाथापाइ, धक्का-मुक्की आ गाली-गलौज धरि पहुंचि जाइत अछि। कर्मी सभक कहब अछि जे डिपो अधिकारी सभ सं शिकायत करबाक बादो एहि मामिला कें गंभीरता सं नहि लेल गेल।



हड़ताल मे शामिल महिला चालक आ परिचालक सभ सेहो निजी बस चालक सभपर दुर्व्यवहारक आरोप लगौलनि। हुनकर कहब अछि जे निजी बस चालक सरकारी बसक लग आबि महिला सभक संग अभद्र व्यवहार करैत छथि आ यात्री सभ कें जबरदस्ती उतारबाक प्रयास करैत छथि। महिला कर्मी सभक अनुसार, कतेको बेर हुनका धक्का दए बसक भीतर पठा देल जाइत अछि। आरोप अछि जे निजी बस चालक बाट मे ठाढ़ भए यात्री सभ कें सरकारी बस मे चढ़य सं रोकैत छथि। संगहि हुनका धमकी देबाक आ मारपीट करबाक बात कहबाक आरोप सेहो लगाओल गेल अछि।

### सुरक्षाक मांग, आंदोलन जारी रखबाक चेतावनी

महिला कर्मी सभ प्रशासन सं सुरक्षा उपलब्ध करेबाक आ निजी बस चालक सभक कथित मनमानी पर रोक लगेबाक मांग कएलनि। हुनकर कहब अछि जे असुरक्षित वातावरण मे काज करब कठिन भए गेल अछि।

सरकारी बस कर्मी सभक कहब अछि जे सरकार महिला सभ कें आत्मनिर्भर बनेबाक लेल रोजगारक अवसर दए रहल अछि, मुदा कार्यस्थल पर सुरक्षा नहि भेटला सं हुनकर मनोबल प्रभावित भए रहल अछि।

हड़तालक कारण नवादा मे विभिन्न मार्ग पर सरकारी बस सेवा बाधित रहल। कर्मी सभ चेतावनी देलनि जे समस्या समाधान नहि भेल तं आंदोलन आगू सेहो जारी राखल जा सकैत अछि।

# जहानाबाद मे ऑटो चालक सभक बैठक, रंग-कोडिंग आ पार्किंग व्यवस्थाक मांग उठल



**जहानाबाद, समदिया**

जहानाबाद मे मंगलदिन शिक्षित बेरोजगार टेंपो चालक संघक अध्यक्ष वीरेंद्र कुमार दासक नेतृत्व मे ऑटो चालक सभक एकटा बैठक भेल। एहि बैठकक मुख्य उद्देश्य शहरी आ ग्रामीण क्षेत्र मे ऑटो चालक सभक समस्या पर चर्चा करब आ ओकर समाधान लेल प्रशासन सं मांग करब छल।

संघक अध्यक्ष वीरेंद्र कुमार दास कहलनि जे ग्रामीण आ शहरी क्षेत्र मे बाहरक ऑटो चालक स्थानीय मार्ग पर यात्री कें बैसा लैत छथि, जाहि सं स्थानीय चालक सभ कें यात्री आ किराया कें लए कए परेशानी होइत अछि।

ओ स्थानीय आ बाहरी ऑटोक पहचान लेल रंग-कोडिंग व्यवस्था लागू करबाक मांग दोहरौलनि। ई मांग पहिने सेहो कएल गेल छल, जाहि सं शहरी आ ग्रामीण क्षेत्र मे चलनिहार ऑटोक पहचान स्पष्ट भए सकय, मुदा एखन धरि एहि दिशा मे कोनो ठोस कदम नहि उठाओल गेल अछि।

दास कहलनि जे रंग-कोडिंग सं स्थानीय आ बाहरी वाहनक पहचान सहज भए जाएत। एहि सं बाहर सं आबि रहल ऑटो लेल निर्धारित स्थान तय कएल जा सकत आ स्थानीय चालक सभ कें अपन क्षेत्र मे यात्री बैसेबा मे सुविधा होएत। मुदा ओ स्पष्ट कएलनि जे परिवारक संग वा कोनो जरूरी काज सं आबि रहल बाहरी ऑटो चालक कें एहि नियम सं छूट देल जेबाक चाही।

## विविध

# एच1एन1क बढ़ैत मामिलाक बीच ककरा बेसी सावधान रहबाक जरूरत अछि? डॉक्टर बतौलनि

पछिला किछु दिन सं एच1एन1 आ फ्लूक मामिला फेर बढ़ैत देखाइ पड़ि रहल अछि। अस्पताल आ ओपीडी मे सेहो बोखार, खांसी, गला मे पीड़ा आ शरीर टूटबाक शिकायत लए कए पहुंचनिहार रोगीक संख्या बढ़ल अछि। एहि स्थिति मे लोक मे किछु चिंता होनाइ स्वाभाविक अछि। मुदा सब सं पहिने एकटा बात बुझनाइ जरूरी अछि। एच1एन1 कोनो नव वायरस नहि अछि। ई इंफ्लुएंजा ए केर एकटा प्रकार अछि आ आब मौसिमी फ्लूक हिस्सा बनि गेल अछि। बेसीतर लोक मे ई बेमारी किछु दिन मे ठीक भए जाइत अछि। तें प्रत्येक बोखार वा प्रत्येक एच1एन1 मामिला लए कए घबरायबाक जरूरत नहि अछि।

मुदा एकर दोसर पक्ष सेहो अछि। प्रत्येक रोगी लेल एकर खतरा समान नहि होइत अछि। एकटा स्वस्थ 25 वर्षीय युवक आ 70 वर्षक एहन व्यक्ति, जकरा डायबिटीज, हार्ट डिजीज आ सीओपीडी सेहो अछि, दूनू कें एके इंफ्लुएंजा भए सकैत अछि। मुदा दूनू मे खतराक स्तर बिल्कुल अलग अछि। हमर विचार सं एखन लोक कें एहि बात कें सब सं बेसी बुझबाक जरूरत अछि।



डॉक्टर सुचिन बजाज (एमबीबीएस, एमडी, एफआईसीबी, एफआरएसए, एफआईएसीएम) कहलनि जे 65 वर्ष सं बेसी उमेरक लोक मे इंफ्लुएंजा कें हल्का मे नहि लेबाक चाही। खास कए जं संग मे डायबिटीज, हार्ट डिजीज, किडनीक बेमारी, अस्थमा वा सीओपीडी जेहन कोनो बेमारी पहिने सं हो। बुजुर्ग रोगी मे कतेको बेर बहुत तेज बोखार सेहो नहि अबैत अछि। परिवार कें लगैत अछि जे मात्र कमजोरी अछि वा उमेरक कारण रोगी सुस्त अछि। मुदा जं अनचोके बहुत बेसी कमजोरी होमय लागय, सांस फूलय लागय, खाना-पानि कम भए जाय वा रोगी भ्रमित बुझाइ पड़य तं डॉक्टर कें देखेबा मे देरी नहि करबाक चाही।

5 वर्ष सं कम उमेरक बच्चा, खास कए 2 वर्ष सं छोट बच्चा मे फ्लू कतेको बेर शीघ्र बिगड़ि सकैत अछि। बच्चा कें बोखार आ खांसी अछि, मुदा ओ खेलि रहल अछि, पानि पी रहल अछि आ सामान्य तरहे सांस लए रहल अछि तं सामान्य रूप सं बहुत घबरायबाक जरूरत नहि होइत अछि। मुदा बच्चा बहुत सुस्त भए जाय, दूध वा पानि लेनाइ बंद कए दए, बेर-बेर उल्टी हो वा सांस बहुत तेज चलए लागय तं प्रतीक्षा नहि करबाक चाही। माता-पिता लेल सब सं महत्वपूर्ण बात थमार्मीटरक रीडिंग सं बेसी बच्चाक व्यवहार आ सांस लेबाक तरीका अछि।

सब सं बेसी चिंता ओहि रोगी कें लए होइत अछि, जकरा पहिने सं कोनो दीर्घकालिक बेमारी हो। डायबिटीजक रोगी मे संक्रमणक दौरान शुगर लेवल अनचोके बढ़ि सकैत अछि। अस्थमा वा सीओपीडीक रोगीक सांसक समस्या बढ़ि सकैत अछि। हार्ट डिजीज बला रोगी मे इंफ्लुएंजा शरीर पर अतिरिक्त दबाव दए सकैत अछि। किडनी, लिवर डिजीज वा कमजोर रोग-प्रतिरोधक क्षमता बला रोगी मे सेहो खतरा बेसी रहैत अछि।

कैंसरक उपचार वा कीमोथेरेपी लए रहल रोगी आ दीर्घ समय सं स्टेरॉयड वा रोग-प्रतिरोधक क्षमता कम कएनिहार दवा लए रहल लोक सेहो उच्च खतरा श्रेणी मे अबैत छथि। एहन रोगी कें सलाह अछि जे बोखार आ फ्लू जेहन लक्षण होए पर 3-4 दिन घर पर ई सोचि कए प्रतीक्षा नहि करथि जे अपने ठीक भए जाएत। शीघ्र अपन डॉक्टर सं बात करथि।

गर्भावस्था मे शरीर आ रोग-प्रतिरोधक क्षमता मे कतेको बदलाव होइत अछि। एहि कारण इंफ्लुएंजा सं जटिलता होबाक खतरा सामान्य सं बेसी भए सकैत अछि। गर्भवती महिला कें बोखार, खांसी, शरीर मे पीड़ा वा सांस सं संबंधित लक्षण होए तं अपने सं दवा लेबाक बदला डॉक्टर सं सलाह लेनाइ नीक होएत।

प्रत्येक एच1एन1 रोगी कें अस्पताल मे भर्ती करबाक जरूरत नहि होइत अछि। अधिकांश रोगी घर पर आराम, पर्याप्त तरल पदार्थ आ लक्षणक आधार पर उपचार सं ठीक भए जाइत छथि। मुदा किछु चेतावनी बला लक्षण कें नजरअंदाज नहि करबाक चाही। जं सांस लेबा मे कठिनाइ होमय लागय, ऑक्सीजन सैचुरेशन कम भए रहल हो, छाती मे पीड़ा हो, रोगी बहुत सुस्त वा भ्रमित हो, पानि नहि पी सकैत हो वा ठीक भेलाक बाद अनचोके फेर तेज बोखार आ खांसी शुरू भए जाय तं शीघ्र चिकित्सकीय सहायता लेबाक चाही।

# दीर्घकालिक खांसीक दुर्लभ कारण भए सकैत अछि सेरिबेलर टॉन्सिलर हर्निएशन

सामान्य कारण सभ कें बाहर कए देलाक बाद सेहो जं रोगी मे अस्पष्ट दीर्घकालिक खांसी बनल रहैत अछि, तं सेरिबेलर टॉन्सिलर हर्निएशन पर विचार करबाक चाही। बीएमसी पल्मोनरी मेडिसिन मे प्रकाशित एकटा हालक मामिला-विवरण सं ई बात सामने आएल अछि। एहि मे कहल गेल अछि जे पानि निगलबाक परीक्षण जेहन सरल चिकित्सकीय परीक्षणक संग सावधानीपूर्वक नैदानिक मूल्यांकन आ विभिन्न चिकित्सा विशेषज्ञक संयुक्त मूल्यांकन सं समय पर बेमारीक पहचान करबा मे सहायता भेटि सकैत अछि।



ई वेबसाइट मुख्य रूप सं स्वास्थ्य क्षेत्रक पेशेवर लोक लेल अछि। एतय देल सामग्री चिकित्सकीय सलाहक स्थान नहि लैत अछि आ एकरा चिकित्सा, निदान, समर्थन, उपचार वा दवा लिखबाक सलाहक रूप मे उपयोग नहि करबाक चाही। चिकित्सा विज्ञान तेजी सं विकसित होइत अछि आ वेबसाइट अपन जानकारी कें अद्यतन रखबाक प्रयास करैत अछि। जं अहां कें कोनो जानकारी मे विसंगति देखाइ पड़य तं वेबसाइट कें सुधार संबंधी नीति अनुसार जानकारी दए सकैत छी।

एतय देल कोनो सामग्री कें चिकित्सकीय सलाह, निदान वा उपचारक विकल्पक रूप मे उपयोग नहि करबाक चाही। चिकित्सकक सलाहक विरोध कएनिहार कोनो स्वास्थ्य संबंधी सलाहक समर्थन नहि कएल जाइत अछि। एहि वेबसाइटक उपयोग ओकर उपयोगक शर्त, निजता नीति आ विज्ञापन नीति अधीन अछि। विस्तृत जानकारी लेल वेबसाइटक पूर्ण अस्वीकरण पढ़बाक चाही।

स्वास्थ्य आ चिकित्सा संबंधी गलत जानकारीक विरुद्ध अभियान मे सहयोग करबाक अपील सेहो कएल गेल अछि। जं कोनो संदिग्ध स्वास्थ्य, चिकित्सा वा चिकित्सा शिक्षा संबंधी दावा देखाइ पड़य तं ओकर जांच लेल संबंधित तथ्य-जांच दल कें जानकारी देल जा सकैत अछि।

मेधा बरनवाल दिल्ली विश्वविद्यालय सं जैव-चिकित्सा विज्ञान मे स्नातक आ एमिटी विश्वविद्यालय सं जैव-प्रौद्योगिकी मे स्नातकोत्तर डिग्री प्राप्त केने छथि। मई 2018 सं ओ मेडिकल डायलॉग्स सं जुड़ल छथि आ स्वास्थ्य क्षेत्रक जटिल शोध कें स्वास्थ्य पेशेवरक लेल स्पष्ट आ सहज जानकारी मे प्रस्तुत करैत चिकित्सा समाचार लिखनाइ आ संपादन करैत छथि।

डॉक्टर कमल कांत कोहली एमबीबीएस, डीटीसीडी छथि आ 30 वर्ष सं बेसी समय सं छाती रोग विशेषज्ञक रूप मे काज कए रहल छथि। चिकित्सकीय लेख लिखबा मे रुचि रखनिहार डॉक्टर कोहली मेडिकल डायलॉग्स सं मुख्य चिकित्सा समाचार संपादकक रूप मे जुड़ल छथि।

# बरखाक समय गुरुग्राम एतेक जल्दी पानि सं कोना भरि जाइत अछि, कतय अछि कमी?

नई दिल्ली, एजेंसी

गुरुग्राम सं चिंताजनक तस्वीर सभ सोझां आयल। शहर मे बरखा शुरू भेलाक किछुए देर बाद बहुतो सड़क पानि मे डूबल देखायल। यातायातक गति थमि गेल आ कतेको ठाम गाड़ी पानिक बीच फंसि गेल। मुदा एहि बेर सभ सं चिंताजनक तस्वीर विद्यालयक बस सभक छल। बहुतो विद्यालय बस घंटो पानि आ जामक बीच फंसल रहल। बस मे बैसल बच्चा सभ घर पहुंचबाक प्रतीक्षा करैत रहल। हुनकर माता-पिता विद्यालय आ बस चालक सं संपर्क करबाक प्रयास करैत रहल। किछु रिपोर्टक अनुसार, बहुतो बच्चा तीन सं छः घंटा धरि बस मे फंसल रहल। दिल्ली-गुरुग्राम एक्सप्रेसवे, सुभाष चौक, राजीव चौक, आईएफएफसीओ चौक, नरसिंहपुर आ पुरान गुरुग्रामक कतेको भाग मे जलजमावक तस्वीर आ वीडियो सोशल मीडिया पर सोझां आयल। सोशल मीडिया पर लोक गुरुग्राम कें फेर साइबर सिटीक बदला स्ट्रेट ऑफ गुरुग्राम कहि व्यंग्य करैत देखायल। किछु लोक शहरक आधुनिक कार्यालय आ महग आवासीय क्षेत्र होइतहुं प्रत्येक बरखा मे होइत जलजमाव पर प्रश्न उठौलनि।







**24 अगस्त कें कतेक बरखा भेल? :** गुरुग्राम जिला प्रशासनक आंकड़ा अनुसार 24 अगस्त कें भोरे 8 बजे सं सांझ 5 बजे धरि गुरुग्राम तहसील मे 75 मिलीमीटर बरखा दर्ज भेल। बादशाहपुर मे 65 मिलीमीटर, वजीराबाद मे 64 मिलीमीटर, कादीपुर आ हरसरू मे 40-40 मिलीमीटर तथा मानेसर मे 36 मिलीमीटर बरखा दर्ज भेल। दुपहर 1.30 बजे धरि गुरुग्राम मे करीब 70 मिलीमीटर बरखा भए चुकल छल। भारत मौसम विज्ञान विभाग अर्थात आईएमडी दिल्ली-एनसीआर मे भारी वर्षाक चेतावनी जारी केने छल। वर्षाक बाद गुरुग्राम प्रशासन 25 अगस्त कें निजी आ कॉरपोरेट कार्यालय सभ मे घर सं काज करबाक तथा विद्यालय सभ मे ऑनलाइन कक्षा चलेबाक सलाह देलक। गुरुग्राम मे वार्षिक औसत बरखा करीब 500 सं 600 मिलीमीटरक आसपास बताओल जाइत अछि। हरियाणा प्रदूषण नियंत्रण बोर्डक जिला पर्यावरण योजनाक उपलब्ध आंकड़ा अनुसार वार्षिक औसत बरखा 505.4 मिलीमीटर अछि।

**शहर मे बरखा शुरू भेलाक किछुए देर बाद बहुतो सड़क पानि मे डूबल देखायल**

**लोकक प्रतिक्रिया :** गुरुग्राम मे रहनिहार लेखक आ टिप्पणीकार सुहैल सेठ सोशल मीडिया पर व्यंग्य करैत कहलनि जे गुरुग्रामक अधिकारी सभ कें दोष देब अन्याय होयत। आखिर मानसून मे बरखा होयत, ई उम्मीद ककरा छल? हुनकर टिप्पणी मे प्रत्येक वर्ष दोहराइत जलजमावक समस्या पर व्यंग्य छल। वरिष्ठ पत्रकार राजदीप सरदेसाई सेहो गुरुग्रामक शहरी आधारभूत संरचना पर प्रश्न उठौलनि। हुनकर अनुसार, गुरुग्राम मे देशक अत्यंत संपन्न लोक रहैत छथि, मुदा वर्षाक पानि निकालबाक ठोस व्यवस्था नहि अछि। वर्षाक एक दिन बाद फेर ओहने पुरान जलजमावक स्थिति देखाइत अछि। एनडीटीवीक वरिष्ठ पत्रकार आदित्य राज कौल सेहो व्यंग्य करैत कहलनि जे गुरुग्राम रातोरात वेनिस बनि गेल। हुनकर टिप्पणी मे प्रत्येक वर्ष जलजमावक समस्या दोहरेला पर प्रशासनक उदासीनताक आलोचना छल।

**साइबर सिटी होइतहुं गुरुग्राम बेहाल किएक? :** गुरुग्राम देशक प्रमुख कॉरपोरेट आ सूचना-प्रौद्योगिकी केंद्रक रूप मे चिन्हाइत अछि। ऊंच-ऊंच भवन, पैघ मॉल, महग आवासीय परियोजना आ आधुनिक कार्यालय शहरक पहिचान बनि गेल अछि। मुदा शहरक आधारभूत संरचना ओहि गति सं नहि बदलल, जाहि गति सं शहरक विस्तार भेल। एक दिस करोड़ो टाकाक घर-बाड़ी बला आवासीय क्षेत्र अछि, तं दोसर दिस ओही क्षेत्रक बाहर किछु घंटाक बरखा बाद सड़क सभ पानि मे डूबि जाइत अछि। गोल्फ कोर्स रोड, डीएलएफ आ दोसर महग आवासीय क्षेत्र सभ मे सेहो भारी बरखाक समय जलजमावक तस्वीर सोझां अबैत रहल अछि। तेज शहरीकरण, प्राकृतिक जलनिकास व्यवस्था मे परिवर्तन, जलाशय आ जलधाराक स्वरूप मे बदलाव, नाला सभक सीमित क्षमता आ अलग-अलग सरकारी संस्था सभक बीच समन्वयक कमी सं समस्या बेसी जटिल भए गेल अछि। नगर योजनाकार आ काउंसिल ऑफ आर्किटेक्चरक कार्यकारी समिति सदस्य पुनीत सेठीक अनुसार गुरुग्रामक समस्या दू स्तर पर अछि-पैघ स्तर आ स्थानीय स्तर। हुनकर मत मे शहरक जलनिकासी व्यवस्था मुख्य समस्या अछि। गुरुग्रामक प्रत्येक क्षेत्रक आवश्यकता अनुसार अलग आ सक्षम जलनिकास व्यवस्था होयबाक चाही, जे पर्याप्त रूप सं नहि अछि। शहरी योजना विशेषज्ञ साधिका तिवारीक अनुसार गुरुग्रामक जलजमाव कें मात्र भारी बरखा सं नहि बुझल जा सकैत अछि। शहरक विकास आ योजना प्राकृतिक जलनिकासी व्यवस्था कें प्रभावित केलक। अनियोजित शहरी विकास आ प्राकृतिक जलनिकास मार्ग मे भेल परिवर्तन सं बाढ़िक समस्या बढ़ल अछि। जुलाई मे सेहो भारी मानसूनी वर्षाक कारण गुरुग्राम जलमग्न भए गेल छल। मात्र 33 घंटा मे 115 मिलीमीटर बरखा भेल आ ओकर प्रभाव तुरंत देखायल। असल प्रश्न ई नहि अछि जे गुरुग्राम मे कतेक बरखा होइत अछि।

## सरकारक दावा

सरकारक दावा अछि जे गुरुग्रामक जलजमावक समस्या दूर करबाक लेल कतेको योजना पर काज भए रहल अछि। केंद्र सरकार अगस्त 2025 मे लोकसभा मे बतौने छल जे 2019 मे गुरुग्राम मे करीब 90 गंभीर जलजमाव स्थल चिन्हित कयल गेल छल। 2024 धरि एहि स्थल सभक संख्या घटि कए 30 रहि गेल। सरकारक अनुसार नाला सभ कें जोड़ब, गाद निकालब, नाला सभक विस्तार आ पुनर्निर्माण करब तथा प्राकृतिक जलधारा सभ कें पुनर्जीवित करबाक काज कयल गेल अछि। गुरुग्राम मे 544 किलोमीटर नाला सं गाद निकालल गेल अछि। भारी क्षमता बला पंप लगाओल गेल अछि आ मुख्य वर्षाजल निकास नाला सं संबंधित काज सेहो भेल अछि। मुदा 24 अगस्त आ ओकरा सं पहिने जुलाई मे भेल भारी बरखा देखौलक जे सरकारी प्रयास एखन धरि गुरुग्राम कें जलजमाव सं बचयबाक लेल पर्याप्त नहि भेल अछि।

# एलएसी पर शांति आ संबंध मे सुधार... चीन मे एनएसए डोभालक बैसार

बीजिंग, एजेंसी



भारत आ चीनक बीच संबंध मे जमल तनाव कें कम करबाक प्रयासक क्रम मे भारतक राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार (एनएसए) अजीत डोभाल चीन पहुंचल छथि। दू दिवसीय चीन यात्रा पर गेल डोभाल मंगलदिन चीनक उपराष्ट्रपति हान झेंग सं द्विपक्षीय भेंट केलनि। बैठक मे दुनू नेता सीमा पर शांति आ स्थिरता बनौने रखबाक संग-संग दुनू देशक द्विपक्षीय संबंध कें आओर मजबूत करबाक उपाय पर विचार-विमर्श केलनि।

ई बैठक एनएसए अजीत डोभाल आ चीनक विदेश मंत्री वांग यी बीच मंगलदिन होमयबला 25म चरणक सीमा वार्ताक ठीक पहिने भेल। चीन मे भारतीय दूतावास सोशल मीडिया एक्स पर एहि भेंटक जानकारी देलक। दूतावासक अनुसार, 25 अगस्त कें भारत-चीन सीमा प्रश्न पर विशेष प्रतिनिधि आ एनएसए अजीत डोभाल चीनक उपराष्ट्रपति हान झेंग सं शिष्टाचार भेंट केलनि।

**की भेल बात? :** बैठकक क्रम मे दुनू नेता सीमा पर शांति बढ़ेबाक उपाय पर चर्चा केलनि। एकरा संग दुनू देश आर्थिक आ राजनीतिक द्विपक्षीय संबंध कें नीक बनेबाक दिशा मे सेहो जोर देलनि। विदेश मंत्रालय एहि बातचीत कें रचनात्मक आ दूरदर्शी बतौने अछि। मंत्रालयक अनुसार, भारत आ चीनक संबंध कें फेर सामान्य मार्ग पर अनबाक दिशा मे ई एकटा महत्वपूर्ण डेग अछि। विदेश मंत्रालयक प्रवक्ता रणधीर जायसवाल पहिने कहलनि जे दुनू पक्ष द्विपक्षीय संबंधक हालक घटनाक्रमक समीक्षा केने अछि आ धीरे-धीरे सामान्य भए रहल स्थिति पर संतोष व्यक्त केने अछि। एनएसए डोभाल सेहो कहलनि जे स्थिर आ सकारात्मक संबंध दुनू देशक बीच विश्वास आ नीक समझ विकसित करबा मे सहायक होइत अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंगक बीच भेल भेंटक बाद दुनू देशक संबंध सामान्य करबाक प्रयास जारी अछि। दुनू नेताक अंतिम भेंट अगस्त 2025 मे तियानजिन मे शंघाई सहयोग संगठनक सम्मेलन सं अलग भेल छल। वर्ष 2020 मे गलवान घाटी मे भेल झड़प आ पूर्वी लद्दाख मे दीर्घकाल धरि चलल सैन्य गतिरोधक बाद भारत-चीन संबंध मे बहुत तनाव आबि गेल छल। मुदा तकर बाद दुनू पक्ष संबंध कें स्थिर करबाक लेल कतेको डेग उठौलक।

**ब्रिक्स सम्मेलन मे भाग लेबा लेल सितंबर मे भारत आबि सकैत छथि जिनफिंग**

**जयशंकर सेहो देलनि संकेत :** डोभाल आ वांग यी बीच वार्ताक पहिने विदेश मंत्री एस. जयशंकर शनिदिन फेर कहलनि जे चीनक संग नीक संबंध लेल सीमा क्षेत्र मे शांति आ स्थिरता आवश्यक अछि। ई टिप्पणी अरुणाचल प्रदेशक ऊपरी सुबनसिरी क्षेत्र मे चीनी सैनिकक कथित आक्रामक रुखक खबरिक बीच आयल। चीन अरुणाचल प्रदेश पर अपन दावा करैत एकरा दक्षिण तिब्बतक हिस्सा बतबैत अछि आ 2017 सं एहि क्षेत्रक लेल अपन नाम जारी करैत रहल अछि।

# ईरान हमर बेटाक हत्या करबाक प्रयास केलक : बेंजामिन नेतन्याहू

**तेल अवीव, एजेंसी।** इजरायलक प्रधानमंत्री बेंजामिन नेतन्याहू ईरान पर गंभीर आरोप लगौलनि अछि। नेतन्याहूक दावा अछि जे ईरान हुनकर एक बेटाक हत्या करबाक प्रयास केने छल। कहल जाइत अछि जे हत्या करबाक एहि कथित षड्यंत्रक जानकारी कतेको मास सं छल, मुदा एकरा सार्वजनिक करबा पर रोक लगाओल गेल छल। आब स्वयं नेतन्याहू आगू आबि ईरान पर आरोप लगौलनि छथि। इजरायलक चैनल 14 कें देल एकटा दूरभाष साक्षात्कार मे नेतन्याहू कहलनि जे एकटा अविश्वसनीय घटना भेल अछि। ईरान हमर



एक बेटा कें निशाना बनौलक आ ओकर हत्या करबाक प्रयास केलक। मुदा साक्षात्कारक क्रम मे ई स्पष्ट नहि भेल जे हुनकर दुनू बेटा मे सं के निशाना छल। ओतहि ईरान दिस सं एखन धरि एहि आरोप पर कोनो प्रतिक्रिया नहि आयल अछि। नेतन्याहूक तीन संतान छथि। 35 वर्षीय पैघ बेटा याइर नेतन्याहू 2024क आरंभ सं अमेरिका केर मियामी मे रहि रहल छथि। हुनका शिन बेटक सुरक्षा प्राप्त अछि। हुनकर छोट बेटा अवनेर सार्वजनिक चकाचौंध सं बहुत हद धरि दूर रहैत छथि आ इजरायल मे रहैत छथि। नेतन्याहूक एक बेटी नोआ नेतन्याहू–रोथ सेहो छथि, जे यरुशलम मे रहैत छथि।

**सुरक्षाक मुद्दा पर बहस :** नेतन्याहूक ई दावा एहन समय मे आयल अछि, जखन घरेलू सुरक्षा एजेंसी शिन बेट पूर्व सेना प्रमुख गादी आइजेनकोटक सुरक्षा देबा सं मना केने अछि। नेतन्याहू अपना लेल 24 घंटाक सुरक्षा व्यवस्थाक समर्थन करैत कहलनि जे ईरान हुनकर बेटाक हत्या करबाक प्रयास केने अछि, तें सुरक्षा कोनो विलासिता नहि, बल्कि आवश्यक अछि।

# स्वाइन फ्लू सं दिल्ली मे डर, मामिला 2300 पार, मुख्यमंत्री बजौलनि इमरजेंसी मीटिंग



नई दिल्ली, एजेंसी

दिल्ली मे एच1एन1 इन्फ्लुएंजाक बढ़ैत मामिला कें देखैत मुख्यमंत्री रेखा गुप्ता आपात बैठक बजौलनि अछि। स्वास्थ्य मंत्री पंकज सिंह एहि संबंध मे जानकारी दैत कहलनि जे एहि वर्ष दिल्ली मे इन्फ्लुएंजाक करीब 3 हजार मामिला सोझां आयल अछि, जाहि मे 2,308 मामिला एच1एन1 संक्रमणक अछि। स्वास्थ्य मंत्री कहलनि जे चिकित्सक, स्वास्थ्यकर्मी अथवा औषधि सभक कोनो कमी नहि अछि। मुख्यमंत्री आपात समीक्षा बैठक बजौलनि अछि आ सभ किछु नियंत्रण मे अछि। स्वास्थ्य विभाग, नगर निगम, एनडीएमसी आ दिल्ली छावनी बोर्डक वरिष्ठ अधिकारी सभक संग समीक्षा बैठकक बाद ओ ई बात कहलनि। बैठक मे दिल्ली मे एच1एन1, मौसमी इन्फ्लुएंजा तथा मच्छर सं फैलनिहार रोग सभक रोकथाम लेल कयल गेल व्यवस्था आ तैयारीक समीक्षा कयल गेल।

**मंत्री कहलनि, सभ किछु नियंत्रण मे :** पंकज सिंह कहलनि जे एच1एन1 आ डेंगू कें लए कए बैठक भेल, जाहि मे एनडीएमसी, नगर निगम आ छावनी क्षेत्रक अधिकारी सभ कें सेहो बजाओल गेल छल। दिल्लीक वर्तमान स्थिति बुझबाक लेल सेहो समीक्षा कयल गेल। ओ कहलनि जे लोक कें डरेबाक कोनो आवश्यकता नहि अछि। अस्पताल सभ मे पर्याप्त बेड, चिकित्सक आ औषधि उपलब्ध अछि। मंत्रीक अनुसार, दुनू प्रकारक इन्फ्लुएंजा मिला कए करीब 3 हजार रोगी भेटल छथि, जे उपचारक बाद स्वस्थ भए कए अस्पताल सं छुट्टी पाबि रहल छथि। एच1एन1क 2,308 मामिला अछि, जखन कि दोसर प्रकारक करीब 600 सं 650 मामिला अछि। डेंगूक सेहो करीब 2,200 मामिला सोझां आयल अछि। मंत्री कहलनि जे एखन धरि एहि रोग सभ सं कोनो मृत्यु नहि भेल अछि। कोनो रोगीक अवस्था गंभीर नहि अछि आ कोनो रोगी कें आईसीयू अथवा कृत्रिम श्वास यंत्र पर रखबाक आवश्यकता नहि पड़ल अछि। अधिकांश रोगी सामान्य ज्वरक लक्षण लए कए आबि रहल छथि आ उपचारक बाद स्वस्थ भए कए घर जा रहल छथि।

**स्वास्थ्य मंत्री कहलनि, चिकित्सक, स्वास्थ्यकर्मी अथवा औषधि सभक कोनो कमी नहि अछि**

**की अछि एच1एन1 वायरस? :** चिकित्सक सभक अनुसार, एच1एन1 वायरस कें सामान्यतः स्वाइन फ्लू कहल जाइत अछि। एहि मे सामान्यतः ज्वर, खांसी, गला मे खराश, माथ दुखेनाइ, शरीर मे पीड़ा आ थकान सन लक्षण देखाइत अछि। चिकित्सक सभ लगातार तेज ज्वर, सांस लेब मे कठिनाइ अथवा छाती मे पीड़ा भेला पर तुरंत चिकित्सकीय सहायता लेबाक सलाह देलनि अछि।

# पीओके मे तनावक बीच पैघ घोषणा, पाकिस्तानक विरुद्ध जेएएसी शुरू केलक नव आंदोलन



नई दिल्ली, एजेंसी

पाकिस्तानक अवैध कब्जा बला जम्मू-कश्मीर मे अशांति थमबाक नाम नहि लए रहल अछि। ज्वाइंट अवामी एक्शन कमेटी (जेएएसी) पीओके मे विरोध-प्रदर्शनक नव चरणक घोषणा केने अछि। समिति बुनियादी अधिकारक निरंतर हनन, अपर्याप्त स्वास्थ्य सेवा आ शिक्षा सुविधा तथा प्रदर्शनकारी सभक कथित उत्पीड़नक विरोध मे आंदोलन तेज करत। रावलकोट मे भेल बैठक मे समिति विरोध-प्रदर्शन आ जन-जुटानक नव कार्यक्रम कें अंतिम रूप देलक। 26 अगस्त (12 रबी-उल-अव्वल) कें संपूर्ण क्षेत्र मे क्रांतिक पैगंबर सम्मेलनक संग विरोध-प्रदर्शन कयल जायत। धार्मिक विद्वान सभ सं पैगंबर मुहम्मदक शिक्षा तथा उत्पीड़न, अज्ञानता, अत्याचार आ शोषणक विरुद्ध हुनकर संघर्ष पर अपन विचार रखबाक आग्रह कयल गेल अछि।

**29 अगस्त कें शिक्षा आ स्वास्थ्य लेल प्रदर्शन :** 29 अगस्त कें हमरा लेल स्वास्थ्य आ शिक्षा किएक नहि? नाराक संग प्रदर्शन कयल जायत। ई प्रदर्शन विद्यालय, महाविद्यालय, विश्वविद्यालय आ चिकित्सा सुविधा मे कथित कमी पर केंद्रित रहत। समिति महिला आ विद्यार्थी सभ सं विशेष रूप सं एहि प्रदर्शन मे भाग लेबाक आग्रह केने अछि। रावलकोट धरना मे सम्मिलित होमयबला लोक सं वर्दी पहिरि कए आबयबाक अनुरोध कयल गेल अछि। ई आंदोलन आर्थिक राहति, सार्वजनिक सेवा आ बेसी अधिकारक मांग बला व्यापक अभियानक हिस्सा अछि। समिति स्पष्ट केलक जे मांग पूरा नहि होय धरि ओकर शांतिपूर्ण राजनीतिक संघर्ष जारी रहत।

**गुमशुदगी आ गिरफ्तारी प्रमुख मुद्दा :** समिति रावलकोट, इस्लामपुर आ जम्मू-कश्मीरक अन्य भाग सं जबरन लापता कयल गेल लोक सभक तत्काल खोज आ मुक्ति करबाक मांग केने अछि। एहि क्रम मे कमेटी कोटक सदस्य जिया-उल-मलिक, फैसल मंशा आ मोहम्मद बिलावल केर नाम लेल गेल अछि। कोर कमेटी सदस्य शौकत नवाज मीर कें गैरकानूनी हिरासत मे रखबाक तथा बारंबार नोटिस देलाक बादो अदालत मे प्रस्तुत नहि करबाक आरोप लगाओल गेल अछि। समिति हुनका न्यायालयक समक्ष प्रस्तुत करबाक आ परिवार सं भेंट करबाक अनुमति देबाक मांग केने अछि। रावलपिंडी आ इस्लामाबाद मे गिरफ्तार शांतिपूर्ण प्रदर्शनकारी - महिला आ विद्यार्थी सहित सभक रिहाइक मांग सेहो कयल गेल अछि।

**26 अगस्त कें कएल गेल अछि आंदोलनक आह्वान**

**पाकिस्तान पर आपूर्ति रोकबाक आरोप :** समिति पाकिस्तानी अधिकारी सभ पर पीओके मे आवश्यक वस्तुक आपूर्ति बाधित करबाक आरोप लगौने अछि। खाद्य सामग्री आ औषधि लए कए जा रहल वाहन सभ कें रोकि सामान उतरबय तथा पंजाब पुलिस द्वारा वाहन मालिक आ परिवहनकर्ता सं कथित रूप सं धन वसूलीक आरोप लगाओल गेल अछि। समिति एकरा दमनकारी कारबाइ बतबैत पाकिस्तानी सेनाक हाथे नागरिकक कथित उत्पीड़नक निंदा केने अछि। ओतहि विदेश मे रहनिहार कश्मीरी सभ सं 30 अगस्त कें लंदन मे प्रस्तावित दस लाख लोकक मार्च मे भाग लेबाक आ ब्रिटिश सांसद सभ सं आंदोलन पर अपन विचार व्यक्त करबाक आग्रह कयल गेल अछि। एकरा सं पहिने समिति बिजली बिल आ अन्य करक बहिष्कार करबाक आह्वान सेहो कयने छल।

# महिला एशिया कप : श्रीलंका टीम मे चोटिल विहंगाक स्थान पर मीपेज शामिल



श्रीलंका कें महिला टी-20 एशिया कप 2026 सं पहिने एकटा झटका लागल अछि। टीमक ऑलराउंडर देवमी विहंगा अभ्यास सत्रक दौरान दहिना घुटना मे चोट लगलाक कारण टूनामेंट सं बाहर भए गेल छथि। क्रिकइन्फोक रिपोर्टक अनुसार, चोटिक कारण विहंगा टीमक संग संयुक्त अरब अमीरात नहि गेल छथि। श्रीलंका 15 सदस्यीय टीम मे हुनकर जगह बामा हाथक स्पिनर निमाशा मीपेज कें शामिल केने अछि। बता दी जे विहंगा कें सीनियर टीमक संग पदार्पण करबाक प्रतीक्षा छलनि। चमारी अथापट्टू 15 सदस्यीय श्रीलंका टीमक कप्तान छथि। हर्षिता समरविक्रमा कें उपकप्तान बनाओल गेल अछि। गत विजेता श्रीलंका कें ग्रुप बी मे बांग्लादेश, मेजबान संयुक्त अरब अमीरात आ पहिल बेर टूनामेंटक हिस्सा बनल इंडोनेशिया संग राखल गेल अछि।

श्रीलंकाक उम्मीद तेज गेंदबाज मिताली अयोध्या आ चेतना विमुक्तिक वापसी सं सेहो बढ़ल अछि। दूनू हंबनटोटा मे पाकिस्तानक विरुद्ध श्रीलंकाक हालक टी-20 श्रृंखला मे शामिल नहि छलथि। श्रीलंका ई श्रृंखला 2-1 सं जीतने छल। महिला एशिया कप 2026क आयोजन 28 अगस्त सं 13 सितंबर धरि संयुक्त अरब अमीरात मे होएत। सभ मैच दुबई इंटरनेशनल स्टेडियम मे खेलल जाएत। सभ 8 टीम कें दू समूह मे बांटल गेल अछि। ग्रुप ए मे हांगकांग, भारत, पाकिस्तान आ थाइलैंड अछि। ग्रुप बी मे श्रीलंका केर अतिरिक्त बांग्लादेश, मेजबान संयुक्त अरब अमीरात आ पहिल बेर टूनामेंट मे शामिल भेल इंडोनेशिया अछि। प्रत्येक समूह सं शीर्ष दू टीम 10 आ 11 सितंबर कें होमय बला सेमीफाइनल मे पहुंचत, जखनकि फाइनल मोकाबला 13 सितंबर कें होएत। श्रीलंका 29 अगस्त कें संयुक्त अरब अमीरात, 2 सितंबर कें इंडोनेशिया आ 6 सितंबर कें बांग्लादेशक विरुद्ध खेलत। श्रीलंका 2024क फाइनल मे सात बेरक विजेता भारत कें हरा कए दांबुला मे अपन घरेलू दर्शकक सामने पहिल एशिया कप खिताब जीतने छल। आगामी टूनामेंट महिला एशिया कपक 10म संस्करण अछि आ संयुक्त अरब अमीरात मे पहिल बेर आयोजित भए रहल अछि।

### महिला एशिया कप लेल श्रीलंकाक अद्यतन टीम

चमारी अथापट्टू (कप्तान), इमेशा दुलानी, संजना कविंदी, विशमी गुणरत्ने, हर्षिता समरविक्रमा (उपकप्तान), कविशा दिलहारी, नीलाक्षिका सिल्वा, हसिनी परेरा, कौशिनी नुथ्यांगना (विकेटकीपर), निमाशा मीपेज, सुगंधिका दसनायका, चामुडी प्रबोदा, चेतना विमुक्ति, काव्या कविंदी आ मिताली अयोध्या।

# महिला डीपीएल : साउथ दिल्ली सुपरस्टार्ज सेंट्रल दिल्ली क्वींस कें 11 रन सं हरौलक



दिल्ली प्रीमियर लीग (डीपीएल) 2026क महिला वर्ग मे साउथ दिल्ली सुपरस्टार्ज शानदार ऑलराउंड प्रदर्शन करैत सेंट्रल दिल्ली क्वींस कें 11 रन सं हरा देलक। बरखाक कारण 8 ओवर धरि सीमित एहि मोकाबला मे साउथ दिल्ली पहिने बल्लेबाजी करैत 6 विकेट पर 68 रन बनौलक, जकर जवाब मे सेंट्रल दिल्लीक टीम 5 विकेट पर मात्र 57 रन बना सकल।

अरुण जेटली स्टेडियम मे साउथ दिल्लीक कप्तान श्वेता सहरावत 21 गेंद मे 3 चौकाक मदति सं 26 रन बना टीमक पारी कें संभारलनि। तनिषा सिंह सेहो 13 गेंद पर 19 रनक उपयोगी योगदान देलनि। एकर पहिने प्रिया पुनिया तेज शुरूआत करैत 4 गेंद मे 9 रन बनौने छलथि। सेंट्रल दिल्ली दिस सं सुमिति सोनी आ मेधावी बिधूड़ी 2-2 विकेट लए विपक्षी बल्लेबाज सभ पर दबाव बनौने रखलनि।

69 रनक लक्ष्यक पीछा करैत सेंट्रल दिल्ली क्वींसक शुरूआत बेहद खराब रहल आ टीम पहिलुके गेंद पर अपन पहिल विकेट गमा देलक। एकर बाद दीक्षा शर्मा 16 गेंद मे 4 चौकाक मदति सं 22 रन बना पारी कें संभारबाक प्रयास कएलनि, मुदा 6म ओवर मे हुनकर रन आउट भेलाक बाद टीमक मुश्किल बढ़ि गेल। अरुषि गोयल 14 आ मोनिका 9 रन बनौलनि, मुदा लक्ष्य धरि पहुंचबाक लेल ई पर्याप्त नहि रहल। साउथ दिल्ली दिस सं रूपाली विश्व मोहन, दिशा नागर आ एकता भदाना 1-1 विकेट लेलनि। अनुशासित गेंदबाजी आ चुस्त क्षेत्ररक्षणक दम पर साउथ दिल्ली मोकाबला 11 रन सं अपन नाम कए लेलक।

# पुरुष हॉकी विश्व कप : अर्जेंटीना सं भारतक 3-5 सं हारि, सेमीफाइनलक दौड़ सं बाहर



एफआईएच पुरुष हॉकी विश्व कप 2026 मे सोमदिन भारतीय टीमक खिताबी सपना चकनाचूर भए गेल। भारत कें नीदरलैंडक एम्स्टेलवीन मे वैगनर हॉकी स्टेडियम मे 'पूल-ई' केर मोकाबला मे पूर्व ओलंपिक स्वर्ण पदक विजेता अर्जेंटीना सं 3-5 सं हारक सामना करए पड़ल।

अर्जेंटीनाक विरुद्ध भारत कें 'फाइनल थर्ड' यानी मैदानक आखिरी हिस्सा मे नीक मूवमेंट, गोलक सामने बेसी सटीकता आ भेटल अवसर कें गोल मे बदलबाक लेल बेसी आक्रामक रवैयाक जरूरत छल। चुनौती पैघ छल, मुदा विश्व कप मे अपन उम्मीद कायम रखबाक लेल भारत लग अपन पूरा ताकत झोंकबाक अतिरिक्त कोनो विकल्प नहि छल। मुदा भारतीय टीम अर्जेंटीना विरुद्ध भेटल अवसरक लाभ उठेबा मे असफल रहल। अर्जेंटीना अपन क्षमता अनुरूप खेल देखौलनि आ भारतीय टीम कें बेसी अवसर नहि देलक। मोकाबलाक पहिलुके मिनट मे टोस्कानी जोआक्विन खाता खोललनि। एकर बाद 6म मिनट मे डेला टोरे निकोलस गोल कए अर्जेंटीनाक बढ़त दोगुना कए देलनि। एकर बाद 10म मिनट मे सुखजीत सिंह गोल कए भारतक खाता खोललनि। अंततः पहिल हाफ 2-1 सं अर्जेंटीनाक पक्ष मे रहल। एकर बाद दोसर हाफ मे कोनो गोल नहि भेल। तेसर हाफ मे दू गोल देखय कें भेटल। 33म मिनट मे डोमेने टॉमस गोल कए अर्जेंटीना कें 3-1 सं आगू कए देलनि। 45म मिनट मे ओ अपन दोसर गोल कए टीम कें 4-1 सं आगू कए देलनि। 53म मिनट मे टोस्कानी लुकास गोल कएलनि। एकर बाद 58म मिनट मे सुखजीत सिंह आ 60म मिनट मे हार्दिक सिंह गोल कए भारतक हारिक भेद कम कएलनि।

उल्लेखनीय अछि जे 'पूल-डी' मे भारतीय टीम 3 मे सं 2 मोकाबला जीतलाक बाद अंक तालिका मे दोसर स्थान पर रहैत आगूक दौर मे पहुंचल छल। भारत वेल्स कें 3-1 सं हरौलाक बाद इंग्लैंडक हाथों 2-4 सं हारक सामना केने छल। अपन तेसर मोकाबला मे भारत पाकिस्तान कें 5-3 सं हरा देने छल। एकर बाद 'पूल-ई' मे भारतीय टीम कें एको जीत नहि भेटि सकल। नीदरलैंडक विरुद्ध 1-3 सं हारलाक बाद भारतक सेमीफाइनल मे पहुंचबाक उम्मीद एहि बात पर टिकल छल जे ओ अर्जेंटीना कें चारि गोलक भेद सं हराबय आ संगहि दोसर मोकाबलाक परिणाम सेहो ओकर पक्ष मे हो। मुदा अपन दोसर मोकाबला मे भारत दू गोलक भेद सं हारि गेल। भारत टूनामेंटक दोसर चरण मे एको अंक अर्जित नहि कए सकल।

ओलंपिक खेल 2016 केर स्वर्ण पदक विजेता अर्जेंटीना दोसर चरणक अपन पहिल मोकाबला मे इंग्लैंड कें 3-1 सं हरौने छल। दोसर मोकाबला मे जीतक बाद आब ई टीम 6 अंकक संग नीदरलैंडक बराबरी करैत शीर्ष स्थान पर पहुंचि गेल अछि। सोमदिन इंग्लैंड आ नीदरलैंडक बीच मोकाबला खेलल जाएत, जाहि सं पूल मे शीर्ष दू स्थान आ सेमीफाइनल मे पहुंचनिहार दू टीमक फैसला होएत।

# हॉकी विश्व कप : भारतीय पुरुष आ महिला टीम बाहर पीआर श्रीजेश कहलनि- मुश्किल सवाल के पूछत?



भारतीय पुरुष आ महिला हॉकी टीम हॉकी विश्व कप 2026 सं बाहर भए गेल अछि। दूनू टीम दोसर दौर मे बाहर भेल। भारतीय पुरुष टीम कें दोसर दौर मे नीदरलैंड आ अर्जेंटीना सं भेटल हारिक बाद प्रतियोगिता सं बाहर होमय पड़ल। विश्व कप सं बाहर भेलाक बाद पुरुष हॉकी टीमक 1975 सं हॉकी विश्व कप मे पदक जीतबाक प्रतीक्षा आओर बढ़ि गेल अछि। भारतीय पुरुष आ महिला हॉकी टीम विश्व कप सं बाहर भेलाक बाद पुरुष टीमक पूर्व गोलकीपर आ ओलंपिक पदक विजेता टीमक हिस्सा रहल पीआर श्रीजेश सोशल मीडिया पर पोस्ट कए भारतीय हॉकी मे जिम्मेदारीक स्तरपर सवाल उठौलनि। श्रीजेश एक्स पर लिखलनि, चिंता नहि करू, विश्व कप सं कोनो फर्क नहि पड़ैत अछि। एशियाई खेल आबि रहल अछि। ओतय पदक जीतू आ फेर हम लॉस एंजिल्स 2028क सपना देखब शुरू कए सकैत छी। जाहिर अछि, विश्व कप मे जे किछु गलत भेल, ओकरा ढकबाक लेल ई पर्याप्त अछि। ओ आगू लिखलनि, विश्व कप सं ठीक पहिने महिला टीमक मुख्य कोच छुट्टी पर छलाह—आ लड़की सभ तैयो पूरा जान लगा कए लड़ली आ उम्मीद सं बेसी नीक प्रदर्शन कएली। एकर श्रेय खेलाड़ी सभ कें जाइत अछि, मुदा जिम्मेदारी कतय अछि? की हम सचमुच उम्मीद करैत छी जे टीम अपन सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन करत, जखन मुख्य कोच तैयारीक आखरी चरण मे बाहर रहथि? श्रीजेश लिखलनि, पुरुष टीम एकटा शीर्ष टीम सं हारि जाइत अछि। ई सीखबाक अनुभव अछि। एकटा एशियाई टीम कें हरा दैत अछि, शानदार जीत। नीक हॉकी खेलैत अछि। नीक प्रदर्शन। मुदा एतय एकटा कठिन सवाल अछि। की हम नीक हॉकी खेलबाक लेल टीम बना रहल छी, वा दुनियाक श्रेष्ठ टीम सभक विरुद्ध जीत हासिल करबाक क्षमता बला टीम? सीखबाक, नीक हॉकी आ आबि रहल टूनामेंटक पछाड़ि नुकाएब बंद करू।

धन्यवाद
मिथिला
10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि।भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि।अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहुक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार




# 'ट्राई सीरीज' लेल जिंबाब्वेक टीम घोषित क्रेमरक वापसी, रजा संभारताह कमान



जिंबाब्वे दक्षिण अफ्रीका आ नामीबियाक विरुद्ध होमय बला आगामी 'ट्राई सीरीज' लेल अपन टीमक घोषणा कए देने अछि, जाहि मे अनुभवी स्पिनर ग्रीम क्रेमरक वापसी भेल अछि। 15 सदस्यीय टीमक कमान सिकंदर रजा कें देल गेल अछि। क्रेमर बामा हाथक चोट सं उबरलाक बाद एहि टीमक हिस्सा बनल छथि।

39 वर्षीय ग्रीम क्रेमर टी20 विश्व कप 2026 मे खेललाक बाद टीम मे शामिल भेल छथि। वर्ष 2018क बाद टीम लेल नहि खेललाक बाद ओ 2025क अंत मे वापसी केने छलाह आ एकर बाद अगिला वर्ष भारत आ श्रीलंका मे भेल टी20 टूनामेंट मे खेलल छलाह।

टीमक किछु खेलाड़ी चोटिक कारण एहि श्रृंखला मे हिस्सा नहि लए सकताह। एक दिस तेज गेंदबाज रिचर्ड नगारवा पीठक निचला भागक चोट सं उबरि रहल छथि। रिचर्ड नगारवा जिंबाब्वेक वनडे आ टेस्ट कप्तान छथि। अगिला मास ऑस्ट्रेलियाक विरुद्ध वनडे श्रृंखला सं पहिने हुनका पर नजरि राखल जा रहल अछि।

दोसर दिस तेज गेंदबाज तनाका चिवंगा सेहो अकिलीज टेंडनक चोटिक कारण सर्जरी भेलाक बाद श्रृंखला सं बाहर भए गेल छथि। ओतहि अनुभवी बल्लेबाज ब्रेंडन टेलर कें टीम मे नहि चुनल गेल अछि।

दक्षिण अफ्रीका आ नामीबिया पहिनहि श्रृंखला लेल अपन-अपन टीमक घोषणा कए चुकल अछि। गेरहार्ड इरास्मस नामीबियाक कमान संभालताह। एहि टीम मे जान फ्रिलिंक, जेजे स्मिट, जान निकोल लोफ्टी-ईटन, रूबेन ट्रंपेलमैन आ बर्नार्ड शोल्ट्ज जेहन अनुभवी खेलाड़ी शामिल छथि।

ओतहि दक्षिण अफ्रीका एहि ट्राई सीरीज लेल दोसर श्रेणीक टीम चुनने अछि, जकर कमान ब्योर्न फोर्टुइन कें देल गेल अछि। एहि टीम मे मात्र डेवाल्ड ब्रेविस, लुआन-ड्रे प्रेटोरियस आ क्वेना मफाका मुख्य खेलाड़ी छथि।

ई ट्राई सीरीज 28 अगस्त सं विंडहोक मे शुरू होएत। श्रृंखला डबल-राउंड रॉबिन प्रारूप मे होयत, जाहि मे शीर्ष दू टीम 6 सितंबर कें फाइनल मे खेलत।

### टी-20 श्रृंखला लेल जिंबाब्वेक टीम

सिकंदर रजा (कप्तान), ब्रायन बेनेट, रयान बर्ल, ग्रीम क्रेमर, बेन कुरेन, ब्रैड इवांस, इनोसेंट कैया, वेस्ली मधेवेरे, तदिवानाशे मारुमानी, वेलिंगटन मसाकाद्जा, कुंडाई माटिगिमु, ब्लेसिंग मुजारबानी, डायोन मायर्स, न्यूमैन न्यामहुरी आ तफदजवा त्सिगा।

वर्ष 16, अंक 344 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053